kang siniyan dhatèng ing Hyang Purba
ing prang guna santosané⁴⁷

⁴⁷ BL MS. 'malèbèng', one sy. too many in line.

tan mirib kèhing Ngratu
Sabrang Jawi binèdhah sami
umiyat langkung hébat
jrihnya sakèlangkung
lir pinayungan malékat
kukuwungnya wong Jawi binirat sami
mila kèkès kang manah

3. pan dinukan mri(ng) Hyang Maha Sukci
saking kathahnya durakanira
sabarang-barang kaliré
mila Jèng Pangran iku
nurut ngandèl dhatèng wong I(ng)gris
sèmantèn wus binè(k)ta^b
Gris mangurung-urung
samyang ngliga sabètira
udakawis sawidak Inggris ngubèngi
wadya buyar sèdaya

4. amung gangsalwèlas winètawis
inggang dhèrèk wadya Kadipatyan
kèlbèng kang nuntun kudané
tan watèn inggang sèpuh
mung pun Amad Ngusman⁴⁷ pribadi
sadaya pan lumajar
garwanya kang tumut
pjah-gèsang gring myang wirang
mung kèkalih sèpuh / Dèn Ayu Dipati
sutanta Sradiningrat

f.24r

5. ibunya suta Sinuwun Syargi⁴⁸
wus puputra jalu gih binè(k)ta^b
Radèn Mas Bagus namané
ginéndhong taksih timur
yusya sangang^{48a} warsa dinugi
garwa inggang satunggal
Sang Rètina puniku
Adiningdyah inggang putra
Pangran Arya gih wayah Sinuwun Syargi
éyang sing Bèlambang⁴⁹

6. myang langènnya Pangéran Dipati
catur Mas Ajèng Surtikawatya⁵⁰
anggéndhong dhatèng wayahé
myang putra Radyan Ayu
Martawijaya kang kèkalih
Mas Réjaningsih lawan
Mas Sèsmita^{50a} nglangun
palara-rara satunggal

amlas-asih sadaya inggang pawèstri
samyang angèmu waspa

7. putra kakung kang wus diwasa tri
kang sèpuh Rahadyan Ontawirya
Dyan Sumawijaya riné
Dyan Poncakusumèku⁵¹
samyang dharat anganan-ngé(ng)
dhumatèng inggang rama
tyas sampun kawèngku
dènkadi Danupèrtala
tan gumi(ng)sir narah Hyang Labuh^c ramèki
tuwin Pangéran Arya

8. mugèng wuri nèng luhuring wajik
abdi kantun kawanwlas kang trèсна
wus prapta ing lurung gèdhé
Jindral Prang nulya wangsul
dhatèng ing jro bètèng ngoyaki
tumindhah ing ayuda
kapèthuk Kètanggung⁵²
anèng Masjid Suranatan⁵³
wadya buyar Kètanggung lumayu bèdhil
ngawur tandya Jéndral Prang

9. lèngèn kiwa katrajang ing mimis⁵⁴
kurda ngabani Inggris nyanjata
ngèdrèl wadya buh playuné
nusup kang wisma bingung
salang-tunjang wa/dya kang kèni
jèka(ng)kang nèng é(ng)gènnya
Jindral lajèng mangsuk
mring Surimènganti samya
datan kènèng wadya rubung gya binèdhil
buyar-buyar wong Jawa

f.24

10. lir sinambèr wulung kèh kang kèni
kang palastra pan pating gulimpang
gya mèdal mangsuk Lajiné
Pangran Dipatya iku
lampahira pan mèh dumugi
ing marga pèrapatan
pinèthuk Gris agung
kapalan watèn sawidak
anggarèbèg lampahnya anganan-ngéring
masusun ngliga pèdhang

11. pan sèngsaya wadya inggang ngiring
tan gadhah cipta mung srah Hyang Sukma

^b BL MS. 'binèpta'.

^c LOr 'Hyang Kang Labuh', one sy. too many in the line.

nunuwun samya lulusé
pun Jisim pan rumuhun
saos uning Yang Jéndral adi
saklangkung bungahira
pan Sukétris wangsul
marga prapatan sumédya
mri(ng) kédhaton Samadiningrat tan tuwin
lajéng Pangran Dipatya

12. wus dumugi Laji Gèng ing kari
ing krètég Jéng Pangéran Dipatya
lumèngsèr sangking kudané
sagarwana sèdarum
myang kang paman pan datan kari
Jisim Liknang⁵⁵ kang mapak
abdi kèh winangsul
mung tiga Pangran Dipatya
kèjawinya garwa putra langèn sami
myang paman Pangran Arya

13. békta abdi lit-ali(t) mung katri
langkung mèmélas Pangran Dipatya
winila(n)tèn myang^d ing tyasé
sémantèn putra sèpuh
Radèn O(n)tawirya kang sami^e
pisah rama mring pura
ngupados yang ibu
tan kawarna lampahira
ing kang rama saklangkung mèmélas asih
Kajéng Pangran Dipatya

f.25r 14. sarèng malbèng ing kari Sèpahi
/ nèng jrun pèlkung^f ngurung-urung témbak
wruh ngèstri akèh pulahé
Pangéran Arya iku
anggèrjitèng sajruning galih
kéné goningsun matya
lara-wirang ingsun
déné atmajèng wanodya
myang alabuh atmajèng Pangran Dipati
tan kènèng sumi(ng)kira

15. ingsun tédha mring Allah Kang Luwih
dèndohèna bilahi sadaya
tukaka Mulyaning Manon
kaping kalih Jéng Rasul
myang pra Nabi sèkabat Wali
lan luluhur yang-éyang

^d LOR 'yang'.

^e LOR 'nami'.

^f LOR 'pléngkung'.

Syargi Jéng Sinuwun
samya anyufangatana
paring bérkah mring putra Pangran Dipati⁵⁶
tuwin dhatèng manira

16. mring suta ngong sarupaning sami
kang anèng kédhato(n) kang nèng wisma
tuwin bibi apsari ngong
sinung mulya sèdarum
Pangran Arya kathah ginalih
gya sinrahkèn Hyang Sukma
wusnya malbèng pléngkung
tindaknya Pangran Dipatya
nolèh ngidul Pangran Pakualam kèksi
myang putra (di) (t)aruna⁵⁸

17. pan kinubèng abdènira sami
pinisépuh jumènèng Pangéran
nanging tan taklim sajaké
tuwin putra sèdarum
samya ngagèm cara Wèlandi⁵⁷
sanès duk kadya saban
kang putra sinèrung
ing kapti mèsèm wardaya
sawab nistha lampahé Pangran Dipati
tandya Pangéran Arya

18. sarèng mriksa kang raka gya pamit
anggèr kula kapanggih pamanta
sakèdhap ngabèkti ingong
i(ng)gih paman jumurung
mongsa borong paman mèryogi
Pangran Arya lumalya
ang/rangkul ing suku
ngaras padanirèng raka
kang sinuprih samya minulyaa sami
kang dadya watiring tyas

f.25v

19. Pangran dangu dhatèng ing kang rayi
lah èndi adhimas Samayuda
kang rayi umatur alon
datan nunggil lan ulun
sawèg dugi malèbèng puri
kang raka angandika
mring putra kadyiku
anyèmoni ing kang rarya
ingsun wingi inak ana buluwèrti
lagi angumbé wédang

⁵⁸ BL MS. 'putra daruna', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

20. ana mimis sing kidul nekani
 metu kéring sérpét tujonira
 mèh gawé randhaning uwong
 ingkang rayi tumungkul
 mèsèm ing tyas anulya pami
 mardana putranira
 Pangran Dipatya wus
 prapta anèng wurènira
 tandya Mèstèr amèthuk Pangran Dipati
 nèng sor undhak-undhakan

21. angsung tabé slamèt ing lumaris
 gya Tuwan Jindral metu sing kamar
 mèthuk Pangran Dipati Nom
 wus tabé pinrak sampun
 Tuwan Jindral nérung ing kapti
 tan pati ngurmatana
 salirnya binawur
 tandya kinèn ngaturana
 mring Jèng Pangran Pakualam pan wus
 prapti
 samya lènggah ajajar

22. myang putranta Dyan
 Suryaningrating⁵⁸
 mugèng kursi ngajèngkèn kang rama
 Tuwan Bèsar ing têngahé
 myang Tuwan Mèstèr iku
 lèring Jindral Pangran Dipati
 garwa ing ngarsanira
 mangku Dèn Mas Bagus
 lèrnya kang garwa taruna
 Pangran Arya nèng wingking Pangran Dipati
 nèng kursi para putra

f.26r 23. wotèn nga/ndhap samya nganan-
 -ngéring
 myang langènnya samya wotèn ngandhap
 Tuwan Jindral kèh liriké^h
 mring Pangran Dipatyèku
 pan tinimbang kang wotèn kéring
 pundi ingkang prayogya
 ingèdègkènⁱ Ratu⁵⁹
 kèwèdan nulya tinilar
 malbèng gèdhong lan Minèstèr rowangnèki
 apan samya bicara

^h LOR 'liringé'.

ⁱ BL MS. 'ingèdèggèn'; I have followed LOR.

24. dadya tinilar Pangran Dipati
 amung Kajèng Pangran Pakualam
 kang maksih lènggah jajaré
 mung lèt dyi kursi iku
 tèka rikuh pasèmon kadyi
 tan ana angandika
 samya nérung angkuh
 lèlèjèm nora pèsaja
 majèng kadyinya maulah liring
 lir dyah minaru anyar

25. tinilar ing priya langkung isin
 arsa nyabda yèn datan linawan
 a(n)tèng mangrungkang tyas lumèh
 sangking wagèding kakung
 sung pasèmon dhatèng sèkalih
 runtuta saudaran
 carèma ing rëmbug
 wong nunggal Gama banyu Slam⁶⁰
 bècik apa wong akèncèng ingkang pikir
 aluwung tyas carèma

26. langkung kathah pèkantikirèki
 Tuwan Jéndral gènira anilar
 myang ngalitakèn galihé
 mring Pangran Dipatèku
 pan winasuh-wasuh kang galih
 winla(n)tèn mrih nuruta
 Pangéran tyasipun
 mring sakarsa Tuwan Jindral
 milanira kang maru-sèpuh sinandhing
 drapon kèh krasèng ing tyas

27. sajatinya bicara drès mijil
 mugèng kantor anèlaskèn rëmbag
 dangu nyuprih prayoginé
 karsanya Jindral iku
 kang ingangkat dadya Nèrpati
 Pangéran Pakualam
 wus lama kukuwu
 nèng Loji katrimèng lampah
 lantip ing / tyas ing solah séngoh mantèsi⁶¹ f.26v
 prayogya dadya Nata

28. Tuwan Mèstèr aturnya matitis
 inggih lèrès sabda Tuwan Jéndral
 nanging Tuwanku bèbadhé
 ing praja langkung éyung
 pra santana putra Bupati

^j LOR 'Agamé Èslam'.

^k LOR 'ing solah muna lan muni'.

ing wau wus katimpah
lan sampun kadulu
dhatèng Pangéran Dipatya
duk ingangkat mri(ng) Pèrsmā⁶² dadya
Rajadi
sampun sumpah sèdya

29. tan sumèdya sabarang pakardi
ngoncatana nèdya ngratu liyan
sampun antuk sufangaté
dhatèng ing Kajèng Rasul
lah punika Tuwan ginalih
lawan sampun mufakat
wong Pèrsmā sèdarum
tuwin ing Kumpèni diya
wus anggadhāng punika kang kinarya Ji
ing mangkya gya tan dadya

30. watir ulèn yèn tan nrimèng galih
wong Jawa kèh mrina myang wong Sabrang
kadospundi ta ing tèmbé
Tuwanku karsa untung
Tanah Jawah risak prasami
tan bènèr gèn masésa
katon cabar ulun
témah ingèsèman bongsa
Sabrang Jawa pèryogi ingkang numpangi
ing samongsa punika

31. Tuwan Jéndral dangu datan anging
mirsa sabda Minèstèr (k)arènan^l
gya nyabda sèndhu wuwusé
yèn kaya ramanipun
sabarangnya ing tyas sun watir
kèh songga-ru(ng)gènira
marang ing bangsamu
lan pamrihira akathah
ènggon bathi wèkasan arsa binathi
kurang panarimanya

f.27r 32. lan datan arsa sun angkat Aji
béla tama marang ing ramanta
tan bisa misah ing tyasé
kugèlan étèni(ng)sun^m
Tuwan Mèstèr gya matur / aris
gih lèrès Tuwan kula
pan maksih kawuwung
mring ramanta Kajèng Sultan

^l BL MS. seems to have 'arènan'.
^m LOR 'iku gèlané tyas sun'.

mila ajrih ngu(ng)kuli sudarma Aji
ngèlmi Jawa tan kèna

33. ajrih mring Hyang Panutan Kang
Luwih
winawuri ing kina tan anaⁿ
punika nir kang tyas lumèh
lan kula mirèng wuwus
kèh sumpahnya lan Rama Aji
pinèrdi winisésa
ing karya biyantu
mila jrih ngungkulana
pèpèthikan kang watak kadya puniki
tan kagiwang ginonjang

34. ing liyané punika wus pasthi
ginonjang ing tyas lajèng kagiwang
supé sabarang purwané
adat kang sampun klaku
Sabrang pulo-pulo ing Jawi
kang wus lumiring Tuwan
tan ngèlir^o kadyèku
iba laminya wong Pèrsmā
gènnya ngangkah anju(ng)jung géndhol
pribadi
antarèng tyas raharja

35. mangké papa rama tan pèrduli
kapupèng Tuwan Pangran anarah
mring yang watak doh lan Rajèng
pasèmun nyudèng kalbu
tan kuwawa ngraos katindhil
kados sakarsa omba
Pangéran manurut
sampun tanggèl pangukupnya
amajangkèn bicara kang dhingin-dhingin
lulus sobat^p pèrjangjya

36. Tuwan Jindral gya pyayama manis
apa Mastèr kang kinarya dha(ng)dhan
angantèp katèmènané
Tuwan Mastèr gya matur
kula antèp Pangran^q ing galih
prakarèng rama Sultan
sun cèkèl ngong bunuh
yèn mrina damèl punapa
lamun asrah salirnya barang mri(ng) Inggris
pèryogi lèstantuna

ⁿ LOR 'ing kina-kina'.

^o LOR 'angèl'.

^p LOR 'tobat'.

^q LOR 'paran'.

37. Pangran Pakualam priyé ugi'
dadya apa ingsun langkung wélas
wus la/ma dadya lélakon
datan adarbé untung
Tuwan Městér gya matur aris
kados datan kèwédan
sakarsa Tuwanku
yèn Pangran datan nuruta
dhatèng Tuwan rahayu raga tan kapti
wékasan nèmah papa

38. lan sampun watèn kang dènklasodi
bumi Kèdhu pan ingakèn pètak
punika Yugya sinungké
sakarsaning Tuwanku
kathah kèdhik suma(ng)gèng karsi
Tuwan Jindral karènan
mring Městér turipun
gya mèdal sangking pangkèngnya
mugèng kari pan samya kulingling-lingling
nyawang Pangran Dipatya

39. sangking wétan kawuri atèbih
Pangran kadyi sinawang tan wikan
éca gènnya majèng ngilèn
samya anganggit kalbu
usik ing tyas Pangran Dipati
kapriyé wèkasannya
goni(ng)sun cèlathu
paman nyèrungguh maringwang
yèn sun rasa nora kalah kèbo-sapi
coba sun dhingin nyabda

40. bègjan sun mudha sinau mimi^f
dadya tuwa nanging lagya papa
duk kuna paman kalèrèh
mènawa was ing kalbu
dhinginana nyabda mring mami
lan sun akanthi garwa
mènawa tyas rikuh
wantuné paman ing kuna
wong atahu ulah sabarang lulungid
lan sun nyuprih raharja

41. gya ngandika Pangéran Dipati
paman punapa sami raharja
kang paman matur èsmu lon
inggih lujèng katèngsun
Pangran datan ubah sing kursi

^f LOR 'kang prayogi'.

^s LOR 'mami'.

amung manthuk kéwala
asta maksih ngèjum
wotèn ing kursi tum(um)pang'
uwah sa/bèn kang putra sinèrung dhiri
putra malih ngèndika

42. sémunya paman kathah ginalih
inggang sampun klakyan pun kapanjang
sabda tan watèn damélé
kang paman nulya manthuk
tan rékasa mèsèm ing galih
tuwin Pangran Suryèngrat
pi datan andulu
kaduwung Pangran Dipatya
inggang sabda tan kapadhan inggang galih
nging narimèng Hyang Sukma

43. mènawa Gusti Allah kang adil
sakèh li(ng)sèm dadya tapaningwang
wirang minulya Hyang Manon
tandya Radyan Mas Bagus
arsa ngunjuk matur ramèki
rama kula angèlak
arsa ngumbé banyu
dangu asalit kang jongga
Pangran kèndèl Radyan Mas aringik-ringik
Pangran usik ing nala

44. nora kèna li(ng)sèm sun singkiri
mèksa tumampèk mring awak ingwang
dumadakan samargané
bayi anjaluk banyu
sapa inggang sun kinon ngambil
déné tan ana jalma
pudhak liwat iku
mung batur Pakualaman
sun kongkona li(ng)sèm yèn tan pinèrduli
sun nèmbug maring paman

45. pan sapuluh lingsèm dadya pati
sangking boting^g ingsun apuputra
sun tédha dadya tapèngwong
Pangran Dipatya muwus
paman wayah anèdha warih
langkung déning kasatan
adangu tan nginum
Pangran Pakualam nabda

^g BL MS. 'tumpang', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

^h LOR 'boté'.

mring abdinnya pun Jayèngtruna kang nami
sira ngambila toya

46. nulya méntar adangu tan prapti
saréng prapta abèkta inuman
anggur wus sinaosaké

Dèn Mas Bagus angunjuk
mung sakèdhik kinèn ramèki
mantun pangèlakira
inuman wus mundur

f.28v gantya / ingkang cinarita
Kajèng Sultan kang maksih nèng jruning
puri
sèkar durma gumantya

CANTO VII (Durma)

1. kawarna Kajèng Sultan ing Mètaram
pan wus ngaturan uning
mun(g) Pangran Dipatya
wus kacèkèl mring Wlonda
biné(k)ta^a dhatèng ing Laji
èloking kathah
Pangran dipunsakiti

2. kang sawènèh Pangéran ngèlokkèn séda
myang sadaya (kang)^b ngiring
putra tuwin paman
Pangran Arya Panular
mring putranta anglabuhi
lapaking trèсна
lan putranya ingambil

3. lan nu(ng)kèmi supata kang kathah-
kathah
duk^c nèng ngarsa Sang Aji
pra putra santana
tuwin para Bupatiya
sinumpah mawali-wali
sabèn bicara
ja na nguncati kardi

4. lan suhunya ja ngl(y)an^d ngratu mung
Sang Nata
myang mring Pangran Dipati

^a BL MS. 'binèpta'.

^b BL MS. 'myang sadaya ngring', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

^c LOr 'wus'.

^d BL MS. 'nglan'; LOr 'lan suwunnya ja nglayan ngratu Sang Nata'.

kang kinarya tèpa
Gusti Allah Muchamad
yèn tan témèn salah siji
pasthi yèn cidra
kèna supata sami

5. milanira Pangéran dhèrèk mring putra
duk wau mring jrun puri
tan kènèng mardana
kari kinunci ika
mila nyandhak salah siji
ja kènèng sumpah
lumayu datan arsi

6. Kajèng Sultan saréng amriksa pawarta
kang tyas kèkès kèpati
kangètan puputra
kétan ing katrésnanira
purna sabarang pèrkawis
kang dadya duka
mring putra tan ginalih

7. amung trèсна kang kétang natèsmu
waspa
pramésuari miyarsi
Jèng Ratu Kèdhayan
Ratu Gèr⁶³ rinya Pangran
karuna kathah ginalih
wong dalèm pura
kang trèсна samya nangis

8. / pan wus mashur sédaya wong dalèm f.29r
pura
tuwin ing jawi-jawi
lor kulon myang wétan
Magiri mawurahan
Ratu Bèndara⁶⁴ miyarsi
saklangkung goyang
pan dadya agring kapit

9. kakung tiwas kang raka kawèrtèng
léna
nilar Nata bunèki
sakèlangkung maras
dadya ngèmu luh samya
ibu marasèpuh tuwin
putri kèndhang lyan
myarsa warti luh mijil

10. pura gantya wor bèdhil surak
gumèrah
Sang Nata tyas gring kapit

kaduwung sri^e putra
gènnya angarah sirna
ngrasak nèng pèngaduning blis
Naléndra nyipta
ing tyas sabda gumingsir

11. ing putranta ing jangji sampun
anunggal

sinaidan prasami
pra putra santana
Pangulu pra Dipatya
mangké Sang Nata ngèwahi
anggalih karsa
gadhang putra taruni

12. kayaparan goningsun anunungana
prajurit jaba gusis
myang para Bupatiya
si Patih durung prapta
Inggris sèdaya angrampid
kaya tan trima
mung na si Adipati

13. wantuning wong upama angèmut gula
sèngsaya lègi wangi
tan wurung maringwang
tandya Nata ngandika
kulup kapriyé kang pikir
Mangkudiningrat
Pangran matur ngabèkti

14. luwung Brongtakusuma⁶⁵ bantuwa ing
prang
ngirida kang prajurit
salèrèhnya samya
sèmantèn Sri Naréndra
tèka é(n)thèng sabda titih
supé kasihnya
lah sira ta dènglis

15. amapaga mèngsah lah Brongtakusuma^f
sakancanira sami
f.29v / gya nembah umangkat
bantu baluwèr prapta
pan wus supènuh wong Inggris
sarèng Gris mriksa
binuru gya binèdhil

16. Radyan Brongtakusuma inggal lumalya
konca kèh bubar^g sami
mangidul larugnya
jog ngalun-alun wuntat
sèdyanya malèbèng puri
mètu Magangan
Sèpahi sarèng uning

17. kang abaris ing alun kidul nyantata^h
ingèdrèl Radyan Panji
ngulon pèlayunya
anjog Suratèn⁶⁶ ika
kabranan bakong kang kèni
kadyi tatunya
gya kèlbèng sumur kikis

18. wadya ingkang baris lun kidul byur
samya
tan ana mongga pulih
maring wadya Sabrang
Sang Nata kang nèng pura
saklangkung tikbraning galih
wèwah apisah
lan kasih langkung watir

19. pan kinèpang Inggris nèšèg dhatèng
pura
Sang Nata tyas wus gunjing
kang mardana samya
tan ana duwé jiwa
mulat pasèmon Sang Aji
samyèsmu waspa
ing pura usrèk sami

20. amung Pangran Ma(ng)kudiningrat
dr(è)ngⁱ yuda
maksih ngayèmi Aji
sawab knèng susubal
sandi srat sangking paman
Pakualam kang nèng Loji
nanging Sang Nata
uwas ginalih-galih

21. priyé Mangkudiningrat ingkang
prayogya
ingkang ngèntèkkèn^j watir
yèn guguwa layang

^e LOR 'mring'.

^f LOR 'lah mapaga Rahadyan Brongtakusuma'.

^g LOR 'buyar'.

^h LOR 'nyèncata'.

ⁱ BL MS. 'drong'; LOR 'dèrèng prang'.

^j LOR 'kang ngètièkakèn'.

sing sira ta mēnawa
sandining sujana adi
Pangran tan nyabda
wēkasan sumangga Ji

f.30r 22. priyé sira kang padha anèng ing ngarsa
yèn Gris sēdya abécik
marang ing kēdhatyan
mongsa sēdya ngrisaka
mring wong kang cēlak ing puri
pēpati / kathah
Dipati wus nèng Loji

23. ujaring srat buburèn mung si Dipatya
kang ingangkah wong Inggris
wēkasan wus kēna
mēngko ngangsg mring pura
kinapungan binathithil^k
wadya ngong tēlas
mu(ng) kantun kang nèng puri

24. yèn kēbacut malēbu maroyah-royah
priyé pulahmu sami
yèn ana rungana
kaya nora kawagang
prajurit wus bubar gungsis^l
myang pra Bupatiya
kabèh wus padha gēndring

25. saur paksa^m sadaya suma(ng)gèng Nata
jrih samya angungkuli
dhatèng Jèng Pangéran
Arya Mangkudiningrat
Sang Nata ngandika aris
kulup karsèngwang
bèbèr gandéra putih

26. matur Pangran sumongga karsa Sang
Nata
gupuh gya animbali
pun Pē(d)mawijaya^{n 66a}
lawan Puspakusuma
ambèbèr gandéra putih
mēdal jabanta
mangétan laragnèki^o

^k LOr 'kinēpung binēdhili'.

^l LOr 'babar gusis'.

^m LOr 'pēksi'.

ⁿ BL MS. 'Pēbmawijaya', I have followed LOr.

^o LOr 'loragnèki'.

27. myang kang baris sēdaya pan
katimbangan
malbèng Surimēnganti
kinèn sèlèh gaman
kang sura garonjalan
sawab clak mēngsah nēmèni
kang jèrih^p lēga
wusnya sèlèh malēncing

28. Pangran Dēmang myang putra wus
malbèng pura
Radyan Martanēgari
Dyan Wiryataruna
Radyan Samadiwiryā
ipé kalih mērdas nèng Ji^{q 67}
anlaskèn rēmbag
pra putra ambarungi

29. Pangran Dēmang sēmantèn dados
pangarsa
ing rēmbag drēs lan Aji
mèh ing tyas tan wèwang^r
ngabèn angkaning rēmbag
aturnya amung gumingsir
Nata tan arsa
sab siwah lan putrèki

30. Pangran Mangkudiningra/t dados
gunungan
rēmbag tan k(ē)nèng^s ngu(ng)kuli
paman sri(ng) pinapag
yèn tan sērju ing rēmbag
sampung bèbèdhoni mami
kang paman nir tyas
nanging Sang Sri Bupati

31. wus kasétan madya karya guyan
rēmbag^t
kēmba yèn datan anting
sab rinta bésannya
atmaja dyi (kang putra)^u
dhasar Pangran Dēmang uni
duk kartèng praja
asring tinanting-tanting

^p LOr 'jèrèh'.

^q LOr 'mērdané Ji'.

^r LOr 'kawangwang'.

^s BL MS. 'knèng', one sy. missing in the line.

^t LOr 'wus katétan dadya guyan rēmbag'.

^u BL MS. 'kapungtra'.

f.30v

32. sabarangnya bicara kang lëmbut agal
sanging sihnya Sang Aji
nanging botèn dadya
kang rëmbag asring wudhar
mèh kinarya mumucuki
sai(ng)ga dhalang
datan tumèkèng injing⁶⁸

33. nging^v Sang Nata karënan tëmah
ginuywa
mila ingugung Aji
yèn dosa ngapura
lamun sangèt lénépa^w
ayëman dhakah-adhikih
bangoh nèng ngarsa-
Dalëm^x kang tyas aruwit

34. botèn wotèn sadaya para sëntana
kang sèpuh nèm tan mirib
kados Pangran Dëmang
kang drës sinabda Nata
myang pagujëngan sèkalir
yèn tan mèrdana
inggal dinangu Aji

35. yèn nunuwun sangking wuri pinaringan
sabarang agëmnèki
sawab Pangran Dëmang
duk timur pinaputra^y
ing Kadipatèn Nërpati
mila kinarya
pëngasah tyas Sang Aji

36. wus sumërëp Sang Nata yèn tan
nglandhëpna
kang kumrëngës tan arsi
lamun ngrumpilëna
lëlungid Sri Naléndra
kang kasar siningkur sami
wus karsaning Hya(ng)
wataknya Sri Bupati

37. ing sabarang bicara wus kasalira
gënuhan lan rarya lit
tuwin para ing Dyah
inggang sagëd micara

f.31r / mila éyung kang nègari

^v LOR 'ling'.

^w LOR 'alépya'.

^x LOR 'damèl'.

^y LOR 'pinèt putra'.

jing sotèn éwah
jèksa kukum kawuri

CANTO VIII (Pangkur)

1. gya Pangéran Samayuda
malbèng puri katingal mring raka Ji
kang rayi ana(n)dhang tatu
tlapukan nging tan pasah
tanpa gaman kang rayi inggal dinangu
wus matur wit myang wëkasan
saklangkung ngungun Sang Aji

2. kang mriksa miris sèdaya
tandya wau glaran gandéra putih
wong Inggris uning sèdarum
(pra)samya^a tinakonan
wus mangarti yèn Sang Naléndra wus
nungkul
nanging kang manah tan lëga
nutugkèn sukak ing ati

3. gya Inggris kang woten kilyan
Suranatan malbèng Surimènganti
uning jalma kathah umyung
samya numpu^b gëgaman
gya ingèdrèl kèh kabranan samya mawut
kèh malbèng pura gumërah
kèkës wadya tan nglawani

4. kumëpyar^c Nata kalintang
Inggris samya ngambil gëgaman sami
dhasar wau wus tinumpuk
waos lawan sanjata
wus binë(k)ta^d gya baris Paglaran iku
nëngna gantya cinarita
kang wotèn sajruning Loji

5. Kangjëng Pangéran Dipatya
inggang taksih lënggah jajar nèng kursi
Pangran Pakualam iku
Tuwan Mastër mardana
mugëng ngarsaning Pangran Dipatya iku
dhawuhkèn timbalanira
kang Yang Jëndral inggang adi

^a BL MS. 'samya', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

^b LOR 'numpuk'.

^c LOR 'kumëpyur'.

^d BL MS. 'binëpta'.

f.31v

6. Kajèng Pangran lah tapiya
timbangané Yang Tuwan Jindral adi
prakarèng ramanirèku
kang wotèn ing kèdhatyan
karsaning yang pan arsa cinèpèng purun
bongga sinampunkèn Nata^e
binè(k)ta^f dhatèng ing Loji

7. sajruning pura jinarah
sabarang/nya Tuwan Jindral darbèni
kadospundi ta karsèku
atasa lawan Tuwan
tandya Pangran Dipatya ngandika arum
waspa tinènggak tan kontap
krasèng dhatèng (ing)^g sudarmi

8. lah Mèstèr sira matura
mring Yang Jindral sumongga sakarsaning
sabarang-barang puniku
ingsun tan ngawruhana
mung Jèng Rama yèn kadya karsa puniku
mugi anaa apura^h
Yang Jéndral Ingkang Aluwih

9. déné yèn alara-wirang
sun sumongga dèlasan awak mami
sakarsa éyang manurut
priyé gonku suminggah
Mèstèr mriksa sabda wlas mring Rajasunu
wus purna mangsuk ing kamar
panggih Tuwan Jindral gipih

10. wus purna nguni dinuta
sukèng Tuwan Bèsar li(ng)gih ing jawi
nèng madyaning Pangran dyiku
Mèstèr kéring ing Jéndral
Mayor kinèn ngulungkèn kang pèdhang
gupuh
sinungkèn Pangran Dipatya
saklangkung narima kasih

11. ing wau kagunganiraⁱ
Pangran pyambak rinèbat ing wong Inggris
duk nèng Ngasèm kac(a)kup^j
anulya Tuwan Jindral

^e LOr 'bongga nulya sinampunan'.

^f BL MS. 'binèpta'.

^g Both BL MS. and LOr miss one sy. in the line.

^h LOr 'mugi ana ingapura'.

ⁱ BL MS. 'kagunganiranira', one sy. too many in the line.

^j BL MS. 'kacukup'.

Mastèr kinèn malbèng sajrun kang
(ka)dhatun^k
anyakup dhatèng Sang Nata
mongsa budhowa ing kardi

12. Tuwan Minèstèr gya mangkat
gal-inggalan saha anèng klak wajik^l
kang baris ing alun-alun
ingirid malbèng pura
wadya Inggris Sèpahi sadamèlipun
myang kang gèng-agèng sadaya
tandya mal(è)bèng^m jrun puri

13. kagya(t)ⁿ Sang Sri Naranata
myang kang séba pènggalihnya Sang Aji
winèstan^o amara tamu
samyā nēdya^p waluya
sawab déné gandéra putih ma/nu(ng)kul
kang kursi samya tinata
lawon putih dènsuwèki

f.32r

14. sadaya kang nèng jru pura
nganggé pèthak dèlasan pèryayi stri⁶⁹
Sang Nata angawé gupuh
kacu putih kinarya
Mastèr majèng Sèpahi Gris gung supènuh
gya angubèng Sri Narèndra
myang putra santana Aji^{69a}

15. Mantri tanapi Bupatya
cinèkèlan kèrisira ingambil
sadaya tan duwé bayu
putra kathah lumajar
mring pawèstrèn ènggènya kang ibu-ibu
Pangéran Jayakusuma
Pangran Pamot ingkang rayi

16. Natabaya Natapura
Pangran Slarong Sontawijaya rayi
Dèn Mas ingkang timur-timur
gumrah gumèr karuna
gya Sang Nata arsa ingambil kang dhuwung
Ki Pani(ng)jsèt Ki Sangkèlat
Ki Urub Ji(ng)ga kang kèri⁷⁰

^k BL MS. 'kang dhatun', one sy. missing in the line.

^l LOr 'anulya nitih wajik'.

^m BL MS. 'malbèng', one sy. missing in the line.

ⁿ BL MS. 'kagyas', I have followed LOr.

^o BL MS. 'winèstanan', one sy. too many in the line.

^p LOr 'nèdha'.

17. Sang Nata pan datan suka
asta Nata cinèkèl lan wong Inggris
Sang Nata alon amuwus
ingsun kinapakèna
sun wis kalah wus tëluk sawadyaningsun
pa sakarsa Tuwan Jindral
sumongga ingsun lumiring

18. nging déné gung pangaksama
nora susah ingsun dipuncèkèli
sarta krisingsun jinaluk
langkung li(ng)sèm jènèngwang
dadya Nata Yayang Jéndral ing(kang)
ju(n)jung^q
lan putra sèntananingwang
wus padha dipuncèkèli

19. ingsun angangkah punapa
marmaning Hyang Tuwan Mastèr nuruti
kang arsa angambil dhuwung
ingundurakèn sigra
Kajèng Sultan anulya kinon lumaku
saklangkung kawélas arsa
Inggris nganan-ngéring wuri

f.32v 20. prasamya angliga pèdhang
myang sanjata so/lahnya angajrihi
wurinya Pangran sèdarum
prasamya cinèkèlan
astanira kalih Gris ngadyi puniku
Pangéran Mangkudiningrat
Pangran Martasana⁷¹ kalih

21. myang Dèn Mas Yakub arinta
pra santana Pangran Dèmang kang sami^r
Pangran Samayuda dyiku
sapatranira samya
Dyan Tumènggung Martanègara ranipun
putranta Pangéran Dèmang
Dyan Wiryataruna kalih

22. Rahadyan Yudawijaya
putra Pangran Sumayuda Bupati
Dyan Sumadiwiryia iku
Mantri datan ingétang
ipé-Dalèm Prawira kadyi lumayu⁷²

^q BL MS. 'ingjujung', one sy. missing in the line. I have followed LOR.
^r LOR 'nami'.

sadhèrèk (Jèng) Ratu Rukma^s
muwèr kikis nèng jrun puri

23. putra kèh tan wani ngèrbat
mring ramanta tan asura sawiji
pinutra kakung saumur
malès karya tan kontap
mring sudarma tan kètang wirang saumur
labètè bè(n)cèng ing karsa
wus pasthi ing Hyang K(a)ng Luwih^t

24. samya téga mring ramanya
gring linayon mulya sinrahkèn Widi
mung mulyaning wujudipun
piyambak kang ingétang
tuwin abdi-Dalèm kang sinung sih iku
kang kathah kucahing Nata
lumayu sampun angucir

25. pura binèthèthèt samya^u
mring wadya Gris tan bisa mètu sami
kang tangis syaranya umyung
gumèr gumèrah-gèrah
wor lan ajrih jinagèng Gris platur sèkpnuh
Jèng Ratu-Ratu prasamya
anjrit karuna drès mijil

26. sumusul jrih mèngsahira
mila dadya karuna kontrang-kantring
myang para Dèn Ayu umyung
kapala prajurit(ing) Dyah^v
Langènkusuma⁷³ namaning prajurit rum
sèdaya tanbuh pulahnya
/ putra putri wayah sami

f.33r

27. parèkan samya ulèngan
ingkang trèсна arsa nusul Sang Aji
nanging jrih Inggris puniku
dadya samya karuna
mila lir grah kasapta sajrun kèdhatun
tandya Nata sarèng prapta
sangajèngira ing Loji

28. astanira cinèkèlan
mring wadya Gris kadyi anganan-ngéring
saklangkung mèlas Sang Prabu

^s BL MS. and LOR 'sadhèrèk Ratu Rukma', one sy. missing in the line.

^t BL MS. 'Hyang King Luwih'.

^u LOR 'pinèndhèt samya'.

^v BL MS. 'kapala prajurit Dyah', one sy. missing in the line; LOR 'kapala prajurit Indyah'.

jruning kalbu karuna
soka mring Hyang ing Ngloji Wétan prapta
wus
kang jaga Supèhing rangap
sasolahnya mèmèdèni

29. wus prapta ngarsaning Jèndral
Kajèng Sultan wèspadèng putra taksih
saklangkung sokur Hyang Agung
lènggah lan Tuwan Jindral
myang arinta Pangran Pakualam iku
mantu Dèn Ayu Dipatya
wayah Dèn Mas Bagus ngiring

30. myang bésannya rinta Pangran
Arya Panular tuwin putra Rètñadi
myang Pangran Suryèngrat mantu
kèkasih Sri Narèndra
mila kèndèl tyas Nata pan arsa pangguh
mèmèling dhatèng kang putra
tinénggak waspa Sang Aji

31. kang nyèpèngi ngantya printah
Tuwan Jindral ngliring Pangran kèkalih
arsa mudhun sing kursiku
Tuwan Bèsar gya gusar
samyakinèn lènggah kimawon kadyiku
mung Pangran Arya Panular
kang tindak sangking ing kursi

32. wèspadèng raka Narèndra
ing kang waspa tan knèng tinambak
mijil
Pangran Suryaningrat mudhun
kinèn rama anèbah
lan ri Pangran Suryaningprang⁷⁴ namur
kalbu
mèngalèr pèjaga-jaga
Tuwan Jindral was ningali

33. dhatèng Pangéran Dipatya
pasèmènyy mrina kagèl tan apti
mring rama asrah satu
dhatèng kang Éyang Jindral
ing kang / waspa tiné(ng)gak datan
kawètu

f.33v

tan kontap sangking jrih mring Yang
mung muhuning dalèm batin

34. mila api datan mriksa
pan sinamur kathah kang dèntingali
mèsèm tyas Jindral andulu

rèka^w ambawur tèrsna
bangus kèdhap tumètès wus nandhès kalbu
ing Jawa tan na lyan Jindral
kang kawasa ing sabumi

35. gya Kajèng Sultan binè(k)ta^x
malbèng gèdhong ing ngingèrkèn lumaris
nèkuk ngidul gya malèbu
pintu wurinya Jindral
gya minangsukkèn ing gèdhong sèdaya wus
pintu tinangkèb jinaga
Jèng Sultan krisnya wus ngambil⁷⁵

36. saklangkung kawèlas arsa
kang tinutuh ing tyas Rèkyana Patih
téga tèmèn marang ingsun
tan rumasa èmbanan
déné witnya sèka kèncana diturun
ing mangkya pan dadi timah
ing wuri aja bèsuki

37. Sang Nata kathah krasèng tyas
waspa mijil tiné(ng)gak ingusapi
wèkasan ngandika kulup
Arya Mangkudiningrat
ujar sira kang gawé sumlang ing kalbu
ing mèngko tèmahan tiwas
kang putra sèndhu aturi

38. wong^y sampun kathah pinajar
mupus pasthi kula inggih nglabuhi
kèndèl kang rama^z gya dangu
priyé Brongtakusuma
déné datan ana nusul marang ingsun
kang putra matur ramanta
sampun kathah kang ginalih

39. s(a)daya samya karuna^{aa}
kathah-kathah ing kang karasèng galih
tyas samya tinutuh-tutuh
warnanèn Tuwan Jindral
angaturi mring Pangéran Dipatèku
ing Laji Kilèn pinara/k
Pangran Pakualam sami

f.34r

^w LOR 'ringda'.

^x BL MS. 'binèpta'.

^y LOR 'wus'.

^z LOR 'raka'.

^{aa} BL MS. seems to have 'sèda ya samya karuna'; I have followed LOR.

CANTO IX (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti
bêdhahé Ngayogyakarta
ing dintèn Sêptu Lëginé
maréngi wiyosan Nata
kaping (songa)^{a76} tanggalnya
Jumadilakir sasyèku
ing taun Alip angkanya

2. sèwu pitung-atu si(ng)gih
tigang-dasa langkung songa (9 Jumadilakir,
A.J. 1739 / Saturday, 20 June 1812)

sinéngkalan trus gunané
pandhitèng bumi⁷⁷ kang wayah
pukul walu wancinya
kécakupnya Sang Aprabu
sajruning pura busèkan

3. Inggris angrayah jrun puri
Sèpèhi sura pulahnya
samya nyèkèli pra wadon⁷⁸
pinèt ingkang gègé(n)dhongan
prasamya dhinëdhèlan
kang mawa pènganggo iku
kandhutan pan ginagapan^b

4. yèn mawa isi dènambil
gèdhé cilik anom tuwa
nora idhèp putra mangko
kang tinlèng^c prajuriting Dyah
kocap mênganggé indah
kapapa^d Radèn Ayu
kang samya sugih sèdaya

5. myang Ratu Kèncana⁷⁹ luwih
korak ing sabrang nègara
wagéd mèdalkèn pèkahé
sawèrniné wong sanagra
kènèng ngamal tan ngétang
Bupati Mantri Tumènggung
Démang myang Bèkèl (ing) désa^e

6. pèkahnya anuwun siti
myang dadya pèryayi samya
Mantri Tumènggung Bupatos

^a BL MS. and LOR 'pitu', see n. 76.

^b LOR 'ginrayangan'.

^c BL MS. 'tinèlèng', one sy. too many in the line.

^d LOR 'kèpapak'.

^e BL MS. and LOR 'Démang myang Bèkèl désa', one sy. missing in the line.

pundi kang kathah yatranya
yèn nuwun pasthi dadya
mung santana kang sinèrung
tan patya wiryaning kadang

7. Sang Nata rèna ing galih
dadya nut sakarsanira
mring garwa langkung asihé
mila mèh / kèbakung pura
gèdhong-gèdhong mayatra
myang brana tan kna kaétung
slaka mas-mas rètina-rètina

8. mila Ratu Kèncanèki
pinèrdi Inggris prasamya
mètokkèn dunya kèdhaton
rètina ingkang bèsar-bèsar
agèmnya Sri Nalendra
lan kawarti Sang Aprabu
gadhadh rètina siji bèsar

9. gèngira sajèmpol sikil⁸⁰
Ratu Kèncana ngandika
tan duwé Sultan yèktiné
ya ana bingèn^f kang jalma
nyaoskèn ikèt bèsar
wong Sala nging tan tinuku
tan ngandèl Inggris manyéntak

10. sura solahnya mèdèni
Jèng Ratu ajrih kalintang
gya mundhut kèkandhutané
kaloran maisi rètina
ingulungkèn tinampan
iku wus èntèk darbèksun
agémé Nata kasingsal

11. ginawa Lurah prajurit
Radyan Ayu Dayaningrat
Murtiningrat Déwangrat⁸¹
buh sun nèmpuhkèn mring sira
tan idhèp kana-kana
Jèng Ratu ngandika gupuh
lah kèparak gulèkana^g

12. gya kadya parèkan gipih
ngupados Dèn Ayu Lurah
tan panggya tanbuh parané
nging supènira kapèdhak

^f LOR 'nabik'.

^g LOR 'kèparat golèkana'.

f.34v

binucal wotèn toya
ing sumur kēbon kajupuk
wus binē(k)ta^hgya mardana

13. Jēng Ratu gya nyandhak aglis
mung iki kagungan Nata
supé ingkang gēdhé-gēdhé
samyā bērkatan (kang) ramaⁱ
Sinuwun Inggang Syarga⁸²
gupuh tinampēnan sampun
I(ng)gris sakēlangkung suka

f.35r
14. gya Lurah kalih ingambil
mring Loji panggya lan Jindral
ingkang anēmokkēn supé
sarēng prapta gya ginanjar
gangsāl-atuś pra / sēmat⁸³
tinarima kasih dyiku
wus tompa wa(ng)sul mring pura

15. saklangkung umrēk ing puri
jinarah dhatēng wong Sabrang
mung rahayuning pra wadon
tan ana samya jinamahⁱ
tan kadi duk Pacina
myang duk Trunajaya iku
karsa Allah tan kalilan⁸⁴

16. myang wijang^k samya gadhahi
busana sirnaning dunya
awis kang wētah dunyané
kang nēng pēthi binladhogan
nēng toya sinlulupan
ingkang pinēndhēm dhinudhuk
kang nēng luhur pinènèkan

17. sēmantēn Ki Patih prapti⁸⁵
mandhēg anēng ing Gamēlan
wus canthèl Mastēr dutané
kang kinèn pun Martadirja
kinèn kēndēl kēwala
ning kēdhaton maksih umung
karuna lir timbul tuya

^h BL MS. 'binēpta'.

ⁱ BL MS. 'samyā bērkatan rama', one sy. missing in the line; LOR 'yasa bērkating rama'.

^j LOR 'jinarah'.

^k LOR 'wirang'.

CANTO X (Maskumambang)

1. dyan warnanēn sasolahé wong jrun puri
kang kēlangan dunya
myang kang mlayu kontrang-kantring
kang jrih dhatēng wadya Sabrang

2. kēh solahnya kang raga sinuprih-suprih
bisaa manukma
lalēr lēmud mrutu sami
manjing kayan blēs ing kisma

3. kang lēngkara^a tinēdha dhatēng Hyang
Widi
panjanging ngocapna
paduné wong jrih tyas asil
kējawi kang pisah putra

4. tan maibèn ing trēsna galong ing pikir
Jēng Ratu Kēdhatyan
kēlangan raka putradi
sēsambatira mlas-arsa

5. adhuh Sultan anaku Pangran Dipati
kadospundi kula
tinilar amēlas-(a)sih^b
kula dhèrèk timbalana

6. nadyan Kajēng Sultan tumēka grah pati
kula béla pējah
nut Sultan Pangran Dipati
sarta ngusap kang pēr/naja

f.35v

7. dhuh wangsula anaku Pangran Dipati
ibumu Pangéran
gawanēn saparan ngiring
adhuh Kajēng Sri Naléndra

8. kadospundi anilar putra kēkalih
Ratu samya rondha
tinilar dèrèng akrami
bēgjamu gērku bēndara

9. gantya Kajēng Ratu Mas sambat mlas-
asih
sluku mala jaja
ramé babrong tan ginalih
adhuh Kajēng Sultaningwang

^a LOR 'kalēngkara'.

^b BL MS. 'amēlas-sih', one sy. missing in the line.

10. dhatĕng pundi kawula nusul lumiring
 pjah-gĕsang kula
 sarĕng alabuh Sang Aji
 myang putraningsun Pangĕran
11. Arya Mangkudiningrat baliya gipih
 ibumu tut-wuntat
 mati urip sun labuhi
 putra ngong amung sajuga
12. kĕlbĕng nraka jahanam ingsun tut
 wuri
 nadyan maring pirdas
 nraka pitu sun lumiring
 tan gingsir tyas ngong bĕndara
13. madung pari^c kang sĕla pĕnglawĕd sari
 nganiaya Pangran
 wangsula sapisan iki
 tolahĕn ibumu nyawa
14. karigana sapa gĕrku sun tingali
 kang sun gindholana
 nĕng sajruning ngalam-kibir
 Hyang Sukma nuwun apura
15. wurung mukti ginadhang Pangran
 Dipati
 mring ramanta Sultan
 kabĕgalan kĕnĕng sandi
 ing sujana di kang mulya
16. roning pisang lĕsah wit gawĕ larasti
 mukti tan kĕlakyān
 sun tutuh-tutuh Sang Aji
 tan was mring putra ginadhang
17. anggĕ(n)tĕni kang raka mĕmanas galih
 kapiran kadyinya
 tĕmah bĕdhah kang nĕgari
 wĕkasan Nalĕndra sirna
18. adhuh Pangran kapriyĕ putramu kari
 akĕh maksih rarya
 pating carĕngĕk anangis
 f.36r / garwa sĕlir^dmu gumĕrah^d
19. Kajĕng Ratu Kĕncana sĕsambatnĕki
 karuna dhuh Sultan
- kagungan-Dalĕm jrun puri
 kang brana tĕlas sĕdaya
20. pan jinarah dhumatĕng wong Inggris
 sami
 duk arjaning praja
 sun klumpukkĕn sangking kĕdhik
 ing mangkĕ sĕjĕ kang gadhah
21. ambrol wutah gĕmĕtan tan ana kari
 apsarinya Sultan
 buyar tanbuh paranĕki
 kĕpala prajuriting Dyah
22. Kajĕng Sultan wangsula rĕbatĕn mami
 myang prajurit kĕnya
 kawula tan sagĕd kari
 parikan gĕdhah rinasa
23. si(n)tĕn Sultan sun tingali siyang latri
 kang sun bondhĕtana
 bĕbana raosing galih
 kang ngu(n)dang lĕganing manah
24. Alaha Dĕn bĕsanku kang nĕng jrun
 Laji
 kang mĕnang animpah
 ing karya tĕmbok dĕnĕling
 duwĕ bĕsan kawlas-arsa
25. tan supĕna lir na mantu ngong wong
 bĕndhing
 Pangran Suryaningrat
 ilinga jupukkĕn kami
 nĕng pura kawĕlas-arsa
26. baya lali mring ibunya wong asigit
 myang sadulurira
 ipĕ Ratu Dĕn Jĕng^e Sasi⁸⁶
 sun tĕdha Sukma ilinga
27. tan winarna solahing tangis
 (ma)mĕling^f
 kĕh syara kapriksa
 sayĕkti mangrudah ati
 dunya tinumpuk ing bangsal
28. kalubĕran sĕlaka kĕncana adi
 myang sosotyā rĕtna

^c LOr 'siti'.

^d LOr 'garwa sĕlir kang gumĕrah'.

^e BL MS. 'Ajĕng', one sy. too many in the line.

^f BL MS. 'mĕling', one sy. missing in the line.

mèh sadédég winētawis
warnanya murub amuncar

f.36v 29. Gédhong Lèr⁸⁷ si sundawa kaclub ing
warih
mimisnya kabucal
anèng larèn ing bot-rawi
putra / samya cinèkèlan

30. dhuwung pèdhang sanjata waos
dènambil
samya barundhulan
sèdaya amélas-(a)sih^h
Pangran Pamot kang pangarsa

31. Pangran Slarong Pangran Natabaya
rayi
Pangran Jakusuma
Pangran Sontawijaya ri
Pangéran Kanatapura^{87a}

32. rayinya tri timur dèrèng sinung samiⁱ
wus biné(k)ta^l samya
mring Loji dhatèng wadya Gris
Pangran Bèi duk sèmana

33. taksih gèrah suma(n)tèn kacèpèng
Inggris⁸⁸
dhuwung ingambilan
putra wadya kang knèng bèrsih
Pangéran sampun binèkta

34. mugèng kursi rinèmbat dhatèng kang
abdi
jujug Laji Kilyan
saklangkung amélas-asih
wus sèpuh wèkèl karsanya

35. myang arinta Pangran Sontakusumèki
pènganggènnya tēlas
gègaman èpèk tan mawi
binlojod sampun biné(k)ta^k

36. mangsuk Laji Kilèn myang cèpèngan
Mantri
samya nganggé pèthak

⁸ BL MS. 'Gédhong Èlèr', one sy. too many in the line.

^h BL MS. 'amélas-sih', one sy. missing in the line.

ⁱ LOr 'nami'.

^l BL MS. 'binèpta'.

^k BL MS. 'binèpta'.

sawènèh malik kulambi
lir kuntul⁸⁹ dana sarawa

CANTO XI (Asmaradana)

1. tandya Pangéran Dipati
wus ngaturan mring Yang Jéndral
pinarak nèng Laji Kilèn
garwa putra myang kang paman
samya dhèrèk sèdaya
Pangran Pakualam iku
nèng wuri agènti lampah

2. kanthèn lan pèngagèng Inggris
ginèrbèg putra myang wadya
para Lulurah nung kaot
tandya Pangéran Dipatya
pinèthuk Tuwan Jindral
kinanthi asta nèng pintu
tandya Pangran Pakualam

3. Tuwan Mastèr mèthuk aglis
kinanthi praptaning lawang
gya samya pinèrnahaké
/ Jèng Gusti kabèkta minggah
mring Éyang dhatèng gilang
kinèn pinrak kursi agung
jajar lawan Éyang Jéndral⁹⁰

4. myang garwa sèpuh taruni
tandya Pangran Pakualam
Tuwan Mastèr mèrnahaké
Pangran ingaturan lènggah
kursi nèng ngandhap gilang
kagol Pangran tyas kabutuh
tan nyana lamun mangkana

5. nanging sinamun pangèksi
ing solah bawa tan kontap
dadya ngèsthi takdir Manon
nging putra Pangran Suryèngrat
lènggah kursi atèbah
pasèmon tan lègèng kalbu
nir mala tyas tan kanyanan

6. wus tata samya nèng kursi
Upèrnèmèn Inggris sapta^a
nanging gèng-agèng jèjèré
kinarya sahid kéwala

^a LOr 'Upèrnèmèn Inggris samya prapta'.

f.37r

karsanya Tuwan Jindral
gènnya badhé nga(ng)kat Ratu
pasthiné ingkang ginadhag

7. tandya Jurubasa⁹¹ anglng
nandukkèn sabdaning Jindral
hèh sakèhé bangsaningong
Sabrang Jawa amriksaa
timbangan Tuwan Jindral
kang pasthi ingkang jinunjung
ingangkat jumènèng Nata

8. wotèn nègari Mètawis
Kajèng Pangéran Dipatya
sumiliya Rama Katong
ngèrganana ing kèdhatyan
dènsami amriksaa
palèkat kang gèng kèprabun
ing malèm Sènèn kang murah⁹² (the eve of
Monday, 22 June 1812)

9. sèdhèng wadya gung kèh prapti^b
putra santana Bupati
myang Upèrnèmèn Inggrisé
sadaya-daya mriksaa
yèn Pangran dadya Nata
ayèma kang tyas sèdarum
tan lyan kang pinuja lama

37v 10. prasamya umatur paksi
i(ng)gih jumurung kang / karsa
mugi tulusa yusyané
kèprabon manggih kawirya
tandya Pangran Dipatya
wus nampèni sih kèprabun
marga sihnya Tuwan Jindral

11. saklangkung tarima kasih
sokur ing Alah Tangala
kadyi Kajèng Panutané
tandya Tuwan Jindral nyabda
lah dawèg Kajèng Sultan
dika ko(ng)konan malèbu
cundhuk lawan ibu dika

12. kinèn ayèma ing galih
andika wus dadya Nata
sumilih ramanta Rajèng
Jisim lah sira miluwa
nèntrema wong sapura

^b LOR 'kang prapti', one sy. too many in the line.

gupuh Jèng Sultan dhumawuh
putra Dyan Poncakusuma

13. wus mintar lawan pun Jisim
kuda ing sacandhakira
Jisim ani(t)ih^c kudané
Pangéran Arya Panular
samantèn wus linègan
tandya Tuwan Jindral muwus
mri(ng) Pangéran Pakualam

14. Pangran dika angubèngi
ing jaba bètèng kang aprang
kèn mènèng wus na^d Rajané
Mèstèr sira malèbuwa
sirèpèn wadyanira
Inggris ingkang maksih pupuh
lah mongsa bodhowa sira

15. tandya wus anumpak wajik
miwah Pangran Pakualam
rikat myang putra wadyané
Jèng Sultan nulya ngaturan
anèng kantor lèlasyan
myang garwa putra sèdarum
tuwin paman Pangran Arya

16. uwa Pangéran Ngabèhi
Pangéran Sontakusuma
dyi sèba putra Sang Katong
nanging sami karisakan
datan mawi curiga
samantèn Patih wus rawuh
pan taksih mawi curiga

17. tinimbangan mri(ng) Sang Aji
mugèng jru gèdhong / Apatya
tan dangu gya mèdal agé
Jèng Pangran Bèi umiyat
Patih maksih nyuriga
Pangran Bèi ngandika rum
mring kang rayi Pangran Arya

f.38r

18. lah iku kapriyé adhi
wis tuwa abèdhogolan
ngangkah apa awakingong
anakmu siji tan kèna
maksih nganggo curiga

^c BL MS. and LOR 'anilih'.

^d LOR 'wus kèna'.

ngonggowa apa pakéwuh
déné Danurja kērisan

19. kējabané sira adhi
kang rayi matur sumongga
ngangkah punapa wus lungsé
iya bēnēr ciptanira
adhi sun ngangkah apa
gya pinundhut ingkang dhuwung
mring putra wus ngagēm sgra

20. Bupati wus kathah prapti
myang Mantri samya myardana
Wédana prajurit kabèh
tan ana mawi curiga
badan alus kéwa(la)^e
sēmantēn gēnti winuwus
Jēng Pangran Aprangwédana⁹³

21. saputra wayahnya sami
saha prajurit nung samya
myang Gris tindhah Sukētrisé
ngubēng Sumadiningratan⁹⁴
bakta mriyēm^f angru(m)pak
wus pasthiné ing Hyang Agung
Rahadyan Samadiningrat

22. tinilar wadyanya sami
myang konca kadang warganya
suta labété mungsuh bot
lan wus sami mirēng warta
yèn kēdhatyan wus bēdhah
tyas kuwur pan lajēng mawur
tan ana mongga puliya

23. salong kaca(n)dhak dēnungsir
pinarjaya déné mē(ng)sah
kathah pējah myang kētaton⁹⁵
Pangéran Aprangwédana
ngangsék malēbēng natar
gēgēting tyas arsa pangguh
lan Radyan Samyadi/ningrat

f.38v

24. déné kalokèng nēgari
jējēndhulé wong Ngayugia
arsa ingajak guguyon
tumpang pupu lan Pangéran
langkung gēgēting manah

kalokèng Sala cinatur
sawiyah dhatēng Pangéran

25. mila katuju ing galih
prapta lawang gēdrug Pangran^g
ngabani wadya angēdrèl
mangsuk sumahab ing natar
gla tyas Radyan tan ana
Sukētariis gya malēbu
ing masjid⁹⁶ nulya kapēdhak

26. anulya ingēdrèl wani
sinasog ing ganjur atap
akawal-kawal tan pulèh
pira kuwaté sajuga
kinroyok wadya kathah
Dyan Sumadiningrat lampus
wadya kang trēsna wus buyar⁹⁷

27. Sukētris tan lēgèng ati
anulya jangga pinēdhang
tan tatas nulya kinrayok
busananya pinēdhētan
sédanira ngangkēnan
Sukētariis ingkang bunuh
tandya Pangran Prangwédana

28. inggal tindak dhatēng masjid
ningali kuwonda Radyan
Sumadiningrat kang layon
tandya ingiling-ilingan
rawis Radyan ingucap^h
wong kaku aja kumēnthus
yèn tan kadi Prangwédana

29. tandya Pangran printah aglis
mring wadyanira sēdaya
myang Sukētariis printahé
Inggris Sēpèhi kinēna
wadya-bala ngērayah
Sumadiningratan gēmpur
bang kidul sawērnēnira

30. gya wismanya Dyan kang lalis
wusnya rinayah ingobar
saklangkung / gēni urubé
tandya Pangran Prangwédana
saputra wayahira

f.39r

^e BL MS. 'kéwa', one sy. missing in the line.

^f BL MS. 'mariyēm', one sy. too many in the line.

^g BL MS. 'Pangéran', one sy. too many in the line.

^h LOr 'ingusap'.

myang Sukētariis umangsuk
Ngloji pĕrcayĕng Twan Bĕsar

31. kang kari layon wus ngambil
mring wadyanira kang trĕsna
wus sinaĕn ingkang layon
pinĕtak watĕn Jĕjĕran^{97a}
sĕmantĕn Jĕng Pangĕran
Aprangwĕdana wus matur
myang Sukĕtariis kanthinya

32. mring Tuwan Jĕndral nĕng Loji
saklangkung ing sukanira
Samadiningrat wus layon
rinayah wisma ingobar
Sukĕtris kang mĕrjaya
Tuwan Jindral tandya muwus
Pangran lah andika sĕba

33. mring Sultan baru taruni
angsung tabĕ kaslamĕtan
myang sira Sukĕtariisĕ
ngirida maring Pangĕran
tandya dyi mangsuk sigra
mri(ng) kantor gĕnnya Sang Prabu
cundhuk lan Sang Nata Mudha⁹⁸

CANTO XII (Sinom)

1. gya Pangran Arya Panular
tumut malbĕng gĕdhong aglis
jaga sandinirĕng jalma
sawab dĕrĕng wotĕn uning
Pangran Prangwĕdanĕki
gya nyaoskĕn tabĕ Prabu
Sang Nata gya ngandika
iki sapa Sukĕtariis
nulya matur Sukĕtris punika Pangran

2. Prangwĕdana putra Nata
gupuh Sang Nata gya angling
apa padha karaharjan
inggih Sang Nata basuki
kula punika Aji
satataning Wlondi tumut
tan sagĕd krama Jawa
mring Sunan kula tan bĕkti⁹⁹
alim dalĕm sampun dados galih Tuwan

f.39v 3. Sang Nata tandya nga/ndika
angsal padha nyuprih bĕcik

tandya Pangran Prangwĕdana
atakĕn mring ĕyangnĕki
si(n)tĕn dika kang sami
kapĕrnah punapa Prabu
Pangran Arya gya pasrah
pamananĕ kula niki
pan karangkĕp dadi maratuwa Sultan

4. lah niku anak kawula
kidulĕ Sri Narapati
nulya Pangran Prangwĕdana
nyabda dados ĕyang mami
apuntĕn nyudakrami
ing wau yang kula tan wruh
ing nalar sapunika
sampĕyan sami basuki
ĕnggih putu pĕnapa padha raharja^a

5. manuhkĕn tyas panggya anyar
kang wayah umatur inggih
gya mundur sing ngarsa Nata
lan kang ĕyang kanthĕn sami
nuwun priksa nalaring
ing pĕrnah kadang nom sĕpuh
mapan sampun jinarwan
mring ĕyang wayah wus uning
dadya tĕpang ing manah myang pagujĕngan

6. gunĕng pun Jisim lan Radyan
Poncakusuma (mring)^b puri
wus panggya lan ĕyangira
Ratu Kĕdhaton kang nami
matur sanĕs karĕngting
putranta wus madĕg Ratu
inga(ng)kat Tuwan Jindral
ayĕma sami kang galih
Kajĕng Ratu miyarsa sokuring^c Allah

7. sĕdaya pan dhinawuhan
pra putri myang babu sami
myang ĕyang apsarĕng Nata
myang manis sakĕhing ĕstri
kinĕn ayĕm kang galih
mubĕng Dyan jruning kĕdhaton
wus samya amiyarsa
saklangkung ayĕm kang galih
mung Ratu Mas sĕmantĕn taksih karuna

^a L.Or 'sami raharja'.

^b BL MS. 'myang'; I have followed L.Or.

^c BL MS. 'sokuringring', one sy. too many in the line.

f.40r

8. kang kaétang putranira
 sajuga akarya brangti
 waspa drës matéluthokan^d
 tyas li/nilih datan kèni
 amèksa angranuhi
 mèh kantaka Kajèng Ratu
 nanging éling ing Sukma
 digaparira^e dharindhil
 srah Hyang Purba kasarū Ngran Pakualam

9. sing kari kidul gya prapta
 myang putra wadyanya sami
 angagèm cara Wèlonda
 kagèt wong sadalèm puri
 kèkèks prasama ti(n)trim
 mènawi Pangran angrayud
 tandya Pangran ngandika
 Ratu Kèncana na ngèndi
 kang dinangu matur nèng kidul punika

10. gya Pangéran Suryaningrat
 marèpèki bu kèpangih
 gya rinangkul putranira¹⁰⁰
 karuna waspa drës mijil
 myang apènira sami
 pra Ratu samya amuwun
 sun nyana tan panggiya
 lan putraningsun wong sigit
 sokur sèwu i(ng) mangkya nèmū raharja

11. ibu kula ngutus rama
 sampéyan kin(on)^f mondhong
 sèdaya putra babunya
 kula bèkta dhatèng Ngloji
 watir wotèn ing wuri
 yèn karayuk kang tan wèruh
 punika Kajèng Rama
 wétan ing bangsal ngéntosi
 gya lumiring Jèng Ratu i(ng)gal-i(ng)galan

12. saputra babu parèkan
 wus panggih lan Pangran gipih
 kinanthi angusap waspa
 gya nginggahkèn ing pèlangki
 Dèn Ayu Rê(ng)gawati¹⁰¹
 pamamong Ratu Nom tumut
 gya wadya Prangwèdanan

^d LOR 'atèlèthokan'.

^e LOR 'tigaparira'.

^f BL MS. 'kin', one sy. missing in the line.

ngupados santanèki
 ingkang aran Dèn Ayu Pinongkawatya¹⁰²

13. sèmantèn sampun kapèdhak
 gya tinitih(kèn)^g pèlangki
 lan putranira satunggal
 Yudawijaya Dyah putri
 wus ingangkatkèn nuli
 sarèng lawan Kajèng / Ratu
 wus prapta Laji Taman
 pinèrnahkèn pondhok sami
 Kajèng Ratu Kèncana panggya lan putra

f.40v

14. Kajèng Ratu Yu¹⁰³ agèpah
 kang ibu dènpèlajèngi
 kalihnya angèmu waspa
 tan winarna solahnèki
 anèngira sakalih
 Pinongkawati Dèn Ayu
 wus panggih lan Pangéran
 Prangwèdana rinangkul glis
 waspa mijil gya ngandika Jèng Pangéran

15. wus bibi aja kèdawa
 sok padha slamèta sami
 wis dhèrèka Ratu Rukma¹⁰⁴
 mring pondhoké éyang sami
 tandya nulya lumaris
 gantya^h Tuwan Mèstèr iku
 ingkang ngundhangi wadya
 aprang kinèn samya uwis
 nora nana bicara wus rampung samya

16. lan wus ana ingkang dadya
 ingangkat Jindral dadya Ji
 Kajèng Pangéran Dipatya
 jumènèng Sultan Mètawis
 wadya Sabrang wus uning
 kang aprang wus sami mundur
 amung samya ngrèrayah
 sakèh wisma-wisma énting
 wong gègawa ngandhut samya pinèndhètan

17. sèmantèn abadinya Pangran
 Arya mring Ministèr ngiring
 tri Surakrama Wasita
 Surajaya ta ing ungi
 ingutus ngupadosi

^g BL MS. 'tinitih', one sy. missing in the line.

^h BL MS. 'gyantya'.

ⁱ LOR 'wisma dènsumèdi'.

mring Pangran putra sēdarum
myang babunya kawarta
kang putra cicir kēkalih
wus kanggya kang putra pēpak sēdaya

18. lajēng ngiring Mastēr Tuwan
mubēng mring Taman dhawuhi
té(n)trēmīng prajadikara
wong Jawa wus samya uning
nanging Sēpahi Inggris
tan pēgat ngrayah angrukud
yèn tan sukarsa mēdhang
kinarya sandi pēngambil
kēkēs nir tyas dadya tan ngandēl parintah

f.41r 19. mila taksih abu/sēkan
tan kēna kumrēsēk kēdhik
tuwin ijo-ijo abang
winēstan Sēpēhi Inggris¹⁰⁵
tuwin yèn watēn putih
lanang wadon samya kagum
nadyan prasamya Jawa
yèn mēmpēr pēnganggé Inggris
jola rungak mandirang tyas datan tahan

20. énthēng kang wujud lumajar
mila kēdhik para Mantri
datan watēn saprapatan
kathah kang samya malēncing
Mastēr wus praptēng Loji
Jingsim Dyan putra wus cundhuk
umatur mring Nalēndra
dinuta wasana ēnting
tandya Pangran Samayuda duk sēmana

21. ingapura Tuwan Jindral
myang putra wus kinēn nangkil
sowan mring Jēng Sultan Mudha
wus panggih nyaoskēn taklim
wus kinēn lēnggah jawi
mor raka lan rayēnipun
tan dangu pra Pangéran
sēdaya kang dēncēpēngi
kinēn sēba mring rakanira Narēndra

22. sēmantēn samya mardana
Pangéran nēnēm myang rayi
kang dērēng sinungan nama
tētiga jējaka sami
wus katimbalan Aji
sajruning gēdhong umangsuk
Pangran Jayakusuma

raka Pangran Pamot kalih
ri Pang(é)ran/^{105a} Sontawijaya tan klilan

23. winangsulakēn gya mēdal
Sang Nata tan arsa panggih
mung nēnēm ingkang kinarsan
ngabēkti sēca Raka Ji
wusnya gya mēdal sami
Pangran Natabaya kantun
dinangu kathah-kathah
wusnya gya tinundhung mijil
nulya Pangran Mangkudiningrat mardana

24. wus ngapura Tuwan Jindral
Tuwan Ministēr kang ngirid
wus prapta ngarsaning ra/ka
nulya kang rayi ngabēkti
rinangkul Raka Aji
nging kang rayi datan lungguh
jēngkēng ngarsaning raka
sajak (lir)^k wong sukēng galih
raka-rēngu ing tyas tan katarēng nētya

25. wēkasan nulya ngandika
adhimas lah i(ng)sun iki
wis ingangkat mring Yang Jéndral
sumilih rama dadya Ji
sira pa tēmēn ugi
rēhira ngratu sadulur
Pangran Mangkudiningrat
gya matur mring Raka Aji
ēsmu kēras turnya dhumatēng kang raka

26. inggih tēmēn kula Kang Mas
rumiyin dēlong^l samangkin
atur kula datan tiga
nanging sampun dēnēwahi
sabarang kula sami
sapatrap myang lēnggah ulun
kadosa kang wus klakyan
pangrēngkuh sihnya Sang Aji
ingkang raka ngandika iya tan uwah

27. apa adaté kang saban
dhimas ja kuwatir ngati
angsal sira tēmēn mringwang
nuwun aturē ka(ng) rayi
sawènèh grudèl mring Nata
dangu-dangu byak dhatēng Janapurèki
dhé gawé kiyana Nata

59. gawé susah gawé sumlang ati
gawé goyang ing tyas tan sadéya
pēngati-ati kang lumèh
ngowahkèn tyas kang alus
karya rēngat dhatēng sēsami
printah tinurut dawa
wēkasan ingadu
karya durakaning kathah
munèk-munèk samya durjana kang ati
panédha ingkang ala

60. duk sumantèn Nata mundhut sabin
sawarniné santana sēdaya
watès ngawan-tus ngandhapé
pējahan sikèp laku
nyong/ga Laji myang ing jrun puri
tak(ēr)-tédhak^{dd} nēgara²³³
tan kēna sēdarum
satus knèng kawan jung ika
milih sabin kang kadugèn inggang juti
yèn asor datan arsa

f.78v

61. nyaosi saé datan mradini
sawab bawahnya datan nēracak
kang alit yèn saé kabèh
mila won saé katur
yèn tan parèng samya sinanggi
piyambak kados soban

^{dd} BL MS. 'takrè-tédhak'.

santana agēbyag^{ee}
gya Nata mundhut pērtondha
layang ngantēp yèn nyata klar nyongga kardi
sarta amawa čap²³⁴

62. sampun watēn ingkang anyaos
datan arsa kinēyuk sēdaya
wērniné santana kabèh
kalčbēt kang Pēnèwu
inggih sami pinundhut sabin
kados kang mungčl ngarsa
cacahnya sēdaya
santana tyas samya susah
pan kapēksa ajrih timbalan Sang Aji
sumongga amēryoga

63. sampun ngēsthi yèn karsa Sang Aji
nglongi lēnggah santana sadaya
rērampan sikēp angsalé
sawab kabangus atur
Janapura kang sagah nyanggi
panguthik kancanira
kang drusilèng laku
susubal saguh mawi wang
tan wruh bēcik Sang Nata dipunadoni
ngčcrahkēn kang santana

64. wus tinurut anyaoskēn sami
sabin katēdhakkēn Janapura
mopo sagah nyamēlothot
sab sabin kirang bagus
dènujaa^{ff} Sri Narapati
milihi ngrurah-royah
santana kēh kondur
dadya anglēbarkēn ongka
wali-wali timbalan Nata nuruti
li(ng)sēm nut tyas wong moyang

f.79r 65. anulya kawangsulakēn sami
piniliyan kang awon tinulak
punapa wau lampahé
satatané prajèku
samya mēsēm ing dalēm batin
nētah kang (g)adhah rēmbag
sinērēng ing kalbu
pi(n)tēn laminya / kang praja
mèh akarya wong ala pēngaduning Blis
tan rēmba(g)^{gg} ing kraharjan

^{ee} BL MS. 'agēgbyag'.

^{ff} LOr 'yèn ojaa'.

^{gg} BL MS. 'rēmbah'.

66. lama-lama Sang Nata aparing
putra tri sinung nama Pangéran
arēnira kang sawiyos
Dyan Samawijayèku
kasih Pangran Adinégari
Radēn Poncakusuma
Ngran Suryabrongtèku
Dèn Mas Ambiya Pangéran
Adisurya Dèn Mas Yakub ingkang nami
Pangran Dipawijaya^{234a}

67. sumantēn pan mèh arja kang nagri
gya watēn corah wong alit kathah
badhé wotēn gēgēr malèh
usrēk wong cili(k) umung
samya ngilèk-ilèkkēn malih
dunya myang anak rayat
myang padésan gunung
Pangéran Mangkukusuma
tumul umyung wong cilik ngilèkkēn sami
putra dunya langēnnya

68. mri(ng) Bagèlèn laragira sami
Tanah Réma punika pēndhēmnya
Sulastri raning désané²³⁵
kēkēs praja pan umung^{hh}
Nata mriksa saklangkung runtik
tandya suwarèng wadya
kang ngili sēdarum
kinèn nyégati ing marga
lan kang gawé corah cinèkēlan sami
sumantēn Sēstracapa

69. abdi dhalang gēdhog lamun
ngri(ng)git²³⁶
duk Nata taksih angaDipatyan
cinēpēng nulya ginēdhong
lami tan sinung ucul
sawab karya tukang pawarti
kang corah ing sapraja
puniku kang tutur
mirēng jalma sanēgara
langkung ajrih myat duka Nata wong ngili
tē(n)trēm malih kang praja

CANTO XXIV (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti
sumantēn ing lama-lama

^{hh} BL MS. 'umungm'.

antawis dyi sasi mangko
wadya ingkang samya buyar
Ngayugja samya prapta²³⁷
prajurit sudagar ngindhung
santri ngulih^a wismanya

2. bang lor wétan kidul nagri
tanapi kilyan kédhatyan
myang jru bètèng mèh pèpulèh
lanang wadon ayèm tyasnya
dol tinuku amurah

f.79v / kang bras mèh pulih règeku²³⁸
muwah sahabènyya samya

3. myang panganan wus sèkalir
palang gumantung kasimpar
pala kapèndhèm pa déné
mas itèn sèla kamurah
soca rénda pupusan
myang wastra kang alus-alus
rayahan wah sing jrun pura

4. atanapi kang tumbak kris
pédhang bèdhil wèsi murah
kuning tèmbaka gangsané
arja kang wong sanègara
gèdhé cili(k)^b tan béda
tuwa anom ngisor dhuwur
mashur ing sadésa-désa

5. wadya lit kang sagéd ngèmpit
lanang wadon atémbakan
nampani Ngloji dunya kèh
suwarna tinumbas murah
nadyan bongsa Wèlonda
kang mardika sugih tuku²³⁹
mring bongsa Gris Sèpèhinya

6. sawulan pan taksih miring
bègjané kang sugih arta
kang brana tanbuh ènggoné
kang sugih kuna mèlarat
kang mèskin kuna sura
sugih kèdadak puniku
sangkang bèrkahing nègara²⁴⁰

7. adiling Hyang ingkang prapti
wradin jalma sanègara
ambélani ing Ratuné

^a LOr 'mulih ing'.

^b BL MS. 'cilit'.

tékan dunya samya bèla
angratu samya dunya
myang wèsi samya angratu
samya wèsi myang sèšèkar

8. myang tulis angratu tulis
kinarya paguyon jalma
gèmbyak ing akèh syarané
mongsa punika kang jalma
kang nèng salèbèng praja
yèn anaa jalma wutuh
tan tuk bèrkah Sultan Kèndhang

9. tanapi Naléndra ma(ng)kin
winèstan dunya kumambang
miring golèk mèrga tèmbé
pralah tan sabawonana
kinarya rumpun bondha
pinalipiran tyasipun
ilinga chajat kang rilan

10. sampun umbag guguyoni
mring jalma kang binawonan
kènèng bègal lan wrat tèmbé
mila kang sami rumasa
tompa kucahé Nata
sisèkah mumulé iku
tur dhahar myang Sultan / Kèndhang²⁴¹

f.80r

11. iba laminya Sang Aji
gènira jumènèng Nata
tri-likur taun laminé
jalma kang samya bèbondha
puniku bèrkah Nata
pèrmila kang samya émut
kang wètah asunga dana

12. myang tulung sanak kang bri(n)dhil
sabobotira maryoga
Allah anglironi tèmbé
sumantèn putra santana
sèpuh anèm wèrata
bèla li(ng)sèm mring Sang Prabu
dunya bèla dunyèng pura

13. amung santana satunggil
dunya raga datan bèla
nalar wus munya ngarsané
Pangéran Ma(ng)kukusuma
sumantèn mantunira
Pangran Natapura iku
sèba myang rinta Pangéran

14. Sontakusuma kang nami²⁴²
ing wau sinaduluran
pinèt putra mring ibuné
wus kadya atunggil wadhah
sangking karsa ramanta
Pangéran kadyi nyalimur
kalihnya tan békta rowang

15. ngènèr samya tan mawi kris
lapaking binlojod télas^c
ngèsthi tyas kadang sèpuhé
arsa anyambut curiga
déné wétah waluya
mardana sarèng anèmbung
putranta ingkang pangarsa

16. nyabda tan dwé kèris mami
anak mas mung Patih ingwang
puniku duwé sawiyos
yèn arsa sun silih nak mas
putra kagol kang nala
kabutih^d kang tyas anjèlu
ganti kang rayi aturnya

17. nyabda raka tan dwé mami
ingsun adhimas sayèktya
amung kang sun anggo kiyé
kang rayi kagoling nala
gya pamit samya pulang
grundèl kadyi sadèlanggung
tan winarna sak ing nala^e

18. lan ngèsahkèn kang nègari
kang Sinuwun Tuwan Jindral
mulunga tulis Sang Katong
bumi tri-lèksa punika
munya awotèn kuntrak
sih Sultan Upèrnèmèn Gung
balèngkèt ing salamina²⁴³

f.80v 19. lir Yang / Syargi sih Kumpèni
rumaosa yèn inga(ng)kat

^c LOR 'lapakipun binojotan'.

^d LOR 'kaduwung'.

^e LOR inserts a verse before v. 18 which is missing in the BL MS.:

17a. *sumantèn Sri Narapati
pinarak Bangsal Kèncana
lan Mèstèr Sukètarisé
amangun kang prajanjéyan
ganti surat myang (è)cap
kadya Swargi Yang Sinuwun
kang dadya rënaning trinya*

kèprabon mring Upèrnèmèn
Sang Nata kang tyas alumah
angsal raharjèng jangjya
sapa maléca kèsandhung
dinukan ing Gusti Allah

20. wus rampung bicarèng tulis
anulya Nata dèdharan
myang wédang kèmbul Mastèré
putra santana katèdhan
atanapi Bupatiya
sawusnya Naléndra pènuh
anulya Nata luwaran

21. Minèstèr wus mangsuk Laji
kang nangkil samya bubaran
sèmantèn putra Sang Katong
ingkang kinarya pangarsa
Pangran Dipanègara²⁴⁴
dhasar ingkang putra sèpuh
kang tyas condhok^f lan kang rama

22. lantip bèranyak bèrbudi
tan ulap dhatèng ing kathah
sabda luwès manis ajèr
anjangkahing wong sapraja
dhasar kaidèn ngrama
gèdhé cilik anom sèpuh
samya winèngku ing karsa

23. ngadani prakarèng Laji
mila Sènèn Kémis Pangran
sowan ing Laji rowangé
Pangéran Dipawiyana²⁴⁵
rinta Sri Naranata
ing lama-lama sinuwuk
pan kinarya pèndhak Achad

24. wus lami sinuwuk malih
Mèstèr tan rëna tyasira
mung kang gèng-agèng Bupatos
kèjawi Rèkyana Patya
lampahnya kadya saban
tan pègat Kajèng Sang Prabu
angula wisudyèng wadya

25. pèndhak ditèn Sènèn Kémis
sumantèn Pangran Bubakar
ginaduhan pradikané
cacah tigang-lawé karya²⁴⁶

^f LOR 'cundhuk'.

ingantukkèn lan saban
pinalih lawan Pèngulu
kang dhawahkèn wayahira

26. Pangéran Dipanégari
kang éyang nuwun aturnya
nanging yèn maréngi Katong
pradikan Magiri samya
lan Kitha Gèng ngong gadhah²⁴⁷
pinépèt dhatèng Sang Prabu
Pangran Bubakar turi/ra

f.81r

27. yèn tan parèng Sri Bupati
dugèkkèn atur kang lama
mung mi(ng)gah chaji chajat ngong
pinaringa sèwu lènggah
tan gi(ng)sir mung chajatnya
ingkang tinèlèng ing kalbu
amung chaji dhatèng Mèkah

28. wus mashur sadhèrèk sami
myang ulama akèburan
yèn Pangran chaji chajaté
nging Sang Nata datan klilan
kagalih Sri Naléndra
pan kathah pakèwédipun
ing kinaa datan ana²⁴⁸

29. nanging Pangéran wus lami
duk Jèng Sultan Ké(n)dhang mulya
nuwun kaji tan sung Rajèng
inggih tan pitajèng Nata
mila ingkang linènggah
dyi-atuș pèjah karyaèku
mung sèkèt kang majèng karya

30. pamrihnya éca kang galih
sarta gadhah pamèrdikan
sampun dinugèkkèn turé
li dèlasan ing punika^g
inggih tan sanès karsa
Nata drapon paman wurung
sumèdya kaji mri(ng) Mèkah

31. mila ginunggung mring Aji
ingumpak sinubal karsa
duk bèdhahé praja mangko
kang paman samya jinandya^h

^g BL MS. 'sapunika', one sy. too many in the line.

^h BL MS. seems to have 'jinan padya', one sy. too many in the line.

sampun watèn kang pisah
lan kula paman katèlu
sèmantèn Pangéran pisah

32. nging pisahnya tèmput samiⁱ
anèng ing Toyatumumpang²⁴⁹
wor langènira Sang Katong
kang ran Dyan Ngrayungasmara²⁵⁰
saputra Ngran Disurya
ingkang éyang lajèng mènghu
rumèksa wayah myang putra

33. gya ingajak mring Magiri
rumèksa Pangran Bubakar
nèng marga tuwin nèng è(ng)gon
sarèng wus tè(n)trèm ing praja
sinaosakèn Nata
punika katrimanipun
karyanya Pangran Bubakar

34. mila kagadhahan Aji
sèpali ingkang pradikan
nging Pangran ing karsa Katong
kinarya ngayèm ing t(i)yas/
chajat chaji wurunga
Pangran mèksa wéling atur
kang kinèn ajrih sèdaya

35. mung Dyan Pringgakusumèki
matur mring Pangran Bubakar
yèn karsa nèmèn sayèktos
bo/k sampun mawi pamitan
luhung lajènga mangkat
sawab pèdamèlan langkung
pamit Sang Nata tan suka

f.81v

36. kang matur sèdaya ajrih
Pangran Bubakar sabdanya
èsmu grah uning aturé
lah Adhi Pri(ng)gakusuma
yèn ingsun tan pamita
apa wong jaba katèngsun
rangkah tan klèbèng santana

37. aja pècak awak mami
chaji yèn ura pamita
santri ingkang akèh-akèh
kang tan tambang-pèrantéyan
yèn chaji pamit Nata²⁵¹

ⁱ LOr 'nging pisah cahampur sami'.

^j BL MS. 'tyas', one sy. missing in the line.

nuwun idi Sang Sinuwun
sèlamèta gon lumampah

38. ing mêngko ngong tanpa pamit
kapriyé pèkantukira
Dyan Pri(ng)gakusuma turé
punika yèn drèng ing karsa
yèn sumèné sumongga
nging kula ajrih umatur
kados sèdaya prikonca

39. kang agèng prasamya ajrih
Pangran Bubakar kagol tyas
nulya kondur wrat nétyané
tèkèng wisma pan rinasa
sumèné ngantya Pangran
kang putra pan wawrat sèpuh
yèn wus babar ingangkatan^{251a}

CANTO XXV (Sinom)

1. asmara sinom gumantya
Pangran Arya kang winuni
sumantèn gih kadhawahan
mring wayah ginadhan sabin
gih sarèng lan rakèki
Pangran Abubakar iku
tigang-lawé kathahnya
nging sawèg wara pribadi
dèrèng tamtu nanging sabin pèmaosan

2. nanging sampun dhinawuhan
mring wayahan Dipanagri
Pangran dangu tan ngandika
pinèt rasané karsa Ji
kapriyé sèmunèki
saumur critèng tan mangguh
wong ngèbang kagadhahan
dèrèng mulung wus dhawuhi
raning bumi tan jarwa baya kinira

3. drapon ayèma kang nala
ja rungèh kadya rarya lit
méri kang tuwa ginanjar
wong padha nyaoskèn kardi
mèsèm Pangran ing galih
f.82r / gya ngandika putu nuwun
pangèbang dalèm mringwang
gya wayah malèbèng puri
matur Nata Pangran dyi samya
bubaran

4. suma(n)tèn Pangéran Arya
kang tyas kajarwan pribadi
rasanè(ng)sun maksih méntah
durung katrima ing kardi
sinambi pakaryaning
sabarang sihnya Sang Prabu
mring kang tan ti(m)bang karya
sokur ing Allah kang adil
samya mulya kadang ngong lan Sri Narénda

5. mokal Sang Nata supéya
salaka ngong tuwin ngèlmi
Pangéran dhatèng sumongga
sarèhnya Nata lumiring
nanging kang trus ing ngèlmi
adiling Ratu Sinuhun²⁵²
dhasar marasèpuhnya
lumiring papaning^a Aji
wong sapraja samya non mirèng sèdaya

6. sumantèn nuju pasowan
glar nèng Kèmandhungan nangkil
pra santana sèpuh mudha
Janapura matur gipih
Bèndara timbalan-Ji
sampéyan katèdhan gadhuh
kang siti pèmaosan
tigang-lawé kathahnéki
ing Gèsikan²⁵³ dhusun paos saDè mangnya

7. Pangran nuwun aturira
Pangran Bubakar gya angling
adhimas pan kabènéran
si Gèsikan luwih bécik
ingong uwus udani
padésané luwih agung
kang rayi inggih turnya
ing kang tyas tan anglawani
tan kényanan sih Nata tamtu punika

8. ing wau dinalih sémang
mila sarèng lan rakèki
drapon Pangéran Bubakar
lumiringa karsa Aji
atampiya sèpalih
pèrdikan lan Ki Pèngulu
ing wau kang pèrdikan²⁵⁴
ingrèh Ngran Bubakar sami
lawan pinrih wurunga chaji mring Mèkah

^a LOr 'pamaning'.

9. kang rayi pan kinaryaa
tingalan raka sih Aji
kang béla ru/mèksèng Nata
kang tan pisah ing pakardi
kang nuhoni sètya (t)win
kang anilar praja Prabu
sumantèn sèdhèngira
dadya siwah^b sing pènganggit
Pangran susah nging taksi(h)^c narimèng
Sukma

10. mokal Sang Nata supéya
ing adil dugi pèryogi
kalèbèt èbuking praja
ngèsmi (twin) (yu)danègari^d
adil dugi prayogi
wus tamtu ugèring Ratu
nulya watèn utusan
kang wayah Ngran Dipanagri
nyaosakèn Dèmang Praptagèna pincang

11. apan uwus tinampènan
dinangu Pangran angsaling
prajurit Mondrapèrtama²⁵⁵
anyar sawèg sapuniki
kinarya Dèmang mami
Dyan Janapura kang sinung
tigang-lawé maosan
atas Pangran Dipanagri²⁵⁶
ingkang ngandhap namèng lèksana
karyèngwang

12. kang gadhah mosan punika
Pangran angandika aris
déné siwah^e lan kang basa
dudu sira ingkang nyanggi
Dèmang Gèsikan ngarsi
wong lawas ingkang amanggal
sira apa wis wikan
bumi tèlung-lawé iki
Dèmang matur dèrèng pariksa sèdaya

13. mung dawèg raré kawula
mriksa palèncatan ugi
kèjawi wotèn ing sèrat
angsal kèpanggih kang nami

^b LOr 'sliwah'.

^c BL MS. 'taksing'.

^d LOr 'ngèlmi tuwin undanègari'; BL MS. 'ngèsmi

tuwin danègari'.

^e LOr 'sliwah'.

Pangran mèsèm ing galih
lah wis wètonana^f gupuh
lawan bucahku Lurah
wus mintar tan lama prapti
dhusun Pajang wus cundhuk lawan Jèng
Pangran

14. umatur sira pun Dèmang
sampun kula amriksani
sarta anampèni bawah
kang slawé tiyang satunggil
Jagati (ing)kang^g nami
jung sèkawan p(è)jahipun^h
tan mawi barang-barang
paos ngong ingkang murugi
sampun klampah duk wau sabin punika

15. / ingkang sèkèt èjung karya
nging kirang cacahing sabin
sangané jung ingkang kèpa(ng)gya
kang tri jung sirah tan pa(ng)gih
wotèn kang mungèl tulis
Dyan Jayèngsari kang gadhuh
Pangran Sontawijaya
sajung Pangran Dinègari
lajèng kula nganggrak sabin tri jung ika

f.83r

16. lénggahnya namèng lèksana
saba punika kangⁱ maris
sabin sampun katiyangan
kasukakakkèn ing kami
dados wara pribadi
mila ngong anggrak puniku
kang sami pamèdalnya
Pangran mèsèm jru tyas runtik
langkung èwèd dudugènira maryogya

17. bobotan lah ana sira
Dèmang apa sira dugi
nyongga kang sèlawé ika
Dèmang matur tan kuwawi
sab pèncar tèbih-tèbih
kèjawi sèkèt puniku
kang ragi clak sabawah
yèn rampung kang tri jung Gusti
nulya Pangran utusan dhatèng kang wayah

^f LOr 'wètokna'.

^g BL MS. 'Jagati kang nami', one sy. missing in the line.

^h BL MS. 'pjahipun', one sy. missing in the line.

ⁱ BL MS. 'ingkang', one sy. too many in the line.

18. Pangéran Dipanégara
 kang yang matédhani uning
 pèrkawis kang mungèl ngarsa
 lan bumi slawé karsèki
 karsaa angli(n)toni
 kang ragi saé puniku
 ingkang sinanggi ka(ng)kat
 ing Dēmang pakaryan Aji
 sab Pangéran minta tēpang^l Janapura

19. turnya Pangran Dipanagra
 matura yang sun tan ba(ng)kit
 bumi sēmono ku uga
 sun kang nglurokakèn ugi
 ingsun bingèn^k dhawuhi
 mring éyang timbalan Prabu
 ingsun ja nganti cidra
 wong tan wikan ala bēcik
 wis matura utusan anulya mēsāt

20. wus prapta matur mring éyang
 kagyat Pangran jruning galih
 ginalih wayah silih tyas
 tan tēmēn ciptaning galih
 gèsèh kang wus kawijil
 tan darbé yang mung puniku
 nadyan Sri Naranata
 ngaturan tandy(a)^j man ka/lih
 nadyan kathah paman tēmēn lan gorohan

f.83v

21. sawab rowangnya bēk pējah
 grah li(ng)sēm samya ngrē(ng)gani
 Jumungah nēng mēsjid turnya
 lèring ngimbar mring yangnè(k)ⁱ²⁵⁷
 (pintēn laminènèki
 satriya nom gēng apangguh)^m
 supé mri(ng) kasaénan
 mandah dēnbanaa rukmi
 rētna muncar lagi sēmantēn kéwala

22. wus luhur lali kawitan
 Pangran tinētēl kang galih
 anarah sumongga ing Hyang
 mugī sagēda nglampahi
 sumantēn ingkang sabin
 sinrahkēn Janapurèkuⁿ

^l LOR 'Dēmang'.

^k LOR 'dhingin'.

^j BL MS. 'tandyé'; LOR 'wandé'.

^m These two lines are omitted in the BL MS.; I have followed LOR.

ⁿ LOR 'Dipanégareku'.

ing wau kang dinuta
 matédhakakēn kang sabin
 Janapura dhasar kang minta punika

23. sarta kapatédhan ka(ng) srat^o
 Radèn Janapura tampi
 sagah nglintu kang sor ika
 tan susah katur Sang Aji
 kang tigang jung pangarsi
 kang tan watēn pan asaguh
 lama-lama gya luwas
 saguhé abèr pribadi^p
 sri(ng) sinērēg ngubēngkēn ayēm kéwala

24. bumi kang nēng ngrika-ngrika
 pan kinèn ngambil pribadi
 nēng désa kinèn andhadhal
 kang slawé tan dēnsaguhī
 tan watēn lirunèki
 Pangran tyas kagol saklangkung
 wus Dēmang bēgjanira
 sun ungsèkkēn tan tuk kardi
 ingsun gadhuh bumi babrok tan
 ké(s)junggah^q

25. anulya akarya surat
 sinung Janapura tampi
 pamèlèh wau saguhnya
 kathah kang mungèl kéntaki
 wékasan ngong tan nampik
 sih dalēm kang kēdhik agung
 nging kang tan arubēda
 jēnēng gadhuh mosan Aji
 kang kawawa nongga wang barang pakaryan

26. sinungan bumi bobrokan
 Dēmangnya tan kwawa^r nanggī
 dhasar ingsun tan anēdyā
 yèn kadya karsa puniki
 misra apa wak mami
 kalokèng ginanjar ingsun
 tan bisa nulung sanak
 budi kang répot jal(m)a^s stri
 ingkang murka wēkasa/n mèri sēdaya

f.84r

27. gya Dēmang sinrahkēn sigra
 Janapura sabdanèki

^o BL MS. 'kasrat', I have followed LOR.

^p LOR 'saguwé bér pribadi'.

^q BL MS. 'kēcunggah'; I have followed LOR.

^r BL MS. 'kawawa', one sy. too many in the line

^s BL MS. 'jala'; I have followed LOR.

lêrésé dhatêng kang wayah
Pangéran Dipanégari
duta ngling amangsuli
sab sampéyan ingkang dhawuh-
akèn timbalan Nata
amêtédhakèn kang sabin
mongsa borong katuripun Sri Naléndra

28. gya Pangran Arya utusan
mring Pangran Dipanégari
lamun gadhahan maosan
sinrahkèn Janapurèki
ingkang yang tan kuwawi
sumongga katur(ng) Prabu
kang wayah kagol ing tyas
dursilaning tyas ya uni
sinamur tyas nuwun sun katédhan priksa

29. Pangéran Arya nuhun' Hyang
Kang Murbèng Asih Umati
Gusti Allah tutulunga
lampah ingkang améryogi
èngéta Sri Bupati
gadhadh paman marasèpuh
sampun nganggé kirèng tyas
wrat sih anglabuhi pati
Sri Naléndra sampun kaciwèng pocapan

30. kasèbut adilnya kirang
tan priksa karya^v lan bècik
angsal wongé dadi manah
nadyan tan aputang kardi
sininggihkèn ing Aji
potang karya yèn tan sèrju
pan kinlamprakkèn uga
nadyan potanga dunya di
Pangran Arya nèdhèng Hyang sampun
mangkana

31. sumantèn Pangéran Arya
kinarya pocapan lathi
lamun bégja kèmayangan
pèthikané satriya di
anuhoni sayèkti
ing tèmèn rumèksèng Prabu
dhasar marasèpuhnya
kinira tan na tumandhing
sura tètèg sujanèng budi raharja

32. nadyan mring Sinuwun Kéndhang²⁵⁸
sarèhnya inggih lumiring
ki//nèn prang sabarang karya
duk karta unjo sésami
nging Nata tan ngyèktosi
jinuti sab marasèpuh
ing putra Ngran Dipatya
winastan ngadon-adoni
duk karajan kagalih tumut angangkat

33. drusila ngènirkèn Nata
ginèbyugkèn ingkang juti
sajati rayi tan mémba
tan wruh sabarang pakardi
mila ru(mi)yin^w sami
kang juti ngènèngkèn Prabu
sinuda bawahira
datan sinungan anangkil
Pangran Arya sinuluh tan na awonnya

34. nanging kabèkta ing putra
dadya panas pribadi
sinrènging duka Sang Nata
dadya wang-wang tyas kagalih
kèdhap netya amingis
kongasing sabda nram^x kalbu
duk Pangéran kinarya
utusan kalannya jurit
ngatya-atya Nata yèn nyabdèng arinta

35. samargannya wong tan bliila
wèkasan manggih basuki
rinèksa malaékatnya
Gusti Alah anduluri
Panutan amayungi
luwurnya nèng ngarsa pungkur
pundi tan antawisnya
sadaya santana sami
na(n)dhang tiwas lingsèm myang atilar praja

36. tan watèn lir Pangran Arya
ing dalèm mongsa puniki
dadya kondhang ing sapraja
nging dèrèng bégja pribadi
mila nuhun Hyang Widi
pinèrès tyas siyang dalu
mulyaningrat kusuma

^v BL MS. 'nunuhun', one sy. too many in the line.
^w "LOR 'awon'.

^v f.84v is blank in BL MS.

^w BL MS. 'ruyin', one sy. missing in the line.

^x LOR 'kongasing sabda nrama ing kalbu', two sy. too many in the line.

myang satarutusnya béji
sinihana Gusti Alah myang Panutan

37. tuwin pugëraning praja
jalma samya amlas-asih
mring satarutusnya bénjang
Pangran mangkya sik ing galih
yèn sun santër anangkil
pasëmonira Sang Prabu
tan asëdhut ing nala
képyan smu tan ngraos Aji
pan kalèban wibawa murah ing praja

CANTO XXVI (Dhandhanggula)

f.85v 1. sèkar dhandhanggëndhis kang gumanti
prajadikarèng inggar sujalma
gëdhé cilik tu/wa anom
satriya myang Tumënggung
kang kinula-wisu(dh)èng^aAji
ambèk raharjèng muwah
gung kamulyanipun
anata sapëryogyanya
Nata miyos ing Sëptu angunggar dasih
watang lir kadi saban

2. Tuwan Mastër dhèrèk amiyosi
punapa^b adat Naléndra Këndhang
patrap tan ana bédané
Prabu sih Mastër langkung
sih-siniyan barang patraping
tan na kèdhap cawèngah
carèm mor tyas sërju
kondurnya mawi dhèdharan
nginum wédang wradin santana Bupati
myang jalan kaki jaga

3. malah apsari aniningali
yèn miyos Sëptu nèng Sitibëntar²⁵⁹
u(n)tabé kang tégar tinon
smantèn Tuwan Mastërku
nuwun pamit mring Kèdhu sami
Nata Bèkël myang Dëmang
ing Kèdhu sèdarum
Purwadipura binë(k)ta^c
Danukrama pun Jayalèksana katri²⁶⁰
sumantèn wus kalilan

^a BL MS. 'kinula-wisudèng'; I have followed LOR.

^b LOR 'punapa dhèrèk adat Nalindra Këndhang',
two sy. too many in the line.

^c BL MS. 'binèpta'.

4. nulya ma(ng)kat tan kawarnèng margi
jujug Magèlang tarubing wadya
Jingsim pamugari gëdhé²⁶¹
sumantèn wus sumuyud
asrah cacah bumi myang jalmi
myang paos tinampunan
Purwadipurèku
kadyinya pun Danukrama
mawi nayub Minèstèr ngènakng tyasing
mring wong désa sèdaya

5. samya wèdi-asih jalma alit
mring Tuwannya dhasar sagéd basa
ing cara Jawi kang lumèh²⁶²
lami wotèn ing ngriku
Ardi Tidhar dipunrèsiki²⁶³
ngandhap kinarya tégar
wadya Kèdhu anung
Tuan Mastër aningal^d
langkung suka sumantèn mancanègari
Yugja ingkang sampun sah

6. kang katèdha ing Upèrnèmèn Gris
wus tinampèn lir^e Kèdhu lampahnya
Bupatènira linorod
datan arsa angingu
mung pra Dëmang kang sinung galih
Bupatya ing Ngayugja
kathahnya sapuluh
kang / dhongkol anèng ing praja²⁶⁴
Lurah Radyan Prawirasantika rani
nèng nagri Bauwarna^f

f.86r

7. Dyan Sasradiningrat Bèkèlnèki
Sumadirja lan Malangnègara
Dyan Natadiwiryana nèmé
Dyan Natawijayèku
ponca Jipang^g ingkang nègari²⁶⁵
Radyan Sasranègara
dyi lan ramanipun
Tumënggung Sasrakusuma
ing Grobogan punika ingkang nègari
Samadipura Japan

8. Tumënggung Yudakusuma nagri
Wirasari wijining ngamonca
pamèk nagri kantun dhéwé

^d LOR 'awas ing tingal'.

^e LOR 'ing'.

^f LOR 'Batuwarna'.

^g LOR 'Poncadipa'.

sawab wékasan ébuk
 duk bicara kl(i)wat^h puniki
 tan padya ingunusa
 mila Sang Aprabu
 kèndèl tan ngulungkèn sira
 ing buk lawas Marèskalèk kang ingudiⁱ
 Wirasari Grobogan²⁶⁶

9. mila kinèn mantuk kang gadhahi
 Tumènggung Dakusuma sagarwa
 Dèn Ayu mrasèpuh Katong²⁶⁷
 tèkèng wisma dyi dalu
 pun Kumèndhan²⁶⁸ angambil nagri
 Dyan tan suka smayèng srat
 nganti printah Prabu
 Kumèndhan kurda kalintang
 Dyan tinundhung gya wotèn gandhèk
 Sang Aji
 nimbali sribid Radyan

10. gandhèk²⁶⁹ pun Jiwawardaya raning
 kang pangarsa bèkta tri kancanya
 wus dhawuhkèn dhatèng Radèn
 sandika aturipun
 karya tulis Radyan wus dadi
 tèmbungnya mring Ki Patya
 anuwun kapèthuk
 sawab sangèt kuwatosnya
 wotèn margi Dèn Ayu tan watèn ngiring
 myang kang bèkta jajaran

11. tuwin kagungannya pikul sami
 datan wotèn kang bèkta sèdaya
 tiyang bumi ngong brah mangko
 pan batèn watèn purun
 pun Kumèndhan pan angsung jalmi
 sèkèt pan sampun buyar
 mila kamipurun
 kula nunuwun parintah
 sangking dètèn répot kula Ki Dipati
 ngrèksa lirnya Bèndara

f.86v 12. lan kula sangèt anandhang saki/t
 konca gandhèk dika priksa pyambak/
 kawula satèngah layon
 sampuna Gustiningsun
 Radèn Ayu ingkang ngimpuni
 sabarang-barang karya

^h BL MS. 'klawat'. I have followed LOR.
ⁱ LOR 'oooo'.
^j BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

kula datan tumut
 mung Bèndara kang parintah
 gya pun Jiwawèrdaya anuwun (p)amit
 lan kawula Bèndara

13. nuwun sangu tigang-dasa inggris²⁷⁰
 Radèn Ayu nyabda w(a)ng^k tan gadhah
 mung pitung réyal sun awèh
 sangking répot ngong klangkung
 dika uning pyambak ngong iki
 sangu ngong nyilih Cina²⁷¹
 ngong karya buburuh
 pun Jiwawèrdaya turnya
 mangké kula ngundhangi wong turut margi
 saos ngiring Paduka

14. sampun kuwatos barangnya sami
 anggèr kula printahi sèdaya
 tamtu kèh gèrbèg Sang Sinom
 lan kula was saklangkung
 tindak omba rakanya sakit
 nadyan watèn susulan
 sing Yugja pan kantun
 yèn botèn sagèd kawula
 paparintah jalma ingkang turut margi
 Dèn Ayu angrèrèpa

15. gih konca gandhèk kula turuti
 dadiya utang kula nèng Yugja
 pasthi ngong aturing tèmbé
 nging sawatèn puniku
 dika gawé was wong kasyasih^f
 gandhèk amit gya mèsat
 tan ambèkta sangu
 mung srat lajèng dhatèng Yugja
 saguhnya^m undhangi wong tan dènlakoni
 Radyan anulya mangkat

16. pan samarga ngarsa-arsa jalmi
 saguhnya gandhèk ingkang ingarsa
 samarga tan ana uwong
 sumantèn Dyan Tumènggung
 sakit sangèt Dèn Ayu ki(ng)kin
 sadalan rèréyungan
 kang bèkta tan cukup
 dangdanan tandhu bèbèrah
 katujuné kang tyas Radèn Ayu lantip
 mupugi gunèng priya²⁷²

^k BL MS. 'wong', I have followed LOR.
^l LOR 'wong kang was-asih'.
^m BL MS. 'saguhannya', one sy. too many in the line.

f.87r 17. satëbaknya kang réka cumawis
sawawratnya ginëtak anjola
tan kawarni margi mangko
sëmantën Sang Aprabu
galih anggèn ingkang prajurit
du(ng)kap Garëbëg Si/yam²⁷³
(a)miyos^r Sang Prabu
inggih Mastër saos Nata
myang Sukëtris Inggris²⁷⁴ kang kathah lir
lami
sabarang patrap ngarsa

18. nging sudané jalma praja kédhik
wong désa kèh kang datan mardana
mri(ng) nagra cundhuk Lurahé
suda prajurit anung
myang dangdanan kèh sudanèki
sawawrat anyar bédhah
ing praja wus agung
paglaran pan datan éwah
laku linggih solah muna lawan muni
minongka panëngëran

19. duk sumantën Pangéran tan nangkil
Arya Panular tan kadi saban
Sënèn Këmis (myang)^o Sëptuné
nadyan malëm puniku
ngantos Garbëg tan arsa nangkil
nanging sowan nèng jaba
lir nininga iku
sidik sèdaya lampahnya
wrin ing jawi kathah kédhik ingubëngi
lir kadi tingal Nata

20. nadyan Sëptu gih sëmantën malih
lamun Nata miyos nyilimur Pangran
rumëksa sandining uwong
kang juti mring Sang Prabu
duk Garëbëg watën pawarti
corah ing wong sapraja
atèn prang puniku
mila wong ngili Lurahan
lanang wadon mila kédhik wong nègari
èstri tan niningala²⁷⁵

21. dlasan Kadospatèn gègèr sami
Kajëng Ratu Gëng malëbèng pura
myang Ratu Wétan gé-agé

ngili mor dalëm Ratu
Kilèn Mangundipuran kriyin^{275a}
kang putra langkung kagyat
praptané kang ibu
lir ngili Gërbëg mangsannya
wus jinarwan langkung duka Sri Bupati
ingkang dalëm pawarta

22. wus linuruh pan binucal aglis
apsarinya pyambak^p lan babunya
sëmantën Pangran Aryané
mila sowan jawèku
drës ing warti kang manah watir
sumëkta sasikëpnya
nging lampah nalimur
pëngajëng putra sèkawan
kang ginërbëg ing wadya Pangéran wingking
prayitna nyandining tyas

23. sayëktosnya tan na kawis-kawis
/ wus luwaran Garbëg kondur Nata
mangsuk Pangran Dipa(ti) Nom
Ngloji ing sawadya gung
kados ingkang lampah rumiyin
mung prajurit kaotnya
kédhik ingkang mangsuk
sumantën Pangéran Arya
sampun karya tulis lapur wayah nèkëng
Pangran Dipanëgara

f.87v

24. lapaking tan sowan Sri Bupati
angéwahi kang sampun kalakyan
Pangran pan watën pamriyé
anyarëmakën kalbu
(Sang) Nata lawan (ing)kang rayi^q
tuwin mri(ng) paman-paman
tyas wora lir madu
Nata siha mring santana
kang sëntana trësnaa awëdi-asih
ja sumëlång mri(ng) Nata

25. yèn watën Pangran Arya kang galih
pan cawëngah nyuprih rakèt ing tyas
ngongaskèn batur kalumèh
nadyan karyaa sadu
tur maryogi lëgi lir gëndhis
tangèh nukma apasang
pasëmum myang guyu

^r BL MS. 'miyos', one sy. missing in the line.

^o BL MS. 'Sënèn Këmis Sëptuné', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

^p BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line

^q BL MS. 'Nata lawan kang rayi', two sy. missing in the line.

ngraos tan kandël salira
nadyan Nata yèn darbéya sih ing sami
yèn watèn Pangran Arya

26. anganjara Nata tan kawijil
yèn mriksa kang paman pan karasa
duk papa ingëtutaké
tan na sawiji anung
kang rumèksa myang tèkèng Ngloji
mila Pangran tan séba
yèn mēgat marga gung
karya cawēngah ing nala
ing akathah mila Pangran angunduri
nyuprih arjaning kathah

27. dhasar Sri Kinarpa pangdika Ji
mring kang uwa paman myang arinta
kang wruh laku jantraning ngong
mung Paman Arya iku
kang sinungan sabda tyasna nir
tumungkul krasèng nala
sētya tyas tan tuhu
pramila Pangéran Arya
lami datan nangkil anyuprih carēmi
budi-arjaning praja

28. lan kang wayah kapatēdhan uning
yèn dèrèng sumrēp wataknya kang yang
langkung gēng kaisinané
tan watak goroh lunyu
bèbrèsētan myang mundar-mandir
watak laré tan arsa
linabong ing guyu
f.88r umbag drusila / kamurkan
nistha gawé luput ing bènēr sēsami
tan padyèng-padyèng karsa

29. tan langkung mung rahayuning pikir
myang satarutusnya kabèh bēnjang
tuk asih Hyang Panutané
kina mulané Ngratu
tuwin ba(ng)kit malēs sēsami
kasaēnaning kathah
lirna sih Sang Prabu
rumèksa salirèng Nata
myang ing praja nanging kēmukalan ugi
ngisor bisa mlēs sihnya

30. amung sira kang bisa nitèni
ēmas putu ja uwah kang sabda
pangandēlmu marang ingong
satuhan iklas kalbu

réwang wirang labuh Sang Aji
dadya alara-p(é)jah'
sira ya ngong labuh
tan nyana pan dadya mulya
sih ing Gusti Allah anulung umating
kanugrahan arjèngrat

31. yèn sumēlang sira mring ngong sirik
Walahu Alam ujaring Kitab²⁷⁶
biti chadi kumul ngèjlané
fatubu Illallahu
bari ikum uwa saobi
pramila mawi basa
Arab yang karsèku
mongsa punika kang wayah
pan kinarya dadya pugéraning nagri
sabarang karsèng Nata

32. ingkang tyas yang pan asēmu watir
déné kang wayah kēdhaping nétya
solah muna doh manisé
kados tan mor ing kalbu
sokur Allah aparing gilig
anunggila sarasa
mring éyang puniku
sēmantèn ing lama-lama
Pangran Bèi tuwin Pangran Mangkubumi
gina(n)jar ing busana

33. rasukan kampuh sawat wanèki
calana gubèg samya awisan²⁷⁷
rinta tan prabéda mangko
nging ri amawi sinung
kang kandélan tinrèngtēs sami
ing rētna inggaring tyas
kang rayi puniku
/ gērbèg samya inganyaran
pra santana tuwa mudha sarèng uni
kathah karasèng nala

f.88v

34. sarèng miyos Sēptu tan anangkil
tan kagyat d(é)lasan⁴ ingkang uwa
tan sowan runtik Sang Rajèng
sakundurnya Sang Prabu
kang kagiyar pun Sukètaris
sung srat Ki Adipatya
winradinkèn gupuh
mring santana sēpuh mudha

⁴ BL MS. 'pjah', one sy. missing in the line.

³ BL MS. 'dlasan', one sy. missing in the line.

ungéling srat punapa tan sowan sami
miyos Sēptu Sang Nata

35. punapa datan rēmbug prasami
gon kula bangkat kēprabon Nata
déné tan sēba sawiyos
kula anēdha tutur
kawrat ing srat piyambak sami
yèn pasthi datan layak
ngong suwun Sang Prabu
sun ukum nèng Laji Bēsar
sarèng mriksa sadaya tyasnya samya nir
samya asuka sērat

36. angucapkèn pambèngannya sami
wènèh grah puyèng bédharan panas
salira miwah bērkoyok
myang tingal wènèhipun
datan watèn ingkang angiring
dangdanan miwah kapal
akathah turipun
mung Pangran Arya Panular
kang tan arsa ngangsulitansah ingudi
mring printah wus sinabdan

37. wangsulané sakèkèh ing sami
wusana Kajèng Sang Sri Naléndra
sēmantèn Pangran Aryané
sotèn atindak gupuh
pa gya wayah Ngran Dipanagri
nukma srat ingkang dhawah
yèktos sapuniku
kanggé yang nulya ngandika
ris mring wayah wingi ana duduka Ji
kapriyé ingkang dhawah

38. ingkang wayah matur inggih sami
kados kang mungèl ngarsa punika
kang yang nyabda mor asémé
tēka dahwèning wuwus
anglanthèyan kang tan kapusthi
yèn tan tēpung ajangkah
lan sira Mas Putu
ingudi mongsa ngakuwa
f.89r dēncorana bunyak ing/kang wayah angling
jēr mērganané éyang

39. sēpi titis tan watèn satunggil
kējawi amung sadhèrèk kula
rinaos tan éca mangko
kang yang ngandika arum
lamun kulup akarya kingkin

susah santana samya
angraitèng kalbu
Nata suda kang pèngwasa
nèkkèm mangang tan kontap wékasan lyaning
kurda karya wēsésa

40. aku bangēt panuwunku kaki
upamanya wit kèlor kang praja
lagi (a)sēmi jongroyo
sinēmpal barat agung
upaminya lakon puniki
nyingèn pèrkarèng sawah
pinundhut Sang Prabu
satus matang jung sèdaya
tan kalilan bongga sikèp barang kardi
padha kaliru tompa

41. ngétang Sang Nata ngèlongi sabin
mulané nuwun sino(ng)ga dhawak
bot anhang pakarya Rajèng
tan suka Sang Aprabu
susah (kang) santana (pra)sami'
nyaoskèn bumi ala
tinampik sèdarum
wékasan ngudi pèryoga
bumi iku santana akèh tan bécik
bènèh bumi Bupatiya

42. nyaoskèn bumi kang sèdhèng sami
saboboté buminé santana
kang mélik tan tompa mangko
milih kang sènèng kalbu
kang tan dhémèn kinèn prasami
anyongga kadya saban
sah lan karsa Prabu
iku padha wus rēntèng tyas
mèngko wuwuh arèp diukum mri(ng) Laji
mandahané kang nala

43. yèn sama anutuh(a)" Sang Aji
angganjar busana datan sama
wékasan samya ngèlèh-lèh
prandènyanya duka Prabu
gunung dhuwur dipunurugi
jurang tan karawatan
kang risak saklangkung
nyabda Pangran Dipanagra
inggih ku yang kang matur a(ng)ganjar sami
drapon animbangana

' BL MS. 'susah santana sami', three sy. missing in the line.

" BL MS. 'anutuh', one sy. missing in the line.

f.89v

44. ing pênganggya Yang Pakualami
 / miwah pênganggé Man Suryaningrat
 samya larangan këraton²⁷⁸
 ingkang kathah puniku
 mila datan éyang kagalih
 nyata dèrèng kagungan
 angganjar tan cukup
 ingkang kinarya punapa
 kang yang nyabda mongsa kuranga Sang Aji
 pira kèh ing sèntana

45. dinangu wa dangdanan kang ngènting
 layat akampuh lawan cèlana
 tanpi bajo yèn tan duwé
 salah siji puniku
 katèdhan awrataa sami
 dadya tyas datan kontap
 mung budi rahayu
 sun ngrungu saklangkung nangga
 dyi ginanjar drapon suratnya sya(ra) nir^v
 kaciwa tan kawratana

CANTO XXVII (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti
 wayah ngong sun priyé uga
 apa tan ginalih Rajèng
 déné wus lawas mangsanya
 wus kèh kinula-su(dh)a^d
 upama wong mangan kèmbul
 wus padha ngakahi ajang

2. kang tan milu angratèngi
 acékoh pèngakohira
 ingsun putu dèlèng baé
 ingkang wayah aturira
 inggih ing wau éyang
 kagalih dhatèng Sang Prabu
 nanging sapunika datan

3. ginalih sawab yang kami
 ing Garèbèg tan mardana
 myang saos salam mring Katong
 malah ginalih sampéyan
 miwiti Sri Naréndra
 kang yang kagèt nyabdèng guyu
 déné tèkaa lah sapa

^v BL MS. 'syanir', one sy. missing in the line.

^a BL MS. 'kinula-suda', I have followed LOR.

4. miwiti ngajak pèrkawis
 nanging ingsun wus anyipta
 wong lawas-luwasa barangé
 sakalir barang pèrkara
 gulèk cacading ala
 dadya bènèr lèhku mundur
 Sang Nata kagungan karsa

5. anyuprih kang datan yukti
 kagiwang inggaring kathah
 mila abèr lènthé-lènthé
 sih (Sang) Nata (a)pan^b kaya
 kadi wotèn kacipta
 lidok ing ma(ng)ké Sang Prabu
 galih supé mara(ng) ingwang

6. / mula ngong tan séba lami
 ya sun nampani sèsmita
 lèjèm kang kadya mangkono
 aja nganti Sri Naréndra
 cinacad ing akathah
 wit kènalari salirèngsun
 yèn ngong kèrèp^c amardana

7. wong akèh samya angèsthi
 sapa kang datan miyarsa
 yèn sun kyat labuh Sang Katong
 ing mangkya Nata wibawa
 kang akèh winisu(dh)a^d
 ngong jrajat^e pan durung kumbul
 Nata kagèpok niyaya

8. tan wlas sètyanirèng dasih
 tan galih ing kabècikan
 apa kaciwané kuwé
 dhasar dadi maratuwa
 sètya budi raharja
 lyan manèh kagliya / Prabu
 kang padha pating balèsar

9. kapriyé gon gulèk bècik
 angluwurakèn dèrajat
 kaya mangkono tan kanggo
 apa bècik kang lumalya
 ngudhal wadining Nata

^b BL MS. 'Nata pan', two sy. missing in the line.

^c BL MS. 'krèrèp'.

^d BL MS. and LOR 'winisuda'.

^e LOR 'drajat'.

/ LOR 'kang kagliya'.

f.90r

supata kinarya umbul
brèsèt lamisan kang sèpta

10. dèndolana ing pakardi
sarègèp manèh iyaa
paséban dènkongsi mapol
iku sarining pakaryan
maksih kinirèng Nata
apa jungkir nyunggi mikul
pincangan kang antuk karya

11. tan dadi kacaning sami
tèpa tuladhaning kathah
tan kapingin kang mangkono
luputa ato(m)bok nyawa
mung Allah kang narima
bècik ingkang samya mawur
prapta numpang tyas Sang Nata

12. sèprandéné sun tan arsi
kang rasan kadya mangkana
maksih narimèng Hyang ingong
yèn durung bèrsih Sang Nata
lagya kinarya aglar
mung rumèksa ngong kang pu(ng)guh^g
mring Nata karyaning praja

13. kang gèpok Sri Narapati
mula dak pamakèn ingwang
ngadhèp boja sri kèh tinon
nging kari muluk pèngrasa
anu/lya ingsun tilar
iku pamrih ingkang ayun
dadyaa ucaping kathah

f.90v

14. mèh muluk aninggal kang sih
ala lèbar saking ingwang
dudu èbé sèka Katong
ingong kang tinètah kathah
wus bubuhané ngandhap
luhura lèrès Sinuwun
iku pamrih ingsun ngarsa^h

15. dadya ron wong madal kang sih
ing kathah tan mrina mringwang
satuhu kèncèng San Rajèng
sangking pyuh arja tyasingwang
ing mèngko Sri Naréndra

galih was gègèt kang tan yun
dadya kalèbu niyaya

16. Allah kang tan angsung ugi
mulané ingsun kagiyar
apa déné anakingong
Dèn Ayu Rètna Diningdyah
kagiyar ing sapraja
sèsmita Allah kang agung
kagaliya Sri Naréndra

17. kang èning dènkadiⁱ warih
pèrmilané datan pisah
duk rusak praja Sang Rajèng
kala kapupu Sri Nata
binèkta Laji Bèsar
ya sutangong ingkang tumut²⁷⁹
wirang labuh Sri Naréndra

18. kèjabané Ratu Rukmi
nadyan dadya aboyungan
Allah tan sinung lumèbèk
sihing Hyang kinarya tondha
nadyan lanang wadona
pundi kang labuh ing kèwuh
sabarang raning utama

19. kinaot samining jalmi
pèpèsthèn ing karsa Allah
dinèlingakèn sètyané
datan kadi garwa kathah
ing mangké Sri Naréndra
sanès kang ingangkat kratun
sèprandéné sun tan siha^j

20. narima ingkang nglampahi
nadyan kinarya parèkan
mung ngadhang tèmbé mulyané
salah siji katrimaa
ing mangké ingkang tuwa
ginalih pakaryan lothung
Nata supé tan sèrju tyas

21. layak duk ingsun ajoni
tan sotah ningali mringwang
rikuh yèn kalong sih Rajèng
wong ala tan na^k gawénya
ngruntung nyukèri praja

^g BL MS. 'kapuguh'; LOR 'kapungguh'.
^h LOR 'iku pamrihipun kathah'.

ⁱ BL MS. 'dikadi', I have followed LOR.
^j LOR 'sika'.
^k LOR 'tanpa'.

mas putu tēmēnani(ng)sun
suka lamun inganggurna

f.91r 22. / sira ngong asunging tulis
pamrih ingkang karaharjan
apa tan katur mring Katong
kang wayah matur sampun yang
winaos Sri Naréndra
kang yang sabdanira sēndhu
l(a)yak^l Sang Nata mangkana

23. tan kēngētān marang bēcik
putu sun canthèl lan sira
yèn was pēnggalih Sang Katong
mri(ng) ngong suka dēnbuwanga
nganggur mēmanas Nata
kang namp(è)ni wus pr(è)k^m ngayun
nging panuwunku mring Nata

24. nakku sadaya sun ambil
samyā atut wuri mringwang
nak ing wong tan wrining gawé
lan sadulurku sēdaya
kang kēna paukuman
ing Loji pan ingsun suwun
mulya larané sun sandhang

25. angamungēna wak mami
dadya atambak ing kathah
yèn sira tan ngandēl mringong
sira dalèh gēgorohan
lah mara ayonana
sakiki pasthi ngong labuh
kang wayah nulya ngrērēpa

26. mokal yang mēngkatēn ugi
botēn li(n)tang bēbētahan
nganggur kinindēlkēnⁿ Katong
kang yang nyabda Kētanggungan
wasésaning Naléndra
dadi nyikara ing kalbu
tan tuméja bēnērannya

27. kang wayah umatur malih
kula punika dinukan
kathah-kathah pērkawis ngong
datan sagēd ngrampungēna
dinalèh mring Naréndra

^l BL MS. 'iyak', one sy. missing in the line.

^m BL MS. 'pērk', one sy. too many in the line.

ⁿ LOR 'kinēndēlkēn'.

kēthul tyas tan padya punjul
èwēd pērkawising praja

28. sakéca yang tiyang lalis
kang yang nulya angandika
luput ciptanira mangko
pan kinēn paksa gumisa
kowé katēmpuh tuwa
kēmukal lan Sang Aprabu
srēng^o duka kadya maringwang

29. wus kondur kasapat wēngi
Pangran Arya praptēng wisma
kathah kagalih Sang Anom
injingé pan ingaturan
mring wayah datan karsa
/ sandi tan na jalma iku
kang wayah anulya sēba

30. dhawuhkēn timbalan Aji
éyang timbalan Sang Nata
prakawis salira mangko
dikakkēn nglērēsi pyambak
ingkang pēkantuk lampah
sampéyan ruméksa Ngratu
pinrih cėlaka Sang Nata

31. Ratu panggēnané ngadil
nanging ing mongsa punika
ngējum kumbala wēdharé
sampéyan yèn tumumpanga
bilih ruwēd sēdaya
yèn tan narima ing kalbu
kang kathah nuwun adilnya

32. sami karsa anumpangi
nadyan (pun) Éyang Bukakar^p
Yang Dēmang numpang karsané
sēnadyan kang kathah-kathah
inggihs arsa mangkana
Pangran Arya myarsa^q wuwus
dhawuhé Sri Naranata

33. saklangkung anylèk kēgalih
rumaos pakaryan ilang
tan katrima mring Sa(ng) Katong
dangu datan angandika

^o LOR 'sring'.

^p BL MS. 'nadyan Éyang Bukakar', one sy. missing in the line. I have followed LOR.

^q BL MS. 'myarsa', one sy. too many in the line.

f.91v

wus wataknya Pangéran
yèn tēmbung miring tan sērju
tan sagèd amangsulana

34. yèn tēmbung lumah maryogi
kang trus ngelmi arjaning tyas
nadyan dhatēnga pasēmōn
Pangran tan kēwēdan karsa
yèn kadya sapunika
yèn pinapak tan wrin siku
kang sabda dédè sēsama

35. kang wayah gya matur malih
kadospundi kang wangsulan
wau dhawuhé Sang Katong
rampungna ditēn punika
kula atēngga pura
mangké sarawuh Sang Prabu
dinangu sampuna purna

36. ngong tan bisa amangsuli
apa saatur kang lawas
yèn Nata tan sērju tyasé
ngur ingsun dhongkol kēwala
yèn ta kanggo binuwang
kinarya pa wong tan sērju
kētha anyukèri' praja

37. kang wayah matur gujēngi
anglèngkara Sri Naréndra
yèn karsa mèkatēn yang ngong⁵
kējawi pasthi angganya
piyambak yèn Sang Nata
kados batēn sapuniku
upami yang wotēn karsa

f.92r 38. sampéyan kinarya Miji
/ kapéthā pasowanira
nēng Surimēnganti mangko
Miji wau upamina
kados Yang Pakualam
kaot gēng alit puniku
punika Mijining Wlonda

39. sampéyan Mijining Aji²⁸⁰
datan watēn kang parintah
amung Kajēng Sang Akatong
glayak-glayak' lir lumampah

⁴ LOr 'kēthoha nyukèri'.
⁵ LOr 'kang ngong'.
¹ LOr 'giyak-giyak'.

kang éyang angandika
lah patrapé ingkang lungguh
ēnggonku ana punapa

40. kang wayah umatur nisih⁴
kiwa-tngēng ngarsa Sang Nata⁵
yèn sampun karsa yang ingong
bé(n)jang kadhawuhkēn éyang
Bèi mundhut Paduka
kang yang sandika turipun
sun lakoni yèn kēduga

41. nging sun duwé panuwun Ji
yèn ruwéd pēnggalih Nata
sabarang karya wak ingong
kapatēdhanana priksa
rēhning aku kinarya
Miji clak lawan Sang Prabu
yèn ana sandining lampah

42. yèn tan wruha awak mami
tan(pa) p(é)dah^w clak Sang Nata
mongsa wurunga wakingah
kawogan tan kēna smingga^x
kadya kang wus kēlakyan
ya bēnēr Nata wis luhur
kēh santana pra Bupatiya

43. Mantri prajurit kang bēcik
kēkasih Wēdanēng praja
kurang apa Jēng Sang Rajēng
Kang Kēndhang²⁸¹ sihé mring wadya
kēh kinula-wisu(dh)a^y
kang agung-agung sēdarum
mēh kabèh kēmantu Nata

44. santana Dyah myang putrèki
wayah kapénakan samya
kawraga mēh ganing^z Katong
sēprandēnnya ana karya
Nata tiwas tan béla
ya bēnēr wis pasthēnipun
majadé tēka satunggal

⁴ LOr 'aris'.

⁵ LOr 'kiwa-tngēn mangarsa Nata'.

^w BL MS. 'tan padah', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

^x BL MS. 'sumingga', one sy. too many in the line.

^y BL MS. and LOr 'kinula-wisuda'.

^z LOr 'ganiya'.

45. anaa kang ngrēbat^{aa} Sang Ji^{bb}
katona sura ing ti(ng)kah
nadyan tan tumama mangko
ulas-ulas amērgagah^{cc}
duk kacēpēng Sang Nata
wēkasan lumayu gugup
mung ngungsèkkèn wujudira

f.92v 46. prakara durung amasthi
kang / ingangkat ing kēratyan
sawab tiwas sēkaroné
tuwin wadya Kadipatyan
ya tyas datan prabēda
mula putu ngong nunuwun
wēdharing tyas Nata mringwang

47. ngong aja ginalih Aji
ambècikkèn raganingwang
mung sun rumēksa Sang Katong
ing mangko Sang Nata ngira
prayogyaning maringwang
dadya sun darbé pēnuwun
ngarani lungguh kang padha

48. ing mau sun tan mēstani
sumongga karsa Sang Nata
pērkarané bawahingong
mung pērnata linggih ngarsa
sawab duk papa Nata
tan ana lyan mung katēngsun
kang jaga sura rumēksa

49. mangké sun tan pinērduli
kagalih samaning kathah
iya putung bēgjaningong
buringsun nistha apisan
upama wong bēbērah
sun ngarani éwahipun
wong ala sasēdhēngira

50. sinamaa lan ri kalih
tuwin Nak Mas Dipayana²⁸²
sokur luwih sih Sang Katong
apangisor kang sinēdya
yèn nora kucah Nata
yèn datan kadya puniku
sun tan ba(ng)kit nglampahana

^{aa} BL MS 'ngērbat'.

^{bb} LOr 'siji'.

^{cc} LOr 'ambērgagah'.

51. upama ngong langkung katir
Nata kagēpok niyaya
kang tan wrin gawé malēsèd
ginanjar kang ngrēksa Nata
kinira tan mēryoga
mēnawa Nata kaduwung
ing tēmbé dadi pocapan

52. nadyan sun gung onggā dhiri
Yang Sang Nata ingkang kocap
minulya bē(n)jang ing tēmbé
adil palamartèng sonta
budya raharjèng arsa
éwa sēmo(no) mas putu
sumongga pēnggalih Nata

53. kang wayah gya nuwun pamit
kula matur mring Sang Nata
kawrata srat éyang mangké
wus méntar sinusul layang
gya katur Sri Naréndra
ingjigira Sang Aprabu
andhawuhakèn timbalan

54. mring kang wa Pangéran Bèi
/ amundhut Pangéran Arya
timbalané Jēng Sang Katong
arinta Pangéran Arya
pinundhut Sri Naréndra
kapēthal pasowanipun
wotèn ing Surimēngantya

f.93r

55. kakērsakkèn dados Miji
santana lēnggah binē(k)ta^{dd}
takēr-tēdhak²⁸³ rinta mangko
pinundhut pyambak^{ee} Sang Nata
wēdal nunggil Jru ika
Dyan Pri(ng)gakusuma Tumgung²⁸⁴
mila arinta kepēthal

56. sawab dhèrèk Sri Bupati
salampah-lampah kangēlan
sumongga Pangran aturé
aku iki Wiraguna
wis tuwa karēpingwang
kinarya Amiji Prabu
kaya si adhi ngong suka

^{dd} BL MS. has 'binēpta'.

^{ee} BL MS. has 'piyambak', one sy. too many in the line; LOr 'mring Sang Nata'.

57. nyarēng^{ff} ana layang Laji
iku bangēt wèdèningwang
kang tan séba ngukum mangko
ing Loji gon paukuman
ingsun kalangkung susah
sénadyan aku dènumuk
kakkrésakna dhéwé Nata

58. mula ngong ngluwihi wēdi
yèn luput gonku marintah
wis tuwa akèh lali ngong
mula sokur kakkrésakna
si adhi-adhi kathah
gèntènanana ngong tan mèsugul
sokur Allah kang kinarsan

59. Wiraguna nembah turing
kados batèn sapunika
iku sangking wèdèningong
èntèké tyas i(ng)sun uga
Wiraguna mit (m)intar^{ss}
dhawuh ingkang rayi iku
Pangéran Arya Panular

60. wus prapta dhawuhkèn aglis
kados ingarsa punika
sandika Pangran aturé
mèsèm tyas déné kèncingan
baya kasusu Nata
ingosikkakèn Hyang Agung
duta wus pamit gya (m)éntar^{hh}

61. sinratan dhawuh Sang Aji
ngētawiskèn sih mring paman
ing ditèn Sèptu Kaliwon
wulan Sawal ping sèdasa^{iz285}
tau/n Alip angkanya
sèwu pitung-atus iku
tigang-dasa langkung songa (10 Sawal A.J.
1739 / Saturday, 17 October 1812)

f.93v

CANTO XXVIII (Kinanthi)

1. gumanti kinanthi ayun
kang sèkar ingkang winarni
Jèng Pangéran Pakualam²⁸⁶
kang lagya sungkawèng galih

^{ff} LOR 'barèng'.

^{ss} BL MS. 'kintar'; I have followed LOR.

^{hh} BL MS. 'kèntar'; I have followed LOR.

^{iz} LOR 'sawèlas', see below n. 285.

siyang dalu pan kacipta
sawadya susah prasami

2. myang putra kadyi puniku
Pangran Suryaningrat tuwin
arinta Pangran Suryèngprang
kang mawat barang pakardi
myang yang ibu Ratu Indah^{a287}
gih sami susah kang galih

3. purwanya jinarwa iku
duk Jindral sabèdhah nagri
Ngayugja lawan bicara
lan Sultan Kéndhang rumiyin
nuwunkèn bawah arinta
duk prapta sangking Sèmawis

4. Minèstèr kang nuwun Prabu
ing Kèdhu sèdaya mugib
kasuwun mring rinta Pangran
ngangkèn pètakin^c losodi
Sang Nata sangèt tan suka
lajèng kathah kang prèkawis²⁸⁸

5. sabarang akarya rètu
rèmbug tan condhok lan Aji
sumèdya bèdhah nègara
Pangéran ingkang kinait
kinèn rosa prang santosa
angingu^d dasih kang luwik

6. Yang Jindral ingkang asaguh
bèlonja prajurit sami²⁸⁹
kinèn akèncèngi karsa
ing Kèdhu sampun kuwatir
malah yèn bègja sun angkat
angrantonana ing Jawi²⁹⁰

7. sarèng wus dadya prang campuh
Pangran cinacad ing kardi
kirang sura tyasing yuda
sasolahira pan kari
lan Pangéran Prangwèdana
tanapi sawadyanèki

8. mung rayah-royah tan kantun
sawusnya bèdhah nègari
amung pun Jayèngtaruna²⁹¹
kang kapèrcaya wadyèki

^a LOR 'Ratu Indyah'.

^b LOR 'munggèng'.

^c LOR 'pètakèn'.

^d BL MS. 'angingru'; I have followed LOR.

sawab duk angambil Sultan
Inggris pun Jayèng lumiring^e

f.94r
9. ing Pangran ka(ng) tyas^f tan wèruh
yèn karya gèng dèntitèni
mring Mastèr tuw/n Yang Jindral
mila tan ingangkat Aji
nging Pangran taksih gung karsa
pèngraos Kèdhu gadhahi²⁹²

10. nrima Allah dèrèng untung
yèn dadiya Sri Bupati
mila namur tyas cawèngah
mung Kèdhu ingkang kaèsthi
mila yèn sobana^g rinya
sadayu dènpangdikani

11. yèn bumi Kèdhu kakukup
sèdaya pan watèn kami
bumi Yugja bumi Sala
walulas sèwu karyaning²⁹³
wus sinrahkèn mring Yang Jéndral
pasthi dadi linggih mami

12. ringong sèdaya kang gadhuh
ing Kèdhu srahèna sami
wongé Dèmang Bèkèl samya
kang rayi umatur inggih
lan sri aglarkèn rayahan
suwarna nguningkèn rayi^h

13. yèn lènggah sawawèng pintu
nèng ngiring pinarak kanthil
kabong lir paturon Londaⁱ
pinrada dhasarnya putih
pinalisiran sangkèlat
linuwaran motha putih²⁹⁴

14. agèmnnya salir^f puniku
kèraton rinasuk sami
wus kadya Sri Naranata
myang pasang pasèmon déni(ng)
lan wadya sura sèmunya
myang solah dhèr mugèng ngarsi^k

^e BL MS. 'lulumiring', one sy. too many in the line.

^f BL MS. 'katyas'; I have followed L.Or.

^g L.Or 'sènèba'.

^h Lines d-f in L.Or read, 'sèdaya sira gadhuhi /
kèlawan sakisinira / kang rayi umatur inggih'.

ⁱ BL MS. and L.Or 'Welonda', one sy. too many in
the line.

^j L.Or 'sèlir'.

^k L.Or 'andhèri siti'.

15. tuwin yèn ginladhi agul
guragadha tyas a(ng)gigit
sumbaga pinasang-pasang
sarèng ing alami-lami
ginladhi tètindhira
ing ajar dhatèng Sèpèhi

16. solah Bènggala kèn niru
wadya kang tan bisa kingkin
kang mangèrti saya sura
sèmantèn Twan Mastèr uning
sinuluh patrap Pangéran
sabarang karsaningrèki

17. uning sinabèng sadulur
yèn li(ng)gih nèng ngisor kathil
dadya patrap lir Narénda
sinèmon sèmantèn mari
yèn sinéba rinya samya
sadayu mugèng ing kursi

18. / nadyan Pangran lènggahipun
myang putra gih wotèn kursi
sèmantèn wus sèdhèngira
balonja dhatèng kang abdi
mèntak Twan Mastèr sadaya
sabèn ngambil smaya ngarsi²⁹⁵

19. tan lami gya bumi Kèdhu
kang sami dipundhadhali
kang suyud dhatèng Pangéran
anulya dipunambili
Pangéran ginalih gancang
anglancangi karsa Inggris

20. dlasan uwang myang pèpikul
Tuwan Mastèr kang jabèli
sahprintahnya Tuwan Jindral
sèmantèn ngulungkèn sami
kanggèk tyas Pangran tan nyana
sumarèh karsa lumiring

21. gya sabin ngèsrahkèn sampun
saDèmang Bèkèlnya sami
mring Cina Jingsim kang gadhah²⁹⁶
kang sawèg dènpitajèngi
a(ng)gadhuh Kèdhu sèdaya
punika sagah maosi

22. Pangran krèp utusan mundhut
gajih ing para prajurit
kang sinaguh Tuwan Bèsar

f.94v

pan tansah dēnsēmayani
ngambil pyambak¹ gih sēmaya
pēndhak sasi Sēnèn Kēmīs

23. sēmantēn tyas Pangran jèlu
myang putra wadya kinasih
tansah angēnaki wadya
tyas kanon^m sampun kuwatir
ing blonja Pangran kang sagah
binabarkēn pisan bēnjing

24. sinēlamur Bēksa Lawung
Tamēng Jēbēng miwah Panji
ri(ng)gitan myang crita surat²⁹⁷
lēlucon bērdongga déning
injing siyang dalu munya
kinarya nginggarkēn dasih

25. lan nasabi bicarēng yun
kang kathah sampun kawijil
mring santana tuwa mudha
myang ginlarkēn jalma tuwin
lanang wadon wus miyarsa
yèn Kēdhu sampun kapusthi

CANTO XXIX (Sinom)

f.95r 1. ginantya sinom sēkarnya
sēmantēn watēn pawērti
ing corah Sinuwun Kēndhang²⁹⁸
saputra kondur nēgari
bēkta Madura tuwin
Surabaya kang / rinasuk
Pērsman ingkang mērbawa
Marēskałēk gēsang malih²⁹⁹
angsung sērāt pēnatang kēkēs wong Yugja

2. Sultan baru pan binē(k)ta^a
ing Madura kang nēgari
Pangéran Arya Panular
ingulihkēn ajalnēki
Bēlambangan nēgari³⁰⁰
kang bibi pinangkanipun
lan sawab mrawat^b Nata
kinatutakēn mring Inggris
milya ngangkat kēraton barang bicara

¹ BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

^m LOr 'kinon'.

^a BL MS. 'binēpta'.

^b LOr 'mratuwa'.

3. déné tan pisah lan Sultan
praptaning Loji nglanangi
wong sadaya barundhulan
Pangéran jamprah pribadi^{300a}
taksih ngagēm pēdhang kris
sējati tan wrining kēwuh
sangking tēmēn lujēngnya^c
rumēksa dhatēng Sang Aji
nulya Tuwan Mastēr dhatēng Kēdhu lama

4. gya pawarti corah prapta
Pangran Pakualam gipih
arsa bēdhah ing Lajinya³⁰¹
ing dalu linēbon sandi
gumyak ing wong sēnagri
Pangran tan nrimēng ing kalbu
blonja sawah tan nyata³⁰²
sēstu cidra sanggup Inggris
wani aprang angadu sabarang karya

5. lan utusan myang Yang Jindral
sung srat anagih kang jangji
mring nagri ing Batawiyah
yèn tan sinung gya kang Laji
Yugja ginēpuk wani
Tuwan Mastēr sarēng ngrungu
kurda nulya umangkat
sing Kēdhu Yugja wus prapti
sowan Nata datan watēn kara-kara

6. putra Pakualam séba
mring Laji tan pinērduli
nēmbung blonja gya sinēntak
myang sawah Minēstēr tan ngling
Pangran tindak pribadi
pan taksih sinērung angkuh
Pangran lingsēm ing nala
wus uning watak Kumpēni
pan sinamur ing karsa éca pinarak

7. sawusnya kundur Pangéran
Tuwan Minēstēr agipih
gya wangsul Kēdhu sēmama
anulya ing Laji jawi
wétan kakēcu wēngi
konangan gya sumbēr iku
ya sun wong Suryēngratan
/ bēbēciké kang prajurit
mula ngēcu sawabna Wēlonda cidra

f.95v

^c LOr 'sanking Luji sēcanya'.

8. ing kuna durung umiyat
apa salin Inggris iki
garèhé^d ura gèjamak
payo konca ngèprès sami
tan béda padha kapir
iki ya tunggalé iku
anulya ingangkatan
ingélokkèn jru Wèlandi
Jurubasa Ègor³⁰³ kang dadi pangarsa

9. kècu buyaré mangétan
Gor suka srat Mastèr aglis
saos uningé pèrkara
duk dalu kinampak Laji
Mèstèr gusar kèpati
nanging ingènèb ing kalbu
gya wotèn warti corah
Mastèr badhé dènlorugi
mring Pangéran Pakualam da(t)an^e lila

10. ing Kèdhu arsa rinèbat
Pangran wus kait Sang Aji
ing corah Nata utusan
mri(ng) paman alampah silib
tuwin wong Kèdhu sami
kang para Dèmanng wus tèpung
kang sri(ng) kautus Nata
panakawan kang kinasih
atanapi kang paman Pangran Bubakar

11. Minèstèr runtik ing nala
lajèng wotèn curah malih
Jisim arsa pinèrjaya
Pacinan rinayah sami³⁰⁴
Cina sumantèn uning
pawarta (kang) dhasar kukud^f
Tuan Minèstèr mriksa
sangsaya gusar kèpati
mantuk Yugja perintah kinèn angladhiya

12. ing lèpèn majèng mangétan^{304a}
ingjing dral mawanti-wanti
pasèmon anantang lawan
kang sura mangrurah^g Laji
ginantèr pèndhak ingjing
gya Pangran sawahnya Kèdhu

^d LOr. 'gorohé'.

^e BL MS. 'dadan'.

^f BL MS. 'pawarta dhasar kukud', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

^g LOr. 'mangroyah'.

kang lama pinèndhètan
barèsih tan ana kari
myang bawahnya saputra Ngran
Suryaningrat

13. balonja tan sinaguhan
ngungun Pangran ingkang galih
putra myang sawadyanira
ing wau ta ingkang nguni
pamèk Kèdhu nègari
Pangéran kinarya sungut
ing mangkya datan gadhah
sajung sakikil salu/pit
arsa sura tan kècunggh amungsuha

f.96r

14. dadya nut ngrèh anarima
wrin ing corah ingkang ngambil
sadaya drès ing pawarta
gih saking ingriku sami
saking kèhing wadya lit
tan sinèmbadan ing kalbu
mila ambèg bèr corah
tan wrining siku nègari
lama-lama wadyanya kathah kang késah³⁰⁵

15. lawas-luwas pèngarèpnya
bèlonja sabin (tan) kèksi^h
kang taksih samya prothulan
tanpa gaman tanpa jarit
sabuk ikèt kèlambi
winadé kinarya sanga
lapak' ngèntosi blonja
sèmay(è)ngⁱ perintah dèninging
datan béda lan prajurit Suryèngratan

16. suda ing pènggladhènira
karya pèndhak Sènèn Kèmis
kang kapalan myang kang dharat
yèn sampun binoja sami
sèkul tumpang wong siji
kang jajar samya nyawungkus
kinarya mulut ing tyas
gya gladhi ingundur malih
pèndhak Sènèn wus klakyan ingundur sigra

17. sawulan ingkang pawarta
pan kinarya kaping kalih
dèrèng ngantos kèlampahan

^h BL MS. 'takèksi'; I have followed LOR.

ⁱ LOr. 'lamak'.

^j BL MS. 'sèmayaning', one sy. too many in the line; I have followed LOR.

gya Tuwan Mastēr angambil
satus prajurit bécik
ingkang kěncěng atotipun
kang datan kambon madat³⁰⁶
kiněring wadya mring Loji
pinilihan myang prajurit Suryèngratan

18. wotěn tiyang gangsal-bělah
mung tigang-lawé pinilih
Lurah mung Jayèngtaruna
kang piněthik dhatěng Inggris
kinèn jaga ing Loji
pan kinarya saradhadhu
Pangran dhatěng sumongga
mung Jayèngtruna gindholi
kinèn milih pra Lurah sumongga karsa

f.96v 19. dèrèng rampung pan gumantya
rumiyin Twan Mastēr ngambil
sabin cacah tigabělah-
ěwu dhumatěng Sang Aji
kang awon-awon sami
kang kědhik / pamědalipun
ing Kědhu tigabělah-
ěwu sinaoskěn Aji
pamědalnya sawab kathah was mring
Nata³⁰⁷

20. Sang Nata langkung karėnan
pangawěl saudarani(ng)
tinarima ing wěrdaya
Nata gya kalěmpak sabin
awon pamědal kědhik
pun Pagělèn kang sininung-
kěn Městěr badhė kasrah
mring Pakualaman sami
jinangkěpkěn lěnggah karya kawan-
nambang³⁰⁸

21. sinama lawan Pangéran
Prangwėdana sakaryėki
Pangéran wus dhinawuhan
dhumatěng pun Sukėtaris
yèn puniku kang li(ng)gih
mila kang tyas sangět jėlu
nging sasab anarima
sarėh(n)ing^k Inggris lumiring
wadyanira mrika sėngsaya kėh kėsah

22. wantu baga agěng ika
nadyan kėsaha sėpalih
kang kantun pan taks(i)h^f kathah
winėtawis tri-tus jalmi
kalėbėt kang prajurit
putra dyi kantun kang anung
i(ng) samongsa punika
saděrěngnya tampi sabin
tan winarna gantya Sang Sri Naranata

CANTO XXX (Mijil)

1. sėkar pamijil ingkang gumanti
sumantěn Sang Katong
anginggahkěn ingkang para Radėn
apsari něnēm katėdhan nami
Dèn Ayu ran ngalih
kathah tan kawuwus

2. para Mas-Mas Bak Jěng Mas Ajěngi
mėh pulih kuna grong
pan sumantěn Sang Nata karsané
ingkang bibi kapala prajurit
pinundhut sawiji
Murtingrat Dèn Ayu

3. silih ran Dèn Yu Murcitawati³⁰⁹
kang ibu ngalapor
tan marěngi nging marang (Sang) Rajěng^a
karya^b jimat titilar rama Ji
ngėlmi ngong wus uni
ibu nyarah Prabu

4. kathah kang tan suměrėp karsa Ji
samya nandhang watos
myang Pěngulu tur tan rėmbug Rajěng
tan nyaoskěn ingkang pati urip
sanagri ting klėsi/k
ngungun karsa Prabu

f.97r

5. ing kuna bibi tan ngrahayoni
yèn kagarwa Katong
nging Sang Nata tan kėguh rasan kėh
wus kacipta Sinuwun Hyang Widi
Allah angliilani
pěngagēm něng Prabu

^f BL MS. 'taksah'.

^a BL MS. 'marang Rajěng', one *sy:*-missing in the line; LOR 'maksas Sang Rajěng'.

^b LOR 'kadya'.

^k BL MS. 'sarėh ing'.

6. gya arsa bēdhayan mangun Aji^{309a}
duk karta kēprabon
wus dhawuhkēn dintēn myang wayahé
wus nuju wayah dintēn mērdani
santana Bupati
wadya jro sēdarum

7. Bupati Jawi amung kang kēmit
sumantēn wus saos
kang sēntana nēng Kēmandhungané
Bupati Jawi Jru Kliwon sami
ing Surimēnganti
para putra catur

8. santana mudha Pangéran Adi-
winata³¹⁰ nēng kono
santana sēpuh Pangran^c Aryané
kang kinarya Miji nyar Sang Aji
kang wayah gya angling
nutur patrapipun

9. Pangéran Arya Dipanégari
mangké karsa Katong
patrap lē(ng)gah punapa lampahé
Rama Mangkubumi yang lumiring
yèn kinon nēng ngi(ng)gil
ngandhapa yang tumut

10. upami kula lan Paman Adi-
winata sēpuh ngong
paman sun karya sadhèrèk nèmé
sabarang pērkawis paman wi(ng)king
nadyan nēng ngarsa Ji
inggih inggil ulun

11. punika yang upami lan Aji
kapundhut kadang nom
winorkēn Rama Mangkubuminé
Pangran Adiwinata nambungi
gih mēkatēn ugi
karsané Sang Prabu

12. kinarya santana nēm clak Aji
saēnggēn Sang Katong
wayah matur inggih yangku mangké
sampun tēbah Man Dipawiyani
kang yang tan mangsuli
dangu pinrēm kalbu

13. priyé ana basa nyalawadi
tēka akumrayok
kaya dudu tēmbung sabēnērè
basa éduk soréné angalih
apa trang lan Aji
yèn nyata angapus

14. suprih ingsun gēlēma nglakoni
Miji sēba ko/no
baya iki tēka pēngincihé
kang murkēng tyas drusilēng maluwih
putu baya lali
ing tyas kang rahayu

15. kēna pēngaduning blis tan yukti
pēksané tyas ma(ng)ko
angluhurkēn kēprabon Sang Rajēng
awēkasan sor jrajatan yukti
ya ingsun lakoni
yèn bisaa manggul

16. durung karuwan mangko ngarsa Ji
tandya gandhèk Katong
animbali ingkang sēwa kabèh
putra santana lumampah ngarsi
doh ingawé sami
gya majēng sēdarum

17. Nata pinrak dhampar Bangsal Rukmi^d
nēng madya lumèbèk
kapēngētan pēnanggap madyané
abusana kēprabonēng puri
lir Sang Wisnumurti³¹¹
liring karya kēypur

18. sarēng majēng ngarsa santana Ji
kang sēpuh alunggo
munggēng ngēmpèr pēring kursi andhèr
kang santana nēm ngè(m)pèr ali(ng)gih
Pangran datan kari
nuhoni kang atur

19. wayah Pangéran Dipanégari
sarēng uning Katong
gēpah Sang Nata mundhut kursiné
kinèn lēnggah kang paman nēng ngi(ng)gil³¹²
sinèlé pribadi
ngēmpèr lèr kursiku

f.97v

^c BL MS. 'Pangéran', one sy. too many in the line.

^d BL MS. 'nēng Bangsal Rukmi', one sy. too many in the line.

20. sawusnya ngandika nata ngalih
ngilèn manggèn Katong
palènggahan kang masthi adaté
santana nèm kinèn mi(ng)gah aglis
anèng batur nginggil
kidul wétan Prabu

21. kang pangarsa Pangran Mangkubumi
pèpak raka ri nom
abibisik Pangran lan putrané
Dipawiyana(a)^e lan Dipanagri
priyénak karsa Ji
paman ingkang laku

22. Arya Panular sinlé pribadi
ingsun tan mangértos
déné bènèh lan mau rëmbugé
kang putra nyabda apuntèn si(ng)gih
kula datan uning
rëmbagé Sang Prabu

f.98r 23. kula tan ngajak rëmbagan Aji
inggih kagèt ingong
Pangran kalih pan anglong jiwané
Dipayana Pangran Mangkubu/mi
krasèng duk nila Ji
tipis tyas winangun

24. sinagok ing éblis angranuhi
sédangunya kagol
mawas ngliring wrat mring lèr^f sëmuni
ngésèmi lahir batin akikis
kang paman tyas uning
sokur ing Hyang Agung

25. tan ngopèni kang ngawrati liring
mung mawas Sang Katong
gya bédhaya mèdal sing purané
manggèn pènganggènyya sarwa adi
dhasar ayu rungih
rinènggèng rum-arum

26. busana muncar pagut lan liring
lir ilat barang wor
ting pancarong katrangan sènéné
padam Bangsal Kèncana³¹³ mēnuhi
kongas gandannya mrik
karya garing kakung

^e BL MS. 'Dipawiyana lan', one sy. missing in the line.

^f BL MS. 'èlèr', one sy. too many in the line.

27. pan wus lèkas lampan kadya lami
kang sindhèn Dyah Sinom
Ramawijaya³¹⁴ ika lampahé
gya Sarimpi Ri(ng)git Mugèng Kèlir
wusnya gya Jèparing
myang Jèbèng³¹⁵ punika

28. mawi kinon dhadhalang lampahi
yasané Sang Katong
duk watèn Kadospatèn³¹⁶ tan wruh kèh^g
kagiyarkèn santana Bupati
mènggah kang kapèthik
kagungan Sang Prabu

29. Srat Kèlonagiwangkara³¹⁷ ngambil
kang miyarsa anon
langkung rëmèn kang srat caritané
èngésnya kathah rënggannya tuwin
mamanis ing kawi
kang angènyut kalbu

30. kang dadya kon jakani kang tulis
wotèn kang pra Katong
sèkawan kadang ngèstri wrujuné
awasta Dèwi Asmara Ratih³¹⁸
kang raka Sang Aji
rëmèn ri Sang Ingrum

31. ran Prabu Klana Dèwadhadhari³¹⁹
tan krama Sang Katong
lamun dadan antuk ri Sang Rajèng
upaminya kang sabda barang
lir copèt duk kikin
mring kawarna sang yu

32. nging sangèt punika guguyoni
sab kadang sayèktos^{319a}
munggèng dhalang saklangkung cucudé
mila sè//dalu tan antuk guling
kang samya ningali
tèmbé nyar andulu

f.99^h

33. langkung suka gumuyu mèryogi
myarsa kang cariyos
wusnya dhahar caritané mangko
gya bubaran Nata mugèng puri
mèh tambur kang wanci
tèkèng wisma bangun

^g BL MS. 'wruh i(ng) akèh', one sy. too many in the line.

^h f.98v is blank in BL MS.

34. duk nèng pura pra Pangéran sami
duk séné Sang Katong
anglèrési Nata méja kabèh
pra Pangéran médal natar sami
nutugkèn bèbisik
pan pating garumung
35. tan liyan ingkang ginarumung sami
karsané Sang Katong
mri(ng) kang paman Arya sih Sang Rajèng
ana ingkang sabda mèryogèni
ana tan kadugi
na sérju tan mètu
36. sèpuh anèm kathah kang ginalih
blis lanat gèrumoh
manjing cana tyas buh pamètuné
kang tan layak tyas juti ginalih
kang kawédal nglathi
Ngran Dipayanèku
37. kang paman rayi pan samya uning
yèn mèkatèn ingong
botèn kédah sowan Srimngantiné
wangsul ingong ing Paglaran malih
tan sagéd ningali'ⁱ
patrap sih Sang Prabu
38. Pangran Arya mirèng tyas gujèngi
watak kang mangkon(o)
déné tèka tan nandukkèn lumèh
mung kējailan ing siyang latri
kang pinikir-pikir
Allah Inkang Agung
39. myang Gusti Panutan pan kawi(ng)king
tan tinolèh mangko
bok dènuni waskèn nalarané'^j
mring salira ngong pan wus pèryogi
sinihan ajèng(i)^k
kinarya aluhur
40. pan katèmu ing pi(n)tèn pèrkawis
dhasar marasèpoh
pan rumèksa labuh (mring)^l Sang Rajèng
wirang lara-pati ngong labuhi

ⁱ LOr 'mangsuli'.

^j LOr 'dènung wau ing nalaré'.

^k BL MS. 'ajèng', one sy. missing in the line.

^l BL MS. 'pan rumèksa labuhmi', I have followed LOr.

yèn ngadèg kadya lip
bèbènèran i(ng)sun

41. mundhak anyèrikakèn kang ati
anglingsèmkèn mangko
sadurungé ana uwong kabèh
pra santana Bupati prajurit
/ sun wus nèng ngarsa Ji
rumèksa karyèku

f.99v

42. anganggo dènucap dènrasani
papaédah^m mangko
anganggowo malang-sumirangé
kaya pantès tan kadi kang gèndring
kang nrak supata Ji
Agamaning Rasul

43. kinarya dus kramas ingkang jisim
tan wirang jalma grong
lali sudarma raka Sang Rajèng
mangké mulya arsa anumpang
ajal liyan ginalih
liyané katèngsun

44. punapa araning kang sujalmi
yèn watak mangkon(o)
bok dènrumasa karya kilaté
wus punapa kang kadiⁿ wak mami
sèprandéné ati
sumongga Hyang Agung

45. saparintah ingong anglampahi
kang bènèr kang ayom
ngruruntuta kilat ingkang lumèh
rumasaa tinitah Hyang Widi
aluwung samya sih
ing praja karta gung

46. dhasar Pangran Arya wataknekèi
tan ngègungkèn tyas won
mung sapadha-padhané jalma kèh
kang sumurup ing yudanègari
dèntumèkèng ngèlmi
kawruh wong puniku

47. nadyan pra Pangran Bupati Mantri
gèdhè cilik kang wong
lanang wadon yèn ni(ng)gal tatané
ing krama yudanègari ngèlmi

^m LOr 'tan paédah'.

ⁿ LOr 'dadi'.

sasat kang tyas lali
mring Allah Kang Agung

48. sawab niku printaha Hyang Widi
kang bëcik punang wong
kang mu(ng)^o karèk jail muthakilè
drè(ng)ki^p drahi panastèn kang ati
drusila durnani
ing tyas lyaning ngadu

49. ambèrkicik sadu maling ati
punika punang wong
dédé karsaning Hyang sabènèré
iblis lanat kang kinarya juti
bok sampun pinikir
sanak ngong sèdarum

f.100r
50. malar samya anjurungé asih^q
dhatèng raganingong
pira-pira kang ngètut(a)^r Rajèng
dadya mulya gih kumrubu/t sami
tan lyan ngawala Ji
samya marikèlu

51. tan sinipat ing kukum lan adil
sakèh gung sanak ngong
taksih minulyakkèn sabarangé
patrap li(ng)gih bawahnya tan gigrig
ngong jumurung sami
sokuring Hyang Agung

52. tuwin kang minulyakkèn Sang Aji
ninging panèdhaningong
dènsamyaning kang tyas sanak kabèh
sampun sèdya ngawoni ing dasih^f
kang tèmèn sèk(a)lir^r
Allah kang tan sinung

CANTO XXXI (Dhandhanggula)

1. sèkar dhandhanggèndhis kang gumanti
Sènèn Kémis samya katimbalan
anglantihakèn patrapé
yèn nèng ngarsaning Prabu
yèn tan mawi ingkang Wèlandi

^o BL MS. 'kangmu'; I have followed LOR.

^p BL MS. 'dèrki'; I have followed LOR.

^q LOR 'malar sami anjurungèna ing asih'.

^r BL MS. 'ngètut', one sy. missing in the line.

^s LOR 'sampun sèdya ngawèh lun ing asih'.

^f BL MS. 'sèkanglir'; I have followed LOR.

nèng tratag kursi samya
gèn lènggah sèdarum
sèntana sèpuh sèdya
Pangran Arya nisih nèng kanan Sang Aji
pyambak^a malih panggènan

2. santana sèpuh tri kang tan kursi
munggèng è(m)pèr Pangran Dipasana
ri Pangran Danupayané
Ngran Sontakusumèku
ninging lèt tèbah kèdhik lan Aji
kang anèng andhap dhampar
kang ray(i)^b puniku
Pangran Mangkubumi ika
Pangran Dipayana kapéring ngarsa Ji
yèn watèn ingkang uwa

3. Pangran Bèi wotèn ngèmèr ninggil
kéring ngarsa ing kursi alènggah
santana putra tratag-dhèr^c
ingkang dados pèngayun
anèngahi ngarsa Sang Aji
Pangran Dipanagara
kéring-kananipun
santana mudha myang putra
sabèn-sabèn pèndhak dintèn Sènèn Kémis
patrap lènggah mangkana

4. kèjawi yèn tan pèpak kang nangkil^d
katimbalan ing sawotènira
punika sakarsa Rajèng
wédang rati sinugun³²⁰
pan lumintir ing Sènèn Kémis
yèn kalungsèn kang wayah
pinaringan sèkul
ing sabèn-sabèn mangkana
myang panganan sawotèné kang pèr/yogi
yèn Sèptu patrapira

f.100v

5. yèn kondur sing alun-alun Aji
kan(th)èn^e lan Mastèr pinarak bangsal
ing èmpèr (pan majèng ngalèr
bukak méja rak^f anggur^{320a}
wus cumaos anèng ngarsa Ji

^a BL MS. has 'piyambak', one sy. too many in the line.

^b BL MS. 'raya'.

^c LOR 'pan andhèr'.

^d BL MS 'anangkil', one sy. too many in the line.

^e The aksara 'tha' of 'kanthèn' is unclear in BL MS.

^f LOR 'arak', one sy. too many in the line.

wédang rati dhéharan
sě[n]tana puniku
katimbangan ngěmpèr^g wétan
pan kapéring aněng wurining Sang Aji
nanging ragi atěbah

6. amung putra Bupati Jru sami
ingkang cėlak ing arsa Sang Nata
wédang dhaharan wus kang wong
wradin sawusnya pėnuh
Mastěr bubar tabėyan sami
gya kang mara^h sěntana
tinimbangan ngayun
patrapnya pan kadya saban
laku li(ng)gih punapa ing Sėnėn Kėmis
wusnya nulya luwaran

7. tan lėt lami amiyoS Sang Aji
arsa kėlangėnan ngabėn sima
lan maėsa lun pungkurė^{g321}
Tuan Mastěr lan Niprul
katimbangan dhatėng Sang Aji
Inggris kang bėsar-bėsar
wus klakyan ing ngėnu
samyա mėdal ing kėdhatyan
abdi-Dalėm watėS Bupati Klawoning
lyan samya mėdal jaba

8. wus kėlakyan pėngabėnnya sami
maėsa sima langkung ramėnya
.....
.....
sawusnya gya kondur Sang Aji
kėdhatyan wus pinarak
nėng Ba(ng)sal Rukma³²² gung
bukak mėja wus sumadya
amėnuhi Sang Nata wus dhahar aglis
lan Twan^l Mastěr sudara

9. ingkang uwa lawan ingkang rayi
Pangran Mangkubumi kang nėng mėja
tuwin ingkang pa(ma)n^k kabėh
Pangran Bėi lěr bangku
lawan Pangran Arya nėng kėring

^g Lines c-d are missing in BL MS. I have followed LOR.

^h LOR 'raka'.

ⁱ Lines d-e are missing in BL MS.; LOR omits this verse.

^j BL MS. 'Tuan', one sy. too many in the line.

^k BL MS. 'pan', one sy. too few in the line. I have followed LOR.

kang kidul ri Pangėran
Mangkubumi iku
Pangėran Mangkukusuma
Pangran Blitar Pangran Dėmang caturnėki
lěr Nata kang santana

10. kanėman myang putranya Sang Aji
wotėn jubin ngandhapnya Sang Nata
Bupati nėng tratag-andhěr
Rėkyana Patih ngayun
kalubaran boja Sang Aji
wradin sėdayanira
Mantri Lurah anung
Mastěr pėnuh sabangsannya
langkung nrima kasih dhumatėng Sang Aji
tan pėgat num-inuman

11. a(ng)gur larih-linari/han sami
suka rėna Nata saudara
wus pėnuh cinarik agė
gya tabė bubar sampun
tan kawarna lėtanya tan lami
Sang Nata ingaturan
mring Tuan Mastěr wus
tindak mring Laji apriksa
pėnggladhinė wadya prajurit Sėpėhi³²³
satindaknya Sang Nata

f.101r

12. ingurmatan maryėm wanti-wanti³²⁴
pukul pitu wayah smantėn^l wayah
pėpak ingkang sėwa kabėh
wotėn Laji puniku
gėnnya gladhi wadya Sėpahi
Sang Nata gėn niningal
salėrnya puniku
mugėng wahana Sang Nata
Mastěr ngiring myang kang gėdhė Gris
prasami
myang Pangran Pakualam

13. kanannya putra santana sami
sėpuh mudha garėbėg Sang Nata
tuwin kang Bupati kabėh
gya lėkas tandang sampun
tata (ba)ris^m wadya Sėpahi
lulumbungan gya sigar
pan dadya mracatur
majėng mundur satandangnya

^l BL MS. 'sėmantėn', one sy. too many in the line.

^m BL MS. 'ris', one sy. missing in the line.

gya angèdrèl pinèthan mungsuh (a)praptiⁿ
nyanggi wrat gya ngalèmpak

14. andurjana angrundhuk ambèdhil
ajèjèng kang akèbat lumalya
wus tèmputr tênggah gya agé
ngèdrèl mariyèm gupuh
maracatur lir buluwèrti
pajok têngah mriyèmnya
kidul munya ngidul
majèng ngétan munya ngétan
tuwin kang lèr majèng ngalèr munya sami
kang kilyan munya ngilyan

15. langkung ramé syaranya kapyarsi
lir ardi bèntar kukus sundawa
mulèk tan kiksi jalma kèh
upami mêngsah ngèpung
lèlakonnya kadya puniki
kinira mêngsah ngèbat
anulya binuru
sarta ingèdrèl sunapan
myang mariyèm inggih / mrapat lampahnèki
kang têngah taksih kathah

f.101v

16. lamun watèn mêngsah nrambul^o sami
pan prayitna gya kang bujung mêngsah
mracatur wus mangsuk mring gon
kinirèng mêngsah larut
uluk-uluk mariyèm gipih
syaranya bata rèbah
sawusnya prang iku
wékasan drèl mriyèm ramya
syaranya sru lir kadi glap nampar siti
lir mècahkèn talingan

17. kapal kathah ajrih samya budi
yèn sampun akèkah ginocèkan
kathah ucul kudanya wong
wusnya ngaturan Prabu
mangsuk Laji Kilèn³²⁵ abukti
nginum gur³²⁶ wus sumadya
santana sèdarum
nèng kursi larik mangétan
kidul Prabu Pangran Pakualam sigih
nèng sangandhaping gilang

ⁿ BL MS. 'prapti', one sy. missing in the line.

^o This word is unclear in BL MS. LOr omits the whole verse.

18. gya Pangran Bèi Ngran Mangkubumi
kiwa Pangran Suryaningrat Ingprang
gya santana sèpuh kabèh
gya santana nèm iku
nulya putra tri pan kèjawi
Pangran Dipanègara
nèng sakiwanipun
Pangéran Dipawiyana
kang sisih lèr mung Inggris nènèmèng kursi
sèmantèn Pangran Arya

19. pan kèwèdan gènnya lènggah kursi
nganti timbalan tan watèn karsa
dadya lènggah nèng kiwané
Ngran Sontakusumèku
wékasaning santana twèki
arsa ngalèr pinarak
nisih lir kèdhatun
dèrèng wotèn lilah Nata
yèn lancanga (da)tan (na) (wing)wrin
k(in)apti^p
mandah èsémé kathah

20. Pangran Dipawiyana wruh kapti
ngandika mring Pangran Dipanagra
kursi lor bayaku mangko
sèsèk I(ng)gris sèdarum
kèpalaning mau kang gladhi
gih turnya kang (pu)putra^q
mèsèm paman ngrungu
ing tyas ta mongsa boyaa
langak-langak yèn durung ana karsa Ji
sun plalah mundur jajaba

21. ingkang rayi samya angaturi
Pangéran Sontakusuma Pangran
/ Dipasana myang ariné
Pangran Balitar iku
Pangran Mangkukusuma tuwin
sinarah sakarsanya
kiwa-tèngènipun
kang raka pan datan karsa
langkung arih ngungkul lan karsa (Sang) Aji^r
Pangran Sontakusuma

f.102r

22. langkung ajrih nèng tèngèn rakèki
sangèt mèndhak nuwun apuntènnya
kang raka ngandika lumèh

^p BL MS. 'yèn lancanga tan wrin kapti', four sy. missing in the line.

^q BL MS. 'putra', one sy. missing in the line.

^r BL MS. 'karsa Aji', one sy. missing in the line.

dèn(a)tètarèni(ng)sun^f
 aja sira uwas sing ati
 mundhak pun kakang lunga
 kaya nora wurung
 yèn tan atimbalan Nata
 yèn tédhak sing luhur gilang Sang Aji
 mugèng ngarsaning méja

23. pan sèdaya majèng mugèng ngarsi
 Pangran Arya mundur lènggah jaba
 langkung pakèwéd galiyé
 ngantya timbalan Prabu
 sampun dangu datan kawijil
 mènawi kang sèsmita
 mongsa bodho ngriku
 gènira nga(ng)kah mèryoga
 mila Pangran sangking èwédé kang galih
 luwung sampun katingal

24. botèn pisan yèn midèla kang sih
 mri(ng) Minèstèr malah kang panèja
 sagèda tèpang ing tyasé
 patrap tataning lungguh
 sarèng dhahar puniku sami
 kang méja kalih pangkat
 kang kilèn Sang Prabu
 kèmbul Twan Mastèr^f Niprulnya
 putra Pangran Dipati l(ng)gris gèng sami
 myang Pangran Pakualam

25. nunggil saméja lawan Sang Aji
 ingkang wétan Pangran Bèi ika
 Pangéran Mangkubuminé
 Pangran Suryèngrat iku
 myang arinya tanapi Patih
 santana sèpuh mudha
 putra myang Tumènggung
 kalilan nèng kursi méja
 makan amor kang para santana sami
 pènuh Nata luwaran

26. tandya kondur Sang Sri Narapati
 nitih kréta Mastèr ngiring Nata
 gumuruh ngiring warob(é)^g
 Nata sampun ngèdhatun
 Tuwan Mastèr mantuk mring Laji
 bubar kang wadya / kosya

f.102v

^f BL MS. 'dèntètarènisun', one sy. missing in the line.

^g BL MS. 'Mastèstèr', one sy. too many in the line.

^h BL MS. 'warob', one sy. too few in the line.

sèmantèn Sang Prabu
 tan lama kang uwa paman
 santana nèm tuwin putra dèntimbali
 dhumatèng Kawisgayam³²⁷

27. samya kinèn bèkta putra sami
 sampun kantun kang priya sèdaya
 kang wus mongsa pèryogyané
 sagèd angundhuh-undhuh
 duk sèmantèn wus samya nangkil
 anulya katimbalan
 majèng ngarsa Prabu
 Nata mugèng bangsal anyar
 duk ing wau Karanggayam Pakunèki^h
 ènggèn panèpèn Éyang

28. Kang Sawarga yèn kala prihatin³²⁸
 anguntapna kang wong adédosan
 kang wadi puniku goné
 mangké sinaèn Prabu
 pan pinatut salirnya sami
 déné kang titilasan
 éyang karèm ngriku
 dukal tan kéndhang tan ngantya
 kasaènan mangké kapèrga mri(ng) Aji
 gupita kang non mulat

29. sarèng wus tata palènggahnèki
 Kajèng Sultan ngandika mri(ng) uwa
 mila sadaya sanak ngong
 dèlasan suta^w iku
 badhé kula ajak abukti
 sarapan ma(ng)ké uwa
 kula kèn angundhuh-
 undhuh sabarang wowohan
 yèn tan sarap mènawa kang manah pèrih
 ngiras nganyari bangsal

30. purwa rèsmi ngong ngèlih mariki
 Kawisgayam sawèg Sya(r)gining Yang
 wèrti kinarya panèpèn
 mila ngong usik Prabu
 anyañi tilas yang kang sih
 tuwin Taman sèdaya
 myang Umbul Winangun³²⁹
 yèn lujèng kawangun samya
 i(ng)kang umbul cis Sunan Lèpèn³³⁰ kang
 dadi
 pawèrtènipun kina

^h BL MS. 'Pakunanèki', one sy. too many in the line.

^w BL MS. 'sutanya', one sy. too many in the line.

31. ingkang uwa matur lèrès Aji
awis kèlangènan-Dalèm nyandhak
wéningé ing èr iliné
Kawisgayam Sang Prabu
pan sumèrèp dipunsaèni
santana matur samya
lèrès Sang Aprabu
nadyan kathah kèlangènan
yèn winangun sènènyana tan animbangi
lan Taman cèlak pura³⁵¹

f.103r

32. sawusnya samya ngandika Aji
nulya dhahar mênggah patrapira
samyà lèsèyan ki/mawon
ing lampit lèrnya Prabu
Pangran Bèi myang rayi-rayi
kidulnya Sri Naréndra
Pangran Dipatyèku
myang Pangran Arya Panular
santana nèm putra (l)ènggah^x ingarsa Ji
Pangran Dipanègara

33. wus cinarik lorodan kabukti
mri(ng) putranira piyambak-pyambak
nèng ngandhap kèmbul aramé
pinaring salak sampun
ingkang uwa sakèrnèng sami
winradinkèn ri samya
santana kang sèpuh
sakèrnèng pinaring paman
winradinkèn santana nèm putra sami
samyà kinèn ambèkta

34. mantuk damèl angsal ing apsari
wus wèradin gya Nata ngandika
sampun wa paman bubar gé
dhimas myang putrani(ng)sun
padha ngunduh-undhuh (pra)sami^y
punapa sasukaknya
sawatènè ngriku
Taman Gèdhong Lopak-Lopak³⁵²
kang wa nuwun sèdaya anuwun sami
gya mèdal ngarsa Nata

CANTO XXXII (Pangkur)

1. sèkar pangkur kang gumantya
duk sèmantèn dintèn Kémis kang sasi

^x BL MS. 'nènggah'.

^y BL MS. 'sami', one sy. missing in the line.

Dulkangidah walulurik
tanggal taun Alipnya
ongka sèwu pitung-atus tri-dasèku
langkung songa sinèngakalan
trus guna pandhitèng bumi (28 Dulkangidah
A.J. 1739 / Thursday, 3 December 1812)

2. pramila mawi kaétang
lir puniku sab Nata pyuh ing galih
dhatèng uwa pamanipun
suprih sampun sumèlang
kapti tuhu dhumatèng Kajèng Sang Prabu
sinrudhah lèganing manah
ing kina tan na kadyèki

3. rumiyin kang ingayatan
Gèdhong Lopak-Lopak rinèmpak aglis
gumrudhug samya lumayu
putra santana mudha
wotèn mènek piyambak wit pèlèm ngundhuh
kang tan sagèd watèn ngandhap
sawènèh nanas dènambil

4. gumèdèr ramé gumèrah
santana lit myang kanèkan (Sang) Aji^a
pèlèm kang samya rinèbut
mongsa punika kathah
pèlèm dadol kètèla ènggèn puniku
sarèng / abdènira prapta
saklangkung ramènirèki

f.103v

5. tanbuh bèndara kawula
ingkang mènek wit satunggil nglangkungi
pèngraos mèntul lir putung
kang papèlèm prasamya
pan ingèroh dhawah ing andhap kumrubut
pan samya arèrèbatan
kawula tan uning Gusti

6. mung yèn tumènga jrih mènndhak
yèn tumungkul pan nyèndhalira lali
sangking kathahé jalmèku
santana sèpuh samya
sukani kang tyas kadya kang (a)nèm^b iku
kang sèngkud kathah angsalnya
jagèni ngandhaping uwit

7. kang mènek mudhun prasamya
séjé rowang samya dipunambili

^a BL MS. 'Aji', one sy. missing in the line.

^b BL MS. 'nèm', one sy. missing in the line.

yèn datan suka rinèbut
yèn kapriksa kang gadhah
réncang nyabda kawèlèh samya gumuyu
tan na wèwados sémama
sanging sukaning kang galih

8. bégjané kang sugih réncang
ingkang nēmēn pamèt bēndhayot sami
dhasar pëlēmnya gung-agung
rēmēnēn tyas abungah
lamun angsal kang matēng dhinahar ngriku
jumēnēng sawēnēh lēnggah
wēnēh tanpa gaman sami

9. putra kang lit-alit ika
pan kasēsa samya kinēnyoh sami
suka-rēna tyas sēdarum
wus tēlas gya ang(rē)mpak^c
ngétan Gédhong Gandhèk³³³ kiwa-
tēngēnipun
kapundhung pëlēm amuwah
sēngsaya angēlangkuni

10. ramé gumēdēr-gumērah
lir wong ngray(a)han^d tuk pandhēmēn rukmi
prajurit Jro samya tumut
ng(r)ampung ngambil wowohan
pra Wēdana kang samya sēba sēdarum
samya nēmpilan nikmatan
nēmēn Radèn Jayēngsari

11. dhasar kapundhung dhap-andhap
kadya sēmpal ēpang pinènèk jalmi
ingiras dhinahar ngriku
pra Pangran langkung muwah
kang kēpundhung misra dlasan abdēnipun
gēmbol ngandhut tuwuk nēdha
anglasah ngundhung kang kulit

f.104r 12. karya bany/ol catur padi
sukaning tyas lalu b(è)ran^e sihnya Ji
sanging tan dhuwawēnipun
ngrangkēp ingkang bēbēktan
ngandhut gēndhong taksih wrat binē(k)ta^f
mantuk
kapundhung pëlēm myang nanas
sadhangēnira ali(ng)gih

13. ginēlar kadya wong dhasar
pan pinikir wowohan tri pērkawis
kang ènthèng binēkta iku
kang babar ing akathah
mung kapundhung kang dadya tēlēng ing
kalbu

pëlēm nanas binuwangan
dinalih angriri bēdi

14. dinangu ing Gustēnira
di pëlēmē nanas turira gipih
kula bucal mung kapundhung
ingkang kula bēkta(a)^g
kaot rēkah yèn damēl pēparing ulun
tan éman binabar-babar
mri(ng) wadya sanging satunggil

15. yèn pëlēm nanas ngong bēkta
botèn cēkap yèn wis nradinkēn dasih
mongsa wandéya pukulun
awēl yèn amaringna
sawab agēng (a)mong kang wadya sinining
tuwin kula tuwas bēkta
ngong panci plēm Gusti siji

16. sinērēng ing duka nyēndhak
sēmōnira jalma kang wus wigati
mri(ng) wataké guntēnipun
kumēd kalon tan nyipta
adatira mri(ng) kawulanya puniku
mēsēm kang samya tumingal
kang pancèn ngēmban putra lit

17. tanpin lahur ingkang sinjang
.....^h
karya (a)ngēmbanⁱ kapundhung
pëlēm nanas sēmuwa
pan ginēndhong ing cindhé sēkar kayungyun
sawab sihnya Sri Narēndra
mirah kuna tan kadyèki

18. pinaring samya ngambila
dhawak-dhawak sawarégé pribadi
mumpung mirah Nata Prabu
sēmantēn wus luwaran
kang ingambil pëlēm nanas myang
kēpundhung

^c BL MS. 'angēmpak'.

^d BL MS. 'ngrayhan', one sy. missing in the line.

^e BL MS. 'biran'.

^f BL MS. 'binēpta'.

^g BL MS. 'bēkta', one sy. missing in the line.

^h BL MS. misses line b; it cannot be substituted
from LOr because the latter omits the entire canto.

ⁱ BL MS. 'ngēmban', one sy. missing in the line.

têlasan kang sêpuh samya
nulya tinimbalan Aji

f.104v 19. mugèng ing Gêdhong Sêkawan³³⁴
nging tan panggya lan Nata mung pinaring
dhahar wédang / rati gandum^{334a}
samya nuhun turira
putra alit katimbalan mring Sang Prabu
sawerniné ingkang békta
putra tan kaliwat siji

20. saréng prapta ngarsa Nata
pinaringan yatra sakèh putra lit
juganya pinaring nyatus
dhuwit saklangkung bungah
putra timur ginanti-ganti dinangu
kang dèrèng sagéd micara
kinarya gujéngan Aji

21. wusnya andikakèn bubar
mring gèn rama Gêdhong Sêkawan prapti
kang rama samya andangu
tinimbalana paran
putra matur ginanjar ing arta ulun
nyatus dhuwit tyang^j sanunggal
kang rama sokur ing galih

22. nulya wotèn gandhèk prapta
andhawhèk kinèn bubara sami
kang wa paman ri putrèku
tandya anulya bubar
tan kawarna ing mar(ga)^k wisma puniku
sémantèn Pangéran Arya
saklangkung gènira galih

23. sèsmitanira Sang Nata
kadyaparan samya sinukèng galih
wit nama angundhuh-undhuh
Nata anglarkèn muwah
myang santana dlasan putranya sèdarum
ginanjar arta mring Nata³³⁵
ing mongsa kadya puniki

24. tinèpangakèn ing Nata
yudanagra ngèlminé tan kèpanggih
mung murga salirnya namur
barang rakèt ing praja
Pangran Arya wus sidik ing karsa Prabu

^j BL MS. 'tyang', one sy. too many in the line.

^k BL MS. 'tan kawarna ing mar wisma puniku', one sy. missing in the line.

mila tan ramé ing karsa
duk ngundhuh mung ningali

25. mung raka kang ingopènan
Pangran Bèi sakarsa mung kang rayi
kang ngandhèp sèdang ngonipun
nadyan mundhut wowohan
ingkang kathah mung sukané tyas linajur
sawab Pangéran wus nyipta
salira dédé karsa Ji

CANTO XXXIII (Durma)

1. sèkar pangkur kang durma ngarsa
gumantya
sumantèn Sang Nréndra Di
ingaturan tindak
mri(ng) Candhi Pèrambanan³³⁶
Tuwan Minèstèr angiring
Sukètris samya
/ Kèpala Gris myang Jisim

f.105r

2. pra santana sèpuh mudha myang pra
putra
Bupati tri prajurit
pukul pitu mangkat
sumahab ingkang wadya
wadya Inggris ngarsa wuri
ngèbèki papan
gumèr syandana muni

3. Sri Naréndra nitih wahana ajar
Tuwan Mastèr kang kéring
Sukètris kapala
Gris Jisim pra santana
cara Sabrang gèn lumaris
sakèdhap prapta
Prambanan kèndèl Laji

4. pèsanggrahan lajèng dhahar kang
sèsègah
Tuwan Mastèr sumaji^a
punapa caranya
ing Loji wus sumèkta
wusnya dhahar bodhol aglis
ningali rēca
Bok Jonggrang³³⁷ kang rumiyin

^a LOr 'Twan Mèstrè suma Aji'.

5. Tuwan Mastèr tan tèbah lan Sri
Naréndra

wus prapta gya marpèki
ningali Bok Jonggrang
santana kosya Nata
tuwin rēca kang Papatih
Gajahpèrmada³³⁸
samya nèng jro gwa kalih

6. Nata uning gya dhawahkèn ingkang
paman

Pangran Samayudèki³³⁹
samya kinèn gambar
Bok Jonggrang saangkannya
sandika kang paman nuli
gambar Bok Lara
Jonggrang ingkang rumiyin

7. binilangkèn mri(ng) Minèstèr saudara

yèn kang paman undhagi
gambar ongka barang
Lumayu cara Wlonda³⁴⁰
sudara narima kasih
Sukètris mojar
Pangran kulané ngriki

f.106r^b 8. // dika gambar katut tabon Lara
Junggrang

malang-kadhak guyoni
suka kang tumingal
karya guyuning kathah
tuhu lucu Sukètaris
sadangon(i)ra^c
ginujèng Sri Bupati

9. nulya tindak mèngalor gèn rēca sasra³⁴¹

kèh syarna dèntingali
wau rēca-rēca
mandah duk budanira
kang warna rēca ngédab di
myang pasang-pasang
gapura wau candhi

10. gèdhong-gèdhong ukiran bubulèt
nyadah

dadya tinèpé jawi
tan kontap smu Sabrang
kang mèh tumètès warna

^b f.105v is blank in BL MS.

^c The diacritic sign (*sandhangan swara*) *wulu (i)* is written unclearly in the BL MS. The verse is omitted entirely in LOR.

sumantèn kèndèl Sang Aji
nèng pèsa(ng)grahan
mriksa gambar Bok luwih

11. sangking Pangran Samayuda pan wus
dadya

ninging dèrèng paos rèsik
mung Bok Lara Junggrang
Nata gya angandika
sèdaya paman dènbersih
sampéyan gambar
sampéyan angantuni

12. tuwin Adiwarna kancamu dyi ika

padha gambara sami
salor sapangétan
sapangidulé rēca
myang patut-patut ing puri
gèdhong gapuran
nginépa yèn durung wis

13. Adiwarna sandika turnya mring Nata

gya Nata kondur malih
dhatèng pèsanggrahan
pèkèn ing Pèrambanan
dhèdharan wowohan sami
bè(k)tan^d sing // pura
Songguman³⁴² kidul ya sri

14. wus wèradin pinaringan myang kang
wédang

sawusnya pènuh sami
tandya Nata mangkat
kondur sumahab wadya
mawi Kètanggèl ngurmati
marès ping tiga
tambur béri myang suling

15. inggaring tyas kang wadya gumbirèng
samya

képyan yèn tas kajadi
mèh pulih pèngrasa
sahambèkira samya
dumugi ing Lèpèn Bèning³⁴³
Sang Sri Naréndra
nitih karéta aglis

16. Tuwan Mastèr anunggil lawan Sang
Nata

^d BL MS. 'bètan'.

^e f.106v is missing in BL MS.

f.107r

Sukētris Kēpalèng Gris^f
Jisim lan Pang(é)ran^g
Ngabèhi lawan putra
Pangéran Amangkubumi
lyaning punika
taksih sami nuranggi

17. gya lumarap karéta lumayu gancang
santana kantun sami
tuwin kang Bupatiya
répot kapal tan nyandhak
kang ngiring lumayu sami
ngéstep myang nyong(k)lang
kang kantun nandèr sami

18. prapta Ngloji ingurmatan maryēm Nata
ingkang syara mawanti
Sang Nata ngaturan
pinarak Laji Taman
sakédhap pinarak Aji
nginum dhédharan
mriksa gambar nēgari

19. wusnya nēlas Sang Nata kundur
ngédhatyan
Tuan Minēstēr ngiring
wus praptèng ing pura
Tuan Minēstēr pulang
sawusnya sagung kang ngiring
samyā bubarān
sēmāntēn Pangran ngalih

f.107v 20. / Adiwinata lan Pangran Suryabrongta
kyat lumiring tan kari
lyan punika samya
kantun tan nyandhak kréta
tan nga(n)tos Maglaran sami^h
sakundurira
lajēng jujuk wismèki

21. duk sēmāntēn ngajēngkēn Garēbēg
Bēsar³⁴⁴
Nata mlak gēn prajurit
Mantri Jru myang N(y)utra
salomprèt Jagakarya³⁴⁵
lirnya kang kathah nyulami

^f BL MS. 'Sukētris lan Kēpalèng Gris', one sy. too many in the line.

^g BL MS. 'Pangran', one sy. missing in the line.

^h BL MS. seems to have 'angatos Maglaran sami', I have followed LOR.

sampun nyarumat
puluh kadya ing nguni

CANTO XXXIV (Mijil)

1. sēkar pamijil guma(n)tyèng^a arsi
ri sēdhēngnya agrong
wus mangsanya ing Rēbo Garbégé
adat ing kina ingkang winuri
kang sēwa mēnuhi
myang prajurit agung

2. puluh ing jalma wus kadya lami
tuwin kang nēnonton
Pangurakan Glèdhègan Sèkabèr³⁴⁶
prajurit myang Paglaran kang nangkil
Mantri myang Bupati
Rēkyana Patyèku

3. pra santana tan éwah lir lami
pērnataning ènggon
amēnuhi lir sēkar pindhané
busana bra sawang taman sari
myang kang apit kari
dhatèng Sitaluhur

4. upacara songsong gung mērapit
sanjata myang waos
ingkang ngampil priya ta karané
bajo kuning lir sēkar kēnikir
galo Singanagri
sisih Mērtalulut³⁴⁷

5. ing Sitinggil inggih glar kang nangkil
Gandhèk Mantri Anom
kang niyaga bērdongga tata dhèr
/ myang prajurit samya nganan-ngéring
Kēmādhungan asri
bèk wadya supēnuh

f.108r

6. kang parē(kan)^b jalēr lan pawēstri
ngrēnggunuk sri tinon
ingkang ngrēmbat gladhak sawanciné
kopyah bajo bang lir purasari^{347a}
tuwin kang prajurit
Mantri glar nēng ngriku

^a BL MS. 'gumatyèng'.

^b BL MS. unclear: the surface of the page is torn just above the end of this word.

7. pēmaosan sēdaya anangkil
undhagi myang Gawong
kalang tukang-tukang³⁴⁸ karya kabèh
pandhé gēndhing kmasan juru-sabin
jru Surimēnganti
inggih dhèr supènuh

8. Bupati Jru Wēdana Pamiji
Kliwon Jēksa agrong
carik Dēmang gung myang Mantri kabèh
Gēdhong Kēparak sumahab sami
kapénak lan tuwin
ingkang dadya anung

9. para putra myang santana Aji
kang nēm-nēm sumaos
tuwin santana sēpuh sawi(y)os^c
Pangran Arya nyar kinarya Miji
myang wadya Pangrani
Dipatya supènuh

10. gya prajurit mēdal jruning puri
kang sura kinaot
tambur suling salumprèt myang bēndhé
pērdongga munya barung ngērangan
Nata kinèn nukmi
parēkan kang putus

11. kang séwa kaJaba Jru wus uning
sa(k)sana^d ing ènggon
datan montra tan nukma sajaké
manjing pura wus matur Sang Aji
tandya Sri Bupati
tēdhak sing piturun

f.108v 12. arēg sadaya Dyah dalēm puri
garwa ri putra nom
samyā tindak dhodhok tratag / andhèr
mung manggung nut ingkang ngampil-ampil
upacara Aji
nganan-ngéring ayun^{348a}

13. wurinya Nata parēkan ngampil
gih samya kēprabon
para Lurah garbég Jēng Sang Rajèng
sémahnya Bupati Mantri tuwin
prajurit Jru sami
gumērah-gumuruh

14. kandhèg nèng wijil sapisan Aji
nganti ngarsa agrong
wadya pipit ing pintu wētuné
sinambining ningali Dyah ngampil
upacara Aji
yèn watèn tan patut

15. sampur udhèt myang wastranirèki
gēlung paos konyoh
tinggalan ing liring Sang Rajèng
apsari lantèp nampèni kapti
sēsmita Sang Aji
gya ngéwahi sampur

16. wènèh udhèt sinjang ngusap wèni
ngēmak gēlung konyoh
ingusap-usap ngējum sinomé
sawang-sinawang lan rowangnèki
myang ngusapi lathi
ngumbulkèn sēsampur

17. kirang (l)iring^e winulang Sang Aji
myang solah pasēmōn
samya nukma ing tingal kēdh(a)pa^f
tan rēkasa (l)jantip^g kang nampèni
wiraganya ngēnting
lir ngigél karya pyuh

18. gonda prana ulat lawan liring
manis sagon-ènggon
pating gelasah mawur satibané
karya rumab ing Mantri Bupati
liring masopati³⁴⁹
sèstu karya kēpyur

f.109r 19. gēndrèh-gēndrèh léwannya mantēsi
anompa kēprabon
lir ngrērēm/pa kakung Dyah pindhané
mēdhak matut gobakhèn jajèki
wastra nrampad siti
kongas tyas umandul

20. mèsēm ing tyas Sang Sri Narapati
non polah ing sinom
kapibronga rum wilèt kēnyaré
sampun sami lan karsa Sang Aji
myat pinujèng liring
lantip karya luhur

^c BL MS. 'sawiwos'.

^d BL MS. 'sabsana'.

^e BL MS. 'yiring'.

^f BL MS. 'kēdhopa'.

^g BL MS. 'yantip'.

21. dadyaa ujat kondhang ing puri
Prabu taksih anom
ulah wiraga bésus manisé
kédhap kumilat anyar dadya Ji
sampun anglingsèmi
bawaning képrabun

22. tandya tindak wijil kaping kalih
arèg kang punang wong
kaping tiga minggah Sitinggilé
kagok kèndèl Sang Sri Narapati
arèg gung kang nangkil
urmat tambur umung

23. abarung salomprèt la(wa)n^h suling
bukuh kang punang wong
mèdharé magupuh buwang lanté
nyothé wèdhung anata ing krami
tuwin yudanagri
wus samya amèngku

24. ing Paglaran gih sèmantèn malih
nitikramèng kanggon
samya mawas ing kanan-kéringé
yèn watèn busana kang nyènyami
lan Sri Narapati
inggal kinèn mètu

25. asalina pènganggé gya nangkil
nadyan santana grong
tan prabéda mèngkantèn lampahé
yèn wus salin mardana dènglis
dadya samya uning
nitikramèng Prabu

26. Nata mugèng Witana Sitinggil
ingayap pra sinom
lènggah dhampar kèncana Sang Rajèng
tata glar sumahab wa/dya Aji
kang sèkar pamijil
ginèntyantus madu

CANTO XXXV (Dhandhanggula)

f.110v^a 1. // pantès tan ana ingwang Sang Aji
yèn pinarak ing dhampar kèncana
kasur bludru sisariné

^h BL MS. 'lan', one sy. missing in the line.

^a f.110r is blank in BL MS.

arja rasukan gummyur
dhasar sèta sinilih asih
jènar gèbyar tumlèram
kancing rètina laut
kuluk bèrji mundrining mas
rètina téja sèkar ron mas sinuntagi
kébak sinutya ngrètina

2. angunguwung pagut lintang liring
lir kilat thathit alèliwèran
kampuh sawat byar angèné
apani(ng)sèt suratun
arja dhuwung képrabon Aji
rinènggèng mas rinètina
/ acicim jumurut
sinèlan jumantèn mirah
gèbyar nguwung tuméja kagyat kang
uning
lancingan cindhé sèkar

f.111r

3. rètina bubunton rinènda adi
acénéla sinungkèt ingrètina
burat rum gondajèng Katong^{349a}
marbuk rum nrusing kalbu
inggang cahya murnama sidi
dhasar Naléndra Mudha
lir Wisnu tumurun³⁵⁰
i(ng) marcapada di indah
pan ingayap widadara-widadari
sèstu Nata mangkana

4. rèrènggannya kang angampil sari
banyak-dhalang lan arda-walika
kacumas / sawungalingé
kandil lantaran kuthuk
saput padam burung ing ngarsi
cèpuri pamojokan³⁵¹
nganan-ngéring Prabu
myang waos sanjata wrastra
gandhéwa dhi sabèt tamèng nganan-ngéring
songsong jnar Tunggul Naga^{351a}

f.111v

5. kang angampil pan samya apsari
ayu nandhang samir sutra jènar
samya abusana kaot
paès sinèkar mawur
bonyong sèngkang gumru rètina
pagut liring ing nètra
pan karya kèkèpyur
ulatnya angonda prana
manis lathi amor lan waja kinèsik³⁵²
karya brangtaning priya

6. ingkang séwa lir kajêm ing siti
 samya gita-ginupitèng ing tyas
 bukuh mring natasilané
 tuménga ngliring Prabu
 nir kasilan ing nitikrami
 mawas-mawas (tan) kontap^b
 lir baskaré murub
 sèñnenna ing kaluhuran
 anglimputi nging cahya murnama sidhi
 sèstu pituruning Hyang

7. dadya mung mawas onggga Narpati
 kang tan ulap watès ing sujudan
 yèn ngluhur ulap sèñéné
 lan nitikramènipun
 sampun sèdhèng mawas puniki
 yèn tuménga atawang
 dya wong tan wrin tulus
 tan mriksa sikuning Nata
 praja-adi kèjawi kang sinungan sih
 mawas ngliring maryogya

8. nadyan yèn kèparèng pagut tyas nir
 mènggah pènata séwa tan èwah
 myang Pangran Dipati Anèm
 putra santana anung
 datan èwah tataning lami
 Pangran Arya Panular
 tan mardanèng ngriku
 f.112r / taksih nèng Surimèngantya
 jaga pura lan taksih èwèd patraping
 karsannya Sri Naréndra

9. anèngahi kang munggèng ing ngarsi
 dadya Patih Jru sira Rahadyan
 Pringgakusuma namané^{352a}
 ngandika Sang Aprabu
 lah ta Pri(ng)gakusuma aglis
 Minèstèr timbalana
 lir adat rumuhun
 sandika Dyan awotsèkar
 wus dhawuhkèn Kliwon kang pancèn nimbali
 tur sèmbah tandya mèsat

10. gya prajurit kang wotèn Sitinggil
 ingawé Nata mudhun Paglaran
 baris ing alun-aluné
 lir adat lampahipun
 gya Kaliwon ingkang nimbali
 Tuwan Minèstèr prapta

^b BL MS. 'mawas-mawas kontap', one sy. missing in the line.

pan sampun dhumawuh
 nulya mangkat saha wadya
 lir ing guni nging Pangran Pakualami
 tumut saputranira

11. mugèng kréta mung putra taruni
 kang mugèng kuda apèpayungan
 séta tinèlacap praos³⁵³
 Sukètris Inggris anung
 mugèng kréta sampun prapti
 ngalun-alun gya Monggang^{353a}
 hurmat tambur rupul
 sarèng prapta Pagèlaran
 suka hurmat manthuk mring gung ingkang
 nangkil
 nèng luhuring karéta

12. mudhun ngarsané Kori Sitinggil
 myang Pangran Pakualam saputra
 Sukètris Wèlonda gèdhé³⁵⁴
 wus minggah Sitaluhur
 tèkèng tratag mingkup songsonging
 lajèng dhatèng ngayunan-
 ira Jèng Sang Prabu
 inggal jumèñng Sang Na/ta
 Mastèr hurmat tabé lan Sang Sri Bupati
 sarta nyaoskèn paman

f.112v

13. panggya Sang Nata ing dina bècik
 anyaoskèn salam mri(ng) Sang Nata
 inggal ingawé pamané
 pan sèsalaman sampun
 gya Sukètris pèngagèng Inggris
 tur tabé mring Sang Nata
 sawusnya Sang Prabu
 gya tabéyan lan Jèng Pangran
 Adipati myang éyang salaman sami
 wusnya tata alènggah

14. Tuwan Mastèr tan èwah lir lami
 tuwin Kangjèng Pangran Adipatya
 paman kéringa Sa(ng) Katong
 Sukètaris Inggris nung
 soring tratag myang putra kalih
 Pangran Suryèngrat Ingrang
 nèng kursi alungguh³⁵⁵
 kang séwa samya gupita-
 ginupita ing patrap nganyar-anyari
 santana nir kawita

15. tandya Nata angawé prajurit
 pèpiliyan mèdal Pagèlaran

baris ing alun-aluné
gya gunungan kang mëtü^{355a}
kadya saban tata lumaris
gya ngurmatan sanjata
Inggris kang rumuhun
angédrel mriyém gumantya
Laji barung sawèrnèng baris ngédrelè
syara lir ruk prawata

16. sawusnya gya barundungan sami
langkung ramé abarung pèrdongga
myang tambur béri bëndhé gong
lir grah syara karungu
tandya Nyutra Trunajayèki³⁵⁶
mudhun sing Sitibéntar
tayungan sèdarum
dadya tontonan ing kathah
ingiringkèn bèrdongga munya ngèrangan
mèsès ingkang tayungan

f.113r 17. dadya busana saingga kadi
ngalun-alun lir sèkar sètaman
pinuja nédhèng sèkaré
myang pasowan sèdarum
/ sirat ngèrna tuméja sami
barung gèbyaring rukma
swasa slaka pènuh
mamas mor gèbyaring sara
aliwèran lir kilat-thathit barungi
puluh prajadikara

18. Bupati Jro gya mudhun kèkalih³⁵⁷
Pagèlaran dhawuhkèn Apatya
kinèn mri(ng) masigit kabèh
ngèpang sadhèkah Prabu
tandya bodhol gumèrdèg sami
pra santana Bupatya
Mantri kang samya nung
wus prapta datan winarna
kadya saban Nata kang munggèng Sitinggil
tan pègat num-inuman

19. kadya soban hurmat lulusing Ji
myang lulusing Upèrnèmèn samya
Inggris balèngkèt lan Rajèng
arjané prajadi gung
myang lulusing Pangran Dipati^{357a}
Nata suka rènèng tyas
Tuwan Minèstèr pyuh
wusnya gya Nata ngédhatyan
pan ginèrbèg apsari gumuruh atri
Nata kèkanthèn asta

20. lan Tuwan Mastèr Niprul kanan Ji
ingkang paman dhèrèk malbèng pura
kandhèg watèn ngandhap swoné^c
putra dyi kandhèg pintu
parégolan ngadèg pribadi
pan kadya jaga-jaga
wadya glaring ngriku
putra santana kang mudha
sarèng prapta pasowan ngiring Sang Aji
rèsah tataning lènggah

21. datan kadi kang para Bupati
samya tata pèrnataning lènggah
santana kathah wèrninè³⁵⁸
ungkang-ungkang myang timpuh
songga uwang sadhuwa ngéring
myang sèséndhéyan saka
kathah solahipun
myang sabda sawang nèningal
mri(ng) priyayi kang ambèk bèr tanpa kéring
kang jaga-jaga lawang

22. animbangi / saya tanpa kéring
angungasakèn suraning manah
kinroyok kathah ambèké
tan arsa soring laku
kaungkulan pèrbawa mingis
ngongaskèn sing kadohan
tan wa(li)prak^d ngayun
wong naton kang tyas tan lana
wèkasaning kang tinonton anatoni
dhatèng sariranira

f.113v

23. Pangran Arya tan sagèd ningali
patrap ingkang kadya sapunika
déné saklangkung saruné
ingagèm pèryayi gung
pantès laré ingkang gadhahi
Pangran tan arsa mulat
usik jruning kalbu
kaya kinarya ampungan
patrap rusuh sajatining marang kami
mélarsa nglèbur ongka

24. sumongga bègja lara kang paring
Allah sidik masèsèng sajagad
uning tyas rèsik règèdé
mongsa nora katèmu

^c BL MS. has 'sawoné', one sy. too many in the line.

^d The aksara 'li' is unclear in BL MS.

ing tēmbènyya tan kawus sami
dinukan ing Hyang Purba
tan émut sarambut
pira lawasé duk bédhah
nandhang wirang tan dadi talining nagri
mangkya ambèk suséla

25. Tuwan Mastēr Niprul sawusnèki
tinabèkkèn pra Ratu sédaya³⁵⁹
gya mēdal anganthi agé
Pangran Pakualam wus
dhaut putra sawadya sami
ingurmatan samarga
Bupati amudhun
mung pra Pangran tan mudhuna
éca samya lēnggah lir kang mungél ngarsi
sabēnyya mawi hurmat

26. lamun Tuwan Mastēr manjing puri
sawētunya mawi ingudhunana
sama Pangran Dipatiné
sawab mangké puniku
kanthi Pangran Pakualaming
kasor yèn ngudhunana
f.114r pēngrasa tyas/ipun
sēmantèn Pangéran Arya
ngatak mudhun nanging datan pinērduli
gēnyya tēbah nēng tēngah

27. arsa tindak èwèd ingkang galih
solah muna liring tan pēsaja
rowangnya kang séwa kabèh
yèn dinalihkèn ngrubuh-
akèn kathah bēcik pribadi
mung lērēs kang kacipta
adat ingkang wau
nanging kapalang ing kathah
dadya mēnggah api Pangran datan uning
tan arsa amulata

28. kang jinēlu ing tyas wayahnèki
Pangéran Arya Dipanégara
ing mongsa puniku mangko
dadya ugēr³⁶⁰ praja gung³⁶⁰
pan mèh sasat salirèng Aji
tan dudut ing akathah
karya kang pèkantung
sampun ping kalih punika
wotèn Mastēr datan watèn angudhuni
yèn pèpak ingkang sowan

^ε BL MS. 'ugèring', one sy. too many in the line.

29. duk rumiyin ngandika pribadi
sawèg tan mudhun sinèrèng pyambak
wrata dhatèng Tuwan Mastēr
umatur mring yangipun
nētah-nētah pamanirèki
Pangéran Dipayana
kang tan rēmbag mudhun
kaduwungira kalintang
tēka mangké wēkasan kinaping kalih
gih nu(n)tèn nuk lan paman^f

30. para supèn Pangran yèn nut bēcik
wēwatakan kang sampun kagiyar
sira tan ana parané
yèn lingsēma amudhun
pan dinalèh ngudhuni kaki
puniku kaki nyata
tan garoh sērambut
pra santana ingkang mudha
lingsēm paman dédé paman gēnyya nyilih
paman-paman tēmēnan

31. tēka patut yèn dipunudhuni
/ mongsa punika pan mēnang jangkah
f.114v sabarang patrapnya kabèh
mangkya mawi(y)a kumpul
lan Minēstēr sēngsaya taklim
sawab ingkang (a)ngangkat^g
Panjēnengan Prabu
angiras ngrēksa kēratyan^{360a}
sampun ugi ngudhuni mring paman kaki
ing tyas hurmat sudara

32. mila sampun ngéwahi tataning
kang wus kalakyan yudanégara^h
gèdhé cilik tuwa anom
samya agadhah patut
pinurutkèn dhatèng ing ngèlmi
tan watèn rēbat angka
karya kang tan patut
mila risak ingkang praja
gih punika patrap ingkang jējembēri
tan wruh tuwa nom sura

33. dēnlarasa dipunkadi gēndhing³⁶¹
amēmatut syaraning gamēlan

^f BL MS. 'lan apaman', one sy. too many in the line.

^g BL MS. 'ngangkat', one sy. missing in the line.

^h BL MS. 'yudanégaranya', one sy. too many in the line.

runtut syara kèh rupané
gong kènong bunang kèthuk
saron kəcèr asanès warni
gambang calèmpung rēbab
këndhang myang katipung
samyā atēbih sungsatnya
ingkang warna nanging pinērdi ing gēndhing
niyaga kang masésa

34. sarēng tinabuh munya ngērangan
larasnya runtut pan datan siwah
kènong mēmbal syara rumé
Gongnya Bima gumuyu
kèthuk lēpas bunang bundari
kumricik-ricik umyang
bēndhénya angungkung
yèn nora tanpa parungyan
gambang rēbab calèmpung suling tan kèksi
këndhang ingkang gurnita

35. pēryayi gēdhé dènkadi niki
dènggéntasi sabarang pakaryan
karyaning Nata srēng lumèh
yèn datan kadya niku
f.115r sampun agé amikir hasil
èwéd karsaning Nata
tan kēna cinundhuk
sok jalma akarsa kathah
dadya agēng tan kapingin dadya alit
pēcak Pangéran Arya

36. ing Ngayugia tan watēn kēkalih
andhèrèk lingsēm dadya griⁱ pējah
tan mēngēng rumēksa Rajēng
dhasar paman mrasēpuh
sēprandēnnya kinirēng Aji
puniku karya kaca
tinēpa sēdarum
sèdhèpnya pating garèndhol
20. suka-rèna miwah wadyanya sadarum
ngalih Kèpatiyon nuli
kang usung-usung kumèrud
Danurjan dipunrèsiki
jaba jro wingking sinapon
21. dhasar wataknya Dyan Dipati puniku
rèsikan ing wisma apik⁴⁹⁵
wusnya pinindhahan iku
injingnya Garèbèg⁴⁹⁶ nangkil
sènénnya pan saya kamot
22. tan winarna ing Garbèg miyos Sang Prabu
pan kadya adating nguni
Twan Mastèr matur Sang Prabu

^d This word is unclear in BL MS. The text seems to read 'rgi'.

margi Rahadyan Dipati
yèn kang Yang Jéndral mèh rawoh

23. ri sèdhèngnya sémaya kang yang gya rawuh

Nata anduta Bupati
Wédana putra dyi iku
santana Ngran Mangkubumi
Ngran Dinègara sawiyos

24. Pangran Dipanègara kang putra sèpuh
tandya kapèthuk ing margi⁴⁹⁷
lampahnya anulya laju
Jèng Pangran Pakualaming
inggih mèthuk sagarwa grong

25. putra kalih kang sampun mèthuk rumuwun

Pangran Suryaningrat Pranging
wus ngiring mring kang yang laju
sinrat duk Yang Jéndral prapti⁴⁹⁸
mring Ngayugia ditèn Rêbo

26. wulan Bésar tanggal kawan-wlas puniku

taun Éhé angkaning warsi
sèwu pitung-atus catur-
dasa gya mèthuk Sang / Aji (14 Bésar A.J. f.154r
1740; Wednesday, 8 Dec. 1813)
myang garwa Ngran Dipatya Nom

27. wahananya kréta wadya gung gumuruh
upacara anglèpasi
prajurit Jro mugèng ayun
Tuan Minèstèr dhalangi
Nata durmaning praja grong

CANTO LII (Durma)

1. sigra budhal Kajèng Sang Sri Naranata
wadya badhol mènuihi
lurung gèng barisan^a
kapang mawi bèrdongga
ing Loji baris Sèpèhi
Inggris atèmbak
sumahab ngarsèng Loji

2. tandya hurmat maryèm munya lir glap nampar

^a BL MS. 'binarisan', one sy, too many in the line.

bardongga ambarungi
syaranya lir gèrah
wor tambur jriting kuda
gèrdèging kréta mor jalmi
lèbu limunan
pètèng lir kukus api

3. wiyosira wancinya gumiwang kilyan
sarèng lan éyang prapti
anèng pèsanggrahan
kang ran Rēsānègaran⁴⁹⁹
kédhik Yang Jéndral rumiyin
agènti tapak
kasèsa Sri Bupati

4. ga pinèthuk mring kang Yang Jéndral
agèpah
anèng pèngkulan kalih
samya ciciyuman
lir puyuh tètaringan⁵⁰⁰
Twan Jindral lawan Sang Aji
rèsèp jruning tyas
kadyi dhatèngkèn kang sih

5. Kajèng Ratu lan Niprul
arèra(ng)kulan⁵⁰¹
wah Pangéran Dipati
Inggris gung sumahab
hurmat tabé mring Nata
wusnya tarap mugèng kursi
angéring-nganan
tuwin kang paman Aji

6. Kajèng Pangran Pakualam kéring ngarsa
twin Pangran Suryèngrating
wa Ngran Bèhi kanan^b
ri Pangran Mangkubumya
kadyi tèbah kiwaning Gris
kang pra sèntana
sèpuh samya nèng kursi

f.154v 7. nanging dédé pèpancéne linèng/gahan
pancèn tamu kang linggih
Ngran Arya Panular
kéring nèng kursi tèngah
putra santana nèm linggih
clak ngéring-nganan
garèbèg Sri Bupati

8. ngandhap tarub agung kang para
Bupatya
sumahab para Mantri
bèr prajurit tata
Jawa Sabrang yun-yunan
lir pindah udyanasari
busana abra
kumilat sarana thit

9. hurmat munya drèlira mawantya-wantya
sarèng Jawa lan Inggris
lir ruing prawata
tandya Sri Naranata
kèmbul dhèdhaharan sami
wédang inuman
lan kang Yang Jéndral adi

10. kang dhèdharan sogoman adi wowohan
wus winradinkèn Inggris
myang putra santana
Bupatya myang sémara
langkung suka kang yang uning
tuwin Niprulnya
hurmat Nata kinasih

11. drèsing sabda kang Yang Jéndral mring
Sang Nata
Nata sumantèn malih
Niprul mring Ratunya
drès sabda katimbangan
Ratu Kèncana angasih
lumadèng solah
dhokoh susugunèki

12. wusnya boga gya budhal wadya
gumèrah
samarga hurmat muni
bèrdongga barungan
undur tataning lampa
rumiyin Kajèng Sang Aji
kantun kang wadya
Pacinan Inggris baris

13. tèkèng Loji supènuh kang marga
pèjah
tarap tandya Supèhi
wus dungkap Sang Nata
pangarsa wadya Sabrang
samya mugèng kuda téji
gèrbèg Twan Jindral
tanapi Sri Bupati

^b BL MS. seems to have 'kangnan'.

14. kréta lajèng marganira tinangkéban
wadya Jawa tan kèni
yèn nrak abarisnya
dhèdhèg wadya nèng marga
tindhahnya Liknang ngadhangi
mugèng ing kuda
f.155r ngli/ga pèdhang ngajrihi
15. lawan Pangran Suryaningprang
kèpalanya
wadya gung samya bali
upacarèng Nata
samya wangsul sèdaya
lurung Danurjan mènuhi
prasamya nyimpang^{501a}
mèdal sawétan Ngloji
16. Laji Bèsar anulya mingèr mangilyan
wadya gung langkung kikis
kuwatos mring Nata
sab pisah wadya-bala
tomtomèn duk bèdhah nagri
lan critèng kuna
gunané wong Kumpèni
17. tèka dadya pèngrasèng kèpyuring nala
anyipta nyalawadi
tan sumrèp rè(h) kormat
sangking nunggiling karsa
wusnya tata hurmat Inggris
pangrèkèng kuda
mundur tata lumaris
18. mangsuk Laji Gung wadya Sabrang
sèdaya
brol wong gung liwat sami
mangsuk Laji Taman⁵⁰²
mardana wotèn jaba
jawining glèdhègan sami
kang pra santana
Patya tuwin Bupati
19. myang ampilan sèmara wadya sèdaya
tuwin Bupati kalih
sangking Salakarta
kang ngiring Tuwan Jindral
ran Dyan Puspakusumèki
dya Wiraguna⁵⁰³
patrap pènganggé nunggil
20. Sri Narèndra pinarak lan Éyang Jéndral
nèng gèdhong⁵⁰⁴ dyan arèsmi

Inggris ingkang bèsar
praméswari wus mintar
kundur dhatèng dalèm puri
sarawuhira
Nata yang hurmat muni

21. mriyèm Ngloji syaranya lir kadi gèrah
drèlnya lir ruing wukir
Patya tinimbalan
ing jro gèdhong mardana
kinèn ngangkatkèn ing ngarsi
wadya sèdaya
Nata kundur mring puri

22. pamit mring yang Twan Mastèr
ngiringkèn Nata
gumuruh wa/dya sami
hurmat mriyèm munya
lir glap Nata wus prapta
ing pura pinapag sari
bèrdongga munya
rarasira ngèrangan

f.155v

CANTO LIII (Mijil)

1. Tuwan Minèstèr wus mangsuk Laji
bubaran wadya grong
Hyang Baskara lumarap mangilèn
gya kasaput katri sawang injing
kang éyang pinanggih
Jéndral mring kèdhatun

2. Nata mèthuk mugèng ing Siti(ng)gil
wus prapta yang gupoh
akè(kan)thèn^a malèbèng purané
tinabèkkèn lawan praméswari
myang ibu Sang Aji
Niprulnya tan kantun

3. wusnya gya miyos anèningali
ngabèn-abèn karbo⁵⁰⁵
lawan sima karbo nyèbut kalèh
mugèng alun-alun kidul prapti
mawi garwa kalih
Ratu Mas kang tumut

4. langkung ramé sima malah katri
lalis gèn gya ngrampog
wusnya kundur ngèdhaton Sang Rajèng

^a BL MS. 'akèthèn', one sy. missing in the line.

bukak méja kēmbul lan yang bukti
tarap Gris gung sami
kang garwa myang Niprul

5. duk sēmantēn sēntana Sang Aji
kang sēpuh kimawon
kinindēlkēn dhumatēng Sang Rajèng
gēnnya sowan datan pinērduli
ngantos kondur puri
tan sinung bojèku

6. kang tinēlēng ingkang paman katri
duk mēthuk Sang Katong
anèng Ngērsanēgaran mring yangé
paman-paman samya lēnggah kursi
dédé pancènēki
tētamu gēnipun

7. gēné kursi kapangarsa Aji
kagalih mring Katong
tan ngaosi kēpraboning Rajèng
kirang dēdugi lawan peryogi
lan mawi garwa Ji
tan wigih ing kalbu

f.156r 8. nyaru-krama kadya kang tētami
tan wrin ing / pakēwoh
sujanadi ing praja sēstrané
mokal samya tan wrin sēstrèng lungid
wong padha ngawaki
mung ngandēlkēn sēpuh

9. dadya Nata sintēn kang ngaosi
rēnganing kēprabon
yèn dédéya ing wong sakadangé
tēmahan mangké dipunrēsahi
wong wotēn pulaning
kang prayogèng lungguh

10. ingkang sēdhēng lan yudanēgari⁵⁰⁶
tur mratu twaningong^b
Paman Arya dēndēlinga kabèh
sēdhēng dohé maryoga kapéring
ngundurēna kursi
patut mapak lungguh

11. tēka mathok kadya tamu Inggris
tan gingsir ing kéwoh
apa isin yèn mundura agé

^b BL MS. 'tuwaningong', one sy. too many in the line.

ngrasa kandhap sab ana ing kéring
Paman Arya linggih
wong klētān dēlang gung

12. kaya wong Iyan dhasar gēdhèn ati
mung inak rinaos
duk sēmana ya karya tan jégos
mung gunané ngili tinggal nagri
wong wis sun tan mikir
tēka gawé sēngguh

13. ingkang tinēlēng mung paman kalih
katut kang sawiyos
Paman Sumayuda⁵⁰⁷ pan nut rēhé
ngisor lawan bēbudining ngēli
watak tan ngluhuri
yèn tan na kang tinut

14. mung Paman Mangkukusuma tuwin
Man Dikusuma nom⁵⁰⁸
wus kapusthi lēlungid ēnggèné
kamangkara yèn tan jinrag wani
saklangkung ginalih
ing (a)kathah^c katut

15. kang tan tumut ingkang paman sami
kinindēlkēn Katong
dlasan kang wa gih sēmantēn malèh
katēmpah sēpuh katut ing ari
wotēn patrap mingis
tan gupuh sinēndhu

16. / nging kang uwa pan dèrèng mangarti f.156v
dudukaning Katong
amung ngungun-ngungun salirané
déné sangēt gadhindhal patraping
lan sabēn-sabēning
tan kadya puniku

17. Nata sampun luwaran gèn bukti
kang yang gupita lon
gya matur Nata titilarané
Dyan Dipatya ingkang sampun lalis
atmajanya èstri
tuwin Kajēng Ratu

18. Ratu Anggèr ingong arsa uning
tinimbangan gupoh
saprapanya tētābēyan agé
kang Yang Jéndral umatur mring Aji

^c BL MS. 'kathah', one sy. missing in the line.

Dèn Ajèng puniki
pragoyaning bésuk

19. adhaupa lan Pangran Dipati⁵⁰⁹
nadyan gèdhèn wadon
sinèngkakkèn kawula Sang Rajèng
lawan Niprul kaot catur warsi⁵¹⁰
mèsèm Sri Bupati
pasra(h) mring yangipun

20. gih sun lakoni yèn lulus bénjing
jurungna Hyang Manon
gya Ratu Gèng sinausan supé
dhatèng Tuwan Jindral intèn adi
angibu tèmbunging
pyuh tyas Kajèng Ratu

21. wusnya bubar yang kundur mring Loji
Nata ngatèr ngrégol
wusnya kundur ngédhaton Sang Rajèng
gumantya Hyang Bagaskarèng ngrujit
Sang Nata amintir
sègah siyang dalu

22. wusnya injang sontènipun malih
Sang Nata gya miyos
dhatèng Loji pinèthuk éyangé
ondrawina andugèkkèn kang sih
wusnya kundur Aji
kang wadya gumuruh

23. injingnya malih kang yang lumaris
arsa uning mangko
ing pasisir kidul prapta agé⁵¹¹
adèda/lon nèlas gèn ningali
wusnya pulang Loji
gya mangsuk kèdhatun

f.157r

24. pamit mring Nata pan arsa mulih
wus linègan Katong
mèdal wétan mampir Sala malèh⁵¹²
Nata wus ganjar Bupati kalih
utusan Raka Ji
Sunan Sala Prabu

25. lan kintun taklim lan Raka
Aji⁵¹³
wus budhal dalu grong
Tuwan Jindral hurmatnya srininé
maryèm anglir ngobahkèn pratiwi
amung kawan latri
laminya tumanduk

26. nèng Ngayugjakarta Adiluwih
tan bèkta kèprabon
lampah ri(ng)kès^d nging ngarèg jalma kèh⁵¹⁴
Bupati ngiring tinulak sami
wus tinrima-kasih
sinoming kèdhatun

CANTO LIV (Sinom)

1. saungkurnya Tuwan Jindral
inggar jalma sanègari^{514a}
rumasèng ludhang tan ana
bicara anglir pawarti
ing corah kèh tan yèkti
kathah kang sokur Hyang Agung
sarta asalin Patya
taruna patut mèngkoni
karsa Nata lèrès ruwèding nègara

2. pramila manah gambira
gya Nata tindak masisir⁵¹⁵
lawan ingkang para garwa
wahana kréta Sang Aji
dédalon Sri Bupati
sawusnya tandya ngédhatun
tan lama Sri Naréndra
wulan Sura tanggal kalih
taun Èjimawal angkanirèng warsa

3. sèwu pitung-tus kathahnya
kawan-dasa langkung tunggil (2 Sura, A.J.
1741; Sunday, 26 Dec. 1813)
Nata mangun lurung gèngnya⁵¹⁶
ing madya ingurug sami
kadya cara Sèmawis
gumèrah kang nambut lurung
sakubènging nègara
sakèh lurung jawi-jruning
pinalisir binanon samadya sèta⁵¹⁷

4. / tandya Radyan Jayèngsèstra
ing wulan puniku singgih
sinrèng dinukan ing Nata
pèrkarèng angumpèt sabin⁵¹⁸
gunging wong praja nangis
dèntèn kinisruh ing laku
mring Radyan Jayèngsèstra
sinagèdan karya juti
nging kang wau duk Kyana Patih tan angsal

f.157v

^d BL MS. 'rikès'.

5. samya bundhèt nuwun priksa
adil panguthiking Patih
tan kontap Ki Adipatya
mila kèh wong bunèk ati
ing mangké salin Patih
mudha tinawang yèn kukuh
matrapkèn bèbènèran
praja kang nyuprih arjaning
mila sagung kang darbé bicara mothah

6. nglosod tur uning mring Radyan
Dipati ingkang taruni
was Radèn pèngangisira
ing kathah pan lèrès sami
Dyan pikir anèpangi
mring Jayèngsèstra Tumènggung
nging karsa tan linawan
wrat binondhèt Dyan Dipati
ingkang paman ingundang ajak tèpangan

7. inggih tan kèpadhan kaptya
ngrasèng biniyak kang wadi
dadya magok Jayèngsèstra
Dyan Patih kéwran ing galih
rumasèng tiwasnya wrin
praja nyar kinarya sèpuh
nging sumlang was ing driya
Jèngsèstra paman pribadi
garwanira kapénakaning Dyan Sèstra⁵¹⁹

8. mila suprih langkung kéwran
gya galih bènèring Patih
ngrasèng ngèmulu sapraja
ingèmbat kang tyas kèpangguh
mung tur uning Sang Aji
sumongga karsa Sang Prabu
pèngangisé ing kathah
ingkang sami nuwun adil
atas tèpang lan Radyan Pringgadiningrat

f.158r 9. sarèng / katur Sri Nalèndra
(s)iku^a Raja kang tyas gigit
punika marganing kontap
Jèngsèstra linarod nuli
pangwasa nyèpèng sabin
karya Miji sabin satus⁵²⁰
sèkèt mawi gadhahan
taksih pinaryogi Aji
sawab déné kang paman Ratu Kèncana

^a BL MS. has 'wiku', which does not seem to fit the sense of the passage.

10. suprihnya Radyan Dipatya
inggih sampun lir Sang Aji
yèn ngantosa wadya kathah
nglosod pépé dhatèng Ngloji⁵²¹
pèrkawis ingkang sabin
drusilané pamanipun
lamun kènèng pukuman
sinuwun Minèstèr Ngloji
kadyaparan karya susahing Nalèndra

11. mila inggal tur uninga
sangking rumèksèng nègari
nging Sang Nata kékilapan
sab turnya wus rampung sami
cacah pandum wus wradin
mangkya karya tingal catur
kang nyèpèng gègantungan⁵²²
Kèrtawijaya satunggil
Jadikrama tri Radèn Puspakusuma

12. catur Dyan Sasrawijaya⁵²³
klilan angupayèng sabin
kang samya anglèmpit bawah
catur samya anglampahi
wus ingambilan sami
Jèngsèstra lèmpitanipun
pitung-atus angsalnya
karya kèjawi ing lyaning
drèng ngalèmpak sawèg ing mongsa punika

13. Nata undhang ing sapraja
sintèn kang anglèmpit sabin⁵²⁴
langkung cacahnya kang lènggah
pasthi kagungan Sang Aji
wadya catur kang ngambil
gya Nata ambagé gupuh
wadya kang dèrèng èsah
kang^b dèrèng atampi sabin
kasaliran catur kamot karsa Nata

14. samya bungah ing wèrdya
abdi-Dalè/m Jru lan Jawi
sumrèp ing pinanganira
rèsik ing praja sing Patih
samya sokur ing ati
linulusna ing Hyang Agung
samantuning Jèngsèstra
pangwasa anggadhah sabin

f.158v

^b Word unclear in BL MS. because the surface of the paper is slightly torn at this point. An alternative reading could be: 'angdèrèng'.

wong sapraja kathah bungah sokur ing
Hyang

15. kang sangêt bêngkaning manah
duk wau gèn padon sami
ing mangkya kathah sidhèkah
sanging lègané kang ati
sabdané karya kikis
sudaning tyas wong gung-agung
wong cilik nir kapita
tinumpang sênggrang ing ati
mangkya samya rakus ngasèmi ing nala

16. mongsa punika ing praja
kang pinikir siyang latri
sukèr rèsiking nêgara
nanging wus kang wrat Dyan Patih
Sang Nata tan udani
sumrèp ing sawusnya rampung
wong utang-kapiutang
Jawa Sabrang nuwun adil
ingkang kathah ing Ngloji nyrèg dhatèng
Jawa

17. sangking moté Dyan Dipatya
rumasèng dadya Pèpatih
inggal nulya tinigasan
bèner luput ing nêgara
lamun pèrkarèng Loji
yèn kèdhik sinampèt gupuh
yèn sampun kalèrèsan
kèlawan yudanègari^{524a}
datan arsa dèdangu gègampil Radyan

18. was mring na rēbat tyasira
pilih-pilih datan arsi
yèn tan bènèr ing nêgara
tan arsa budi gariming
mila kéringan sami
ing watak arjèng satuhu
kang karya titingalan
ing kathah inkang pèrkawis
Dyan Janingrat lan kang rama Pangran
Arya⁵²⁵

19. sinènggrang lèrès dyan kontap
Janingrat mangké angèli
f.159r rēhira Rahadyan Pa'tya
ing mongsa pasthi yèn nicil^c
kang wau bungkèng ati

^c BL MS. 'ningcil'.

duk Kya Dipati kang sèpuh
inguntap dhatèng ngandhap
wèkasan tyasira kikis
myang Dyan Pringga anyèga kuning tyasira

20. sangking anawang wataknya
Dyan Janingrat mēmedèni
ing solah mona myang wonda
duk nu(ng)il naté ginigit
pèrmila dados nisih
ing lèrèsan tan rahayu
tan kètang ing pangarsa
dadya gung angēmbat nagri
mila nisih éring tyas dèlasan Jèksa

21. wong dadya ēmbanan Nata
tan kènèng wigih sēsami
yèn wus lèrès patraping rat
tuwin kang dadya pèngamping
Bupati Gung Jru-Jawi
yèn tambuha tan wrin siku
pasthi jru tyas tan lana
karya bèngèsan prajadi
Gusti Allah pasthi angsung paukuman

22. cinuwan sakarsanira
punika tētondhanèki
ingkang dèrèng kèlampahan
sawèg linulu Hyang Widi
ingupadoskèn malih
ing budi kang tan rahayu
kang sampun kèlampahan
punika watèsing mukti
gung sapraja saé wilujèng ing karsa

23. nanging ta Radyan Dipatya
ing mongsa anyar puniki
dèrèng wotèn kanthènira
kang sami mor surasaning
ing tyas ngēmbat nêgari
kang ngadèg lèrès satuhu
tinumpang taksih siwah
wong gung sami naté miring
Jru myang Jaba tinèmbing rujit tyasira

24. rumaos sami gungira
duk wau naté numpangi
dlasan kang Jèksa tan kalap⁵²⁶
/ lèrèsan praja amiring
Pangulu mimba kèdhik
ing larasnya kirang sèngguh
adat caritèng kuna

f.159v

Patih yèn drèng darbé amping
kaplèséd ngakén nèng pasang ing sésama

25. sémantèn Sang Sri Naléndra
yasa langèn kèbon dadi
winastaning Ngandongsékar⁵²⁷
sami langèn wyar pribadi
pala gumantung wiji
tinanèman sarwa nyèwu
pinilihan kang éca
wowohan dlasan cikal wit
duk sémantèn drèng dados sring kawiyosan

26. gantya kang para sèntana
kang kinèndèlakèn Aji
pinèt larasnya kéwala
tan sinabdan tan pinanggih
èwéd Nata pènggalih
yèn ngontapna sawab sèpuh
samy pinèt pèngrasa
ing budi yudanégari
gya kang paman nuwun apuntèn mring Nata

27. lèpatira duk pinarak
kursi samya kirang krami
anjungg kèprabon Nata
duk mèthuk Yang Jéndral prapti
wus ngapuntèn prasami
ngandikan ing ditèn^d Séptu
sémantèn Sri Naréndra
krèp miyos nglurung ningali⁵²⁸
banon plisir wahana téji Sang Nata

28. putra santana Bupatya
sémara wadya prajurit
ingkang samya nambut karya
gumèrah syaranya sami
pèngagènging Bupati
amawi pèrdongga umung
Nata wusnya tumingal
kondurnya bebèksan nuli
lawung⁵²⁹ mugèng Paglaran kidul sèmuwa

f.160r 29. / gya marga mring Ngandongsékar
sinaèn kinèncèng sami
gumèrah kang nambut karya
sinarèng Krapyak langèning
kidul kèdhaton lami
langèning Hyang Syarga Prabu⁵³⁰
kang pinatrapan bangsal

kilèning panggung wuryan sri
ingkang wau wadhahnya langèn mènjang

30. wundéné ing Ngandongsékar
pèrnah lèr kèdhatyan tèbih
kang karènan mring Naréndra
umbul gung toya mawèning
lurung nrajang bumining
Sala nging tan suka laju
binicantèn ngaPatya⁵³¹
Sala Yugja srujuk sami
ingkang sampun linajèngkèn cèngkang
marga

31. ingkang dèrèng kèlampahan
tan suka kinarya malih
dadya namung sapratigan
drèng dumugi Ngandongsari
marga kèncèng myang radin
gèla tyasira Sang Prabu
lami tan kawiyosan
sinamur lingsèming galih
mring jru langèn ginèlak syarna pèthètan

32. sémantèn ing ditèn Soma
kang sowan Surimènganti
katimbalan mring Sang Nata
nuju kang paman anangkil^e
Pangran Arya wus prapti
nèng kursi ngarsèng Sang Prabu
Bupati Radyan Pringga-
diningrat kancanya katri
kang ginalih mung langèn ing
Ngandongsékar

33. kang paman nyambungi karsa
mring Dyan Pringga dlingnya aris
gèh lèrès karsa Naléndra
utami bènjang tèmbining
yasa tanèm nglangkungi
kèbon wyar kang pala nyèwu
pinilihan kang éca
nanging kaciwaning tèbih
sanging pura yèn cèngkrama Sri Naréndra

34. yèn sinarèn langkung samar
sawab tèbih sangking puri
kèjawi karsa Sang Nata
yèn tan arétan dumugi
sakarsanirèng Aji

^d BL MS. 'ditèntèn', one sy. too many in the line.

^e BL MS. seems to have 'angnangkil'.

f.160v

anggalih langèn mēmatu
Sang Nata gya ngandika
mring paman yèn ngong nindaki
pasthi nu/lak drèng prayoga sinarènan

35. kang paman dhèku sinabdan
ing jru tyas kang paman mamrih
sudah karsa Sang Nata
galih Langèn Ngandongsari
déné saklangkung tèbih
kirang punapa sèdarum
langèn-langèn kang kina
tilaré Rama Yang Syargi⁵³²
winanguna inggih saklangkung rēsminya

36. tuwin tan nēmoh myang sèkar
èr mina gung patutnya sri
lan kang wau Sri Naréndra
ngandika mring paman galih
wlas karyanya wong cili
duk rama kangèlan^a pènuh
arsa nyakècakèna
mung ngajèngkèn karya Laji
lan kèdhatyan langèn-langèn tan kaétang

37. mangké kathah karsa Nata
langèn mangun yasa déning
sambating wong langkung awrat⁵³³
dhasar tas bédhah nègari
sabin kasuda sami
gung alit tyasnya tan sèngkud
mung ubyung bèbèngèsan
sambat wrat karya sèmangkin
mila Paman Arya nyampah karsa Nata

CANTO LV (Dhandhangula)

1. sèkar dhandhangèndhis kang gumanti
duk sèmantèn pan badhénya Jéndral
Naléndra tata sègahé
ditèn Isnèn puniku
li(ng)sir kilèn gènira prapti
wulan Rėjèp kang tanggal
dyi-likur kang taun
Jimawal angkaning warsa
sèwu pitung-atus pan langkung (satunggil)^a
(22 Rėjèb A.J. 174[1]; Monday, 11 July
1814)^{533a}
Jindral Laut gèn prapta⁵³⁴

^f BL MS. seems to have 'kang ngèlan'.

^a BL MS. 'kèkalih', see n. 533a.

2. sosorannya sawlas tumut prapti
Nata mèthuk ing Dipakusuman
kinarya pèsanggrahané
wusnya lajèng ngèdhatun
ondrawina sègahnya mintir
langèn angabèn sima
lan maésa sampun
dhatèng pasisir kidulnya
wusnya prapta tan lami gya pamit mulih
dhatèng ing Batawiyah

3. datan lami nulya wotèn malih
tamu a/gèng Inggris wasta Amral⁵³⁵
ing ditèn Sèptu praptané
jam kalihwlas puniku
wulan Arwah tanggalirèki
ping sangalas taunnya (19 Ruwah A.J.
174 [1] ; Saturday, 7 August 1814)
nunggil ngarsa wau
binèthuk ing Sitibèntar^{535a}
gya ngèdhaton binoja saklangkung apik
Amral tètèdhanira

f.161r

4. karyanira arsa uninga Ji
myang nagrinya ing Ngayukjakarta
wus arja lawan dèrèngé
Amral inggilnya langkung
pasèmunnya ayèm kang galih⁵³⁶
nging cacad tanganira
ingkang tèngèn buntung
watès sikut sapèngandhap
awakira kathah kang tatu knèng mimis
duk prang mugèng ing sabrang⁵³⁷

5. Tuwan Minèstèr kang andhalangi
Chropèt matur dhatèng Sri Naréndra
ngèdakkèn Amral surané
pilih tandhing yèn pupuh
èr ing pulo sabrang ing pundi
ngiyèr tan jrih sanjata
linulut wadya gung
pasthi kang katrajang gèpang
upaminya Prabu Dasamuka déning
ajinya poncasuna⁵³⁸

6. yèn kabranan pèjah gèsang malih
anggèr tumèmpèl kisma waluya
gya santosa kasurané
ingkang pinarak gèmpur
mila ing rat sabrang pan éring
umiyat langkung hébat
mring Amral puniku

Nata manthuk gumuning tyas
mriksa turnya Tuwan Miněstēr suraning
ngluhurkēn Tuwan Amral

7. pamrihnya wong gung kang samya
myarsi
samya takut anon Tuwan Amral
tuwin mring Nata sēmūné
kinarya numpang luhur
angēnirkēn suraning sami
Jawi tan kēnèng numpang
solah myang pasēmūn
tuwin ambēk kasulitan
mring Upērmēn tinandhing mangkono tyas
nir
mandahané kang mulya

f.161v 8. sinēgah ngabēn-abēn mring / Aji
sima lan kērbo wusnya pamitan
uning pasisir kidulé
saantuknya puniku
sing sēgantēn Amral bilahi
dhawah sangking turongga
pan lajēng katandhu
samapat ing Ngojoi prapta
sotēn malih pamit mantuk mring Sang Aji
wusnya anulya budhal

9. tan ganti lami Niprul gya pamit⁵³⁹
sémahnya Městēr pan arsa pulang
mring Nagri Inggris karsané
Nata nyangoni gupuh
barang syarna pan wus lumaris
priya ngatērkēn sigra
Smawis nulya wangsul
Tuwan Městēr mring Ngayugja
lami-lami ngayati bēdhah ing Bali⁵⁴⁰
Tuwan Miněstēr mintar

10. Sukētari kang jagi nēgari
yēn wotēn karsanira Sang Nata
printah bicantēn saliré
wus lami nulya mantuk
Tuwan Městēr sangking ing Bali
wus tluk anukmēng surat
pēni-pēni katur
Twan Miněstēr langkung bungah
tur uninga mring Nata yēn mēnang jurit
datan amawi aprang

11. Nata rēna-suka animbangi
bungahira tan antarēng lama

Twan Městēr pamit mring Rajēng
sumusul ingkang Niprul
kabarira kērēm jēladri
tiwas palwanya pēcah⁵⁴¹
ngungun Sang Aprabu
wus klilan anulya mēsāt
ganti lami anulya Miněstēr salin
ingkang jagi Sang Nata

12. Tuwan Garēnham ingkang gumanti⁵⁴²
dadya Miněstēr Ngayugjakarta
kla(ng)kung ambēg santosané
langkung asih Sang Prabu
sabēn Sēptu miyos Sang Aji
Miněstēr aturira
rēmēn anon Sēptu
yēn grah sakēdhik Sang Nata
pinēksakkēn Sang Nata ing tyas nuruti
subēkēting sudaran

13. pēparingnya Sang Nata amintir
kang dhēdhara/n wowohan sriwarna
tuwin dhatē(ng) Tuwan Mayor
pēngagēngnya sēdarum
kang prajurit Inggris Sēpēhi
karya Mayor kang printah⁵⁴³
mugēng Laji Agung
Sang Nata asih kalintang
tuwu wagēd Nata mulēt tyas sumingi
mring kang jagēng Ngayugja

14. gya warnanēn Kajēng Sri Bupati
ing jru pura garwanya sēdaya
kang pancēr gēng tan na babot
laminya dados Ratu
langkung brongeta Sri Narapati
képyan limut tyasira
gya Nata amundhut
garwa lama kang wus luwar
ingkang wasta Ratu Wandhan duk ing nguni
sémah Pēdmakusuma⁵⁴⁴

15. nēng jru pura singid lampahnēki
karya wados irib bēbēdhangan
yēn gung sēmūwan tan katon
drēng tamtu karsa Prabu
karya Ratu tuwin pēngalit
nanging Sa(ng) Dyah^b lēnggana
yēn tan wangsul Ratu
déné Dyan Pēdmakusuma

^b BL MS. 'saDyah'.

f.162r

bilahènan ginédhong wisma Dyan Patih
lami datan winarna

16. gya garwa anèm ingkang kawarni
Rètna Adiningdyah⁵⁴⁵ ingkang putra
Paman Riya Panularé
kang cinawèngah Prabu
salaminya tan padyèng lir wit
pangébang duk waunya
pan kinarya Ratu
anggéntosi Ratu Wandhan duk ing kina
salampah-lampah kang wuri
silih Ratu Kènaka

17. duk Kadipatèn myang duk Rajadi
pamundhutnya kinarya bicara
mila duk nèng Laji Kilèn
marèngi taun baru^{545a}
dhahar éca sukaning galih
wuru Pangran Dipatya
tan liyan kang kaétung
mung atmajanira paman
karya brongta sinrahkèn Radèn Dipati
paman léganing manah

f.162v 18. suka lilaa kapundhut masthi
/ angluhurkèn marang ing sudarma
pasthi garwa Ratu rané
mila Dyan Dipatyèku
langkung asih mulèt ramèki
dèrapon sampun gagal
pamundhut sang sunu
sarèng sampun kèlampahan
abèring tyas kina(m)bang-ka(m)bang ginalih
ngantos bédhah ing praja

19. sudarmanya rumèksèng Rajadi
pamintanya Sang Sri Naranata
ngantos risak ing kèraton
sudarma taksih tumut
duk Sang Raja cinèpèng Inggris
binè(k)ta^c Laji Bésar
gih sudarma tumut
ngrèsa salampah Sang Raja
labuh ing tyas dadya tèkèng grah lan pati
wus narah karsaning Hyang

20. tuwin putranya Sang Rètina Dèwi
gih tan pisah lir Ratu Kèncana
sanès lawan garwa akèh

^c BL MS. 'binèpta'.

buyar sapurugipun
karsa Allah aparing uning
wong tèmèn-tinèmènan
kang tyas sampun gantung
gya sih Hyang ingangkat Nata
mulyaningrat Sang Nata tyas ngrujit miring
ngira chajat mring paman

21. wah mring putranya Sang Rètina Adi
gih tan mulya kinirèng ing karsa
ing liyan kang minuktèkaké
Sang Nata langkung limut
pan kalèban wiryaning Aji
kados watèn kang mawa
rubèdané Prabu
inggih sangking ing ngabasa
sèsétanan kang kèdah kadèl mring Aji
Hyang Sukma karya tingal

22. drapon kraosa Sang Nata galih
anglunturkèn sih mulyaning paman
tuwin dhatèng sang lir sinom
drajannya ingkang luhur
kang sumèrèp adiling ngèlmi
nging paman tan lénggana
dyah nut rèhing Prabu
sabar angantya ing karsa
yèn nuwuna limrah jalma kang pènggalih
Ratu tingal bédhara

23. dadya mèstani yèn ngantya angling
/ kèh kèdhiknya luhur yèn sèmbada
parèng ing sakarsa Rajèng
tuna dungkap ing atur
bilih karya bégalan dhiri
Nata anjangkah^d kèdhap
angadhang ing luput
larasing ngabèr ing lama
ing Hyang Purba kèdah anèlakèn dhiri
èngéta Nata pur(na)^e

f.163r

24. duk sèmantèn Sang Rètadimurti⁵⁴⁶
ginajar Hyang bobot wus tri wulan
sè(ng)saya ayu Sang Sinom
cahya sawang sutèngsu
Sri Naréndra saklangkung asih
ing asmara tan pègat
mring déwaning ayu

^d BL MS. 'angnjakah'.

^e The last aksara of this word is unclear in BL MS.
An alternative reading might be: 'purwa'.

nging ngluhurkèn dèrèng kontap
kèndèl asih myang sabda lèrèh ngayèmi
lir angantya atmaja

25. yèn na miyos Sang Nata nimbali
mring santana sèpuh tuwin mudha
karya' pangé(n)dika Rajèng
paman mèh apèputu
kang sinung ling umatur inggih
gya ngliring mring kang paman
wor èsèm lir juruh
kang paman dhèku akrama
langkung nuwun kapatèdhan priksa Aji
Nata rèsèp mring paman

26. wusnya lami du(ng)kap pitung sasi
kang wawratan badhé kalujèngan⁵⁴⁷
wulan pitulas gya wandé
sawab gérah Sang Prabu^{547a}
angkèb-angkèb ingkang rumiyin
lajèng agrah pèdharan
sangèt Sang Aprabu
angantosa dhanganira
sarèng dhangn sakèdhik Sri Narapati
anulya siniraman

27. kinarya sèdhèng pakaryanèki
ingkang wau pan arsa rinowa
mawi samu(w)an ringgité
cuwèng grah Sang Aprabu
Rètnawulan wusnya Sang Dèwi
siram Sang Nata nigas
palinya ing dhuwung
lawé gèdhog kèlowungan
f.163v pan gumètèr taksih / grah Sri Narapati
ngawé pèrdo(ng)ga munya

28. hurmat siram tandya Sri Bupati
ngusap èmbun garwa gya ngèdhatyan
m^g jinèm kraos gérahé
sèmantèn ingkang ibu
Ratu Agèng⁵⁴⁸ gih gérah sami
dadya mung garwa dyinya
karya kang tumanduk
Sang Ratu Kéncana Émas
wah para Dyah tuwin ri Ratu prasami
Anggèr Ratu Bèndara⁵⁴⁹

29. putri jawi nèm sèpuh prasami
pinilayan kang sèdhèng ing karya

/ BL MS. 'kinarya', one sy. too many in the line.

tuwin Dèn Ayu Patiyé⁵⁵⁰
lènggah ing lèmek sampun
abusana sumèkta déning
rinakit ing bu samya
kumrayon Dyah Ayu
wusnya lèngsèr sing lènggahnya
nu(ng)gil kang Mbok Kajèng Rahatu kèkalih
cahya nglèntrih anawang

30. dhasar ayu raharjèng ing galih
mangké ginanjar Hyang Sang Dyah wawrat
lir songka cahya mèloké
kathah Dyah ingkang wuyung
ing jru pura kapingin sami
garwa-garwa Sang Nata
Ratu myang Dèn Ayu
Radèn Mas-Émas pra lara
nglorod burat myang sèkar toya ingambil
suka arèrèbatan

31. tandya boja anulya umijil
wusnya dhahar pènuh cinarikan
kumroyok tuwuk cèthiné
lènggah lètrèk ingèdum
myang sèmbagi cindhé tètindhil
purna anulya bubar
marèk Sang Aprabu
Sang Nata pan maksih gérah
wusnya lami dhangn Sang Nata sakèdhik
miyos Sètu Sang Nata

32. ingaturan Minèstèr Sang Aji
pinèksakkèn nging sakundurira
Sang Nata pan gérah malèh
gya dhangn Sang Aprabu
Sènèn miyos mring Bangsal Rukmi
nimbali ingkang séwa
Srimènganti sampun
wus nèng ngar/sané Sang Nata
Paman Arya putra myang para Bupati
tumungkul ngarsèng Nata

f.164r

33. angandika lèrèh Jèng Sang Aji
apa akèh wong lara ing jaba
Dyan Pringga matur wotsinom
inggih kathah Sang Prabu
bèntèr asrèp⁵ pèdharan sami
Pangran Dipanègara
anulya sumambung
lèrès atur pèkènira

* BL MS. 'apsrèp'.

mila kathah Sang Nata gya ngandika ris
lah ngrika Paman Arya

34. gih punapa kathah ingkang sakit
ingkang paman gĕpah aturira
inggih kathah abdi Rajĕng
gya gujĕngan Sang Prabu
sarir(a)^h ngong paman sawanging
kĕra punapa lĕma
kang paman umatur
dawĕg pasliran Sang Nata
susud kĕdhik nging naya-Dalĕm nglĕlĕntri
nunun apuntĕn Nata

35. mila sakit paman kula niki
langkung kĕkĕs kalawan pĕdharan
nanging wus dhangan sĕmangkĕ
Paduka paman gĕmuk
baya ayĕm tyas mongsa mangkin
lan badhĕ gadhah wayah
gumujĕng Sang Prabu
kang paman nimbangi karsa
naya liring pyuh ing tyasira sĕkalih
rĕsĕp bukuh kang sĕwa

36. ngunjuk wĕdang rati wusnya wradin
gya luwaran Sang Nata ngĕdhatyan
kang sĕwa wus bubar kabĕh
malĕm Rĕbo Sang Prabu
tindak dhatĕng ing buluwarti
kados adating saban
amawi pra arum
sinlamur gĕrahing Nata
malĕm Kĕmis dungkap bangun grah Sang
Aji
nĕng Bangsal Srĕp⁵⁵¹ papĕrman

CANTO LVI (Asmaradana)

1. sĕmantĕn Jĕng Sri Bupati
sĕngsaya mĕtĕk gĕrahnya
tan kĕtarĕng mugĕng kabong
marĕngi sĕpi kang jaga
Jĕng Ratu Dyah alĕna
bangun injing bubar pungun
f.164v / mung kadyi Dyah jagĕng Nata

2. anggalih dhangan Sang Aji
dĕné tan watĕn sabdanya

^h BL MS. seems to have 'sarirĕng'.

ngĕsthi sakĕca gĕn sarĕ
sĕmantĕn wungu Sang Nata
arsa sĕnĕ pamitan
mundhut amping Sang Aprabu
sapraptanira Sang Nata

3. patirtan jarongĕn Aji
inggal Dyah jaga anyandhak
lajĕng bobotan Sang Katong
kraos sumaput ngandika
gĕgĕr tyas Dyah kang jaga
inggal tur uning Jĕng Ratu
Kĕncana gĕpah mardana

4. gĕgĕr apsari sapuri
tuwin Ibu Ratu Gĕngnya
lumajĕng pra Ratu kabĕh
Sang Nata mulya rinompa
dhatĕng ing dalĕm pura
sinarĕkkĕn Nata mujung
ibu garwa Dyah karuna

5. ting blĕbĕr dhukun nimbali
ngusadani Sri Narĕndra
sangĕt supĕ Jĕng Sang Rajĕng
tur uningĕng Tuwan Bĕsar
Mastĕr Garham lumarap
myang Mĕstrinya⁵⁵² datan kantun
ting blĕbĕr putra sĕntana

6. Bupati tuwin pra putri
gĕpah gĕgĕr sapulahnya
Twan Mĕstĕr pan sarĕng anon
gya nyĕpĕng asta Sang Nata
ingĕmĕk tan gulawat
gĕdhĕg-gĕdhĕg waspa mĕrtul
drĕs sarya mawas Apatya

7. gya pasrah dhumatĕng Mĕstri
usada pan wus tumama
Nata anulya ingĕlĕh
ing ĕmpĕr ngajĕng pintunya
karsa sudara^a padhang
tin(i)rang ing(kang) pandulu^b
sĕngsaya lĕsah Sang Nata

8. gumĕr-gumrah karunan jrit
ibu garwa Dyah myang putra
kakung Pangran Dipatinĕ

^a BL MS. 'saudara', one sy. too many in the line.

^b BL MS. 'inrang ing pandulu', two sy. missing in the line.

- putra anyungkĕmi pada
santana sĕpuh mudha
myang Patya drĕs ingkang ĕluh
usadĕng montra matumpa
- f.165r 9. Mĕstĕr tan sagĕd ningali
gya mĕdal a/papaprintah
undhang bongsa ing Lojinĕ
yĕn Nata grah pintĕn banggya
kinĕn angatya-atya
ing Loji sadhiya gupuh
ngrakit yĕn wotĕn bicara
10. Ratu Gĕng saklangkung kikin
mĕrĕs tyas nunuwun ing Hyang
waspa drĕs cĕluk mring Katong
pĕgat-pĕgat dhuh putrĕngwang
ĕngĕta dhuh Sang Nata
priyĕ pulahku Sang Prabu
kari tansah ngrudah nala
11. putramu Pangran Dipati
masih timur⁵⁵³ adhuh Sultan
jumĕnĕng pira lawasĕ
mĕngku ngrat Tanah Ngayugja
ganti rama kang murca
Gusti Allah kula nuwun
apuntĕn mulyaning putra
12. sarwi kinĕkĕp Sang Aji
sinungkĕman ingkang jaja
pra Ratu sangĕt muhunĕ
Ratu Kĕncana lir priya⁵⁵⁴
sangĕt budi karuna
rinakĕt-rakĕt Sang Prabu
tuwin mring Pangran Dipatya
13. sinungkĕmakĕn mring Aji
Pangran Dipati karuna
tuwin Sang Rĕtna kang bobot
sumu(ng)kĕm karuna nyipta
kadospundi Sang Nata
yĕn kalajĕnga tan ĕmut
murca kadospundi kula
14. ginajar sih putra Aji
tan sih wotĕn ing wawratan
angantosa Jĕng Sang Katong
wiyosĕ putra Paduka
dugĕkkĕn sih mring omba
drĕng minulyakkĕn Sang Prabu
paran ing tĕmbĕ kawula
15. sumaput drĕs wuryaningsih
Ratu Gĕng wlas angandika
wus mundura putraningong
sira wus abobot tuwa
pasraha ing Hyang Murba
rinompa Sang Dyah gya mundur
Tuan Bĕsar nulya prapta
16. ngadĕg nĕng luhuring Aji
angĕmĕk jaja Sang Nata
taksih sumung kĕmanĕ
Jĕng Ratu sampun karuna
pasraha Gusti Allah
sirĕp ingkang sa/mya muhun
jru tya(s)^f nuwun mulyaning Hyang
- f.165v 17. kinrukub Nata maringin
kang cahya tan sih mĕrbawa
sumungkĕm ibu kĕmanĕ
amĕtik dhikir ĕngĕta
kang mugĕng karna kiwa⁵⁵⁵
ingkang paman marasĕpuh
Jĕng Pangran Arya Panular
18. saklangkung bujanĕng Widi
minulya puji dhikirnya
anuntun budi krahayon
yĕn tan parĕng mulyaningrat
ngapuraa kang dosa
bau ngarasan ramĕku
tinĕnggak waspa ngusapan
19. tan pĕgat dhikir aririh
nyipta kadospundi Nata
drĕng dumugi sih maringong
akarya mulyaning raga
tuwin dhatĕng rayinta
wrat drĕng mulya murca Prabu
inggih ta sumongga Allah
20. kang ngong suwun Sri Bupati
karsa tumĕtĕsa putra
kang gumantya mring Sang Katong
andugĕkkĕn sih mring omba
punapa kang sĕsmita
Nata nglulusna rahayu
ganjara ĕngĕt Hyang Sukma
21. dhatĕng kang ka(n)tun prasami
yĕn lulus mĕngku arjĕngrat
- ^f BL MS. 'tyan'.

andugèkkèn lampahingong
sēsmita ingkang katingal
karsa Allah mring Sultan
sab drèng kuntung sih mring
ulun
Allah nuwun kalèrsna

22. Pangran dhikir wali-wali
anulya Pangéran Dēmang
prapta ngusadani Rajèng
anjujuk miyak pusèrnya
dinamu dinilatan
minantran nging putra sèpuh
Pangéran Dipanègara⁵⁵⁶

23. tan suka rinasuk nuli
singèb gya Pangéran Dēmang
mèksa montra saangsalé
lingsèm tyas gya ngusap-usap
jaja salirèng Nata
wusnya Pangéran gya mundur
f.166r wor Pangran Bèhi lèr/ira

24. pèpak pra santana sami
Sang Nata sukma gya murca⁵⁵⁷
tan ngantos mèmèling Rajèng
gumèrah syarèng karuna
Ratu sambat mlas-arsa
Tuwan Minèstèr gya mangsuk
gèpah angusap pèrmana

25. gèdhèg-gèdhèg waspa mijil
tinènggak pan ingusapan
gya nyabda mring para sinom
kinon kèndèl kang karuna
wus pasraha Hyang Sukma
Jèng Ratu Gèng nulya mèngkul
baunya Mèstèr kang kanan

26. karuna sambat mlas-asih
priyé Mèstèr pulahingwang
mongsa bodhowa sirané
ngong pasrah wayah ngong Pangran
Dipati maksih jabang
Mèstèr wlas sambat Jèng Ratu
nyabda sampun susah ing tyas

27. gya Ratu Kèncana ganti
anggubèl sangèt karuna
Twan Minèstèr pèrbèh-pèrbèh
gya nyèpèng Pangran Dipatya
ingajak tètabéyan

èmpun susah Kajèng Ratu
pasthi putranta ngong angkat

28. sumilih ramanta Aji
sampun susah-susah samya
sudah arèbata layon
nulya Nata layon ngangkat
mugèng ka(n)thil binayang
apsari kang wus putrèku
sinèpuhan Pangran Arya

29. myang Pangran Bubakar wuri
putra catur lon lampahnya
binè(k)ta^d dhatèng Pènèpèn⁵⁵⁸
santana kang kathah-kathah
samya nèng pèlataran
wondètèn sajru kèdhatun
kang nga(m)bili kunci samya

30. gèdhong-gèdhong pèthi-pèthi
bainèt myang kang gumèlar
Jèngsèstra kang karya èbèk
karyané Ratu Kèncana
dhasar paman piyambak
solahnya gupuh sumrikut
kras ulatnya bagèng writnya

31. botèn sèngsaya mèdosi
lir amba/nyol sasolahnya
kukur-kukur blèdhèh-blèdhèh
solahnya pan kaduk jawal
naté karya lucunan
dhasar tyasnya rèsik idu
tan watèn wong rinèmènan

32. karyanya nyakitkèn galih
dora lèlès nyudakrama
tyas ngayèm-ayèm tan tulèn
mila gung wong sanègara
tan watèn kang rēmèna
mulas mung jrih Kajèng Ratu
lan kang kaki Sri Narèndra

33. smantèn Pangran Mangkubumi
tutum andhokohi pura
ngasta sorog wangkingané
gya printahnya Tuwan Bèsar
sinrahkèn Dyan Apatya
saisining ing kèdhatun
cacah kagungané Nata

^d BL MS. 'binèpta'.

f.166v

34. sarog cinépèng Dyan Patih
gèdhong yatra ingécapan
karinya gènnya kang gèmbok
dhatèng Twan Minèstèr pyambak^c
gantya layon siniram⁵⁵⁹
wus sinucèn gya linurub
kang paman ingkang mèrbawa

35. salir pakaryan layoning
tuwin Pangéran Bubakar
Pangulu pépak kancané⁵⁶⁰
sumahab nyalatkèn Nata
wus ngalayan mring bangsal
tinampèn santana agung
Bupati Mantri sumahab

36. pinratosa wusnya nuli
gya ingangkatkèn layonnya
dhatèng ing Magiri⁵⁶¹ alon
gumuruh syaraning jalma
wor dhikiring ulama
sawur samargi kumrubut
sèngsaya gumèr syaranya

37. layon wus tèbah kang ngiri(ng)
wangsul kang para séntana
amung pininta kémawon
tuwin kang para Dipatya
Kajèng Pangran Dipatya
mung ngiringkèn pintu kidul
wah paman raka myang éyang

38. Pangéran Amangkubumi
Pangéran Arya Panular
f.167r Pangran Dipanègara/né
kang rayi tri myang Apatya
Radyan Pringgadiningrat
Sradiningrat⁵⁶² jrun kèdhaton
waspa taksih drès ngusapan

CANTO LVII (Mijil)

1. pan ingétang duk séda Sang Aji
ing pukul nèm mangko
ditèn Kémis Paing pèkènané
wulan Dulkangidah ingkang sasi
dyi-dasa tauning
Jimawal kaétung

^c BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

2. angkaning warsa sèwu lumaris
pitung-atus mangko
kawan-dasa (tunggil)^{a563} sèngkalané (20
Dulkangidah A.J. 174[1]; Thursday, 3
Nov. 1814)
gunani(ng) wong trus mandhitèng luwih⁵⁶⁴
gya Pangran Dipati
ingangkat kèprabun

3. sami sadintèn sontèn mri(ng)^b Ngloji
gèn ngangkat kèraton⁵⁶⁵
pan gumantya kang^c rama saliré
nging taksih timur Kajèng Sang Aji
yusya sawlas warsi
drèng supit Sang Prabu⁵⁶⁶

4. wusnya ngèdhaton hurmat gung muni
pèrdongga kèprabon
tambur rupul drèl turut margané
binarung mriyèm sangking ing Ngloji⁵⁶⁷
munya wanti-wanti
lir ta glap syarèku

5. sawusnya tè(n)trèm tyas wadu Aji
myang jruning kèdhaton
ulah-ulah sidhèkakah ing Rajèng
nigang ditèn pèpakang kang nangkil⁵⁶⁸
Jru-Jawi mènui
pra santana agung

6. wusnya miyo(s)^d tingalaning Aji
kinipang wus pènoh
kadya sarah buja sing kathahé⁵⁶⁹
gantyan cangkir mas kang agung sami
isi lisah wangi
slaka burat arum

7. wusnya gya mitung ditènèng Aji
anulya Sang Katong
ingaturan miyos ing Lojiné
wotèn sérat sing Yang Jindral adi⁵⁷⁰
anulya Sang Aji
angrasuk kèprabun⁵⁷¹

8. raja-kaputran mas rètana adi
/ lir Bimanyu Katong⁵⁷²

f.167v

^a BL MS. and LOr 'kawan-dasa tiga', see n. 563.

^b BL MS. 'mri'.

^c BL MS. 'karang', one sy. too many in the line.

^d BL MS. 'miyoi'.

nulya miyos gung wadya aramé
santana sèpuh mudha angiring
sarawuhnya Ngloji
sinung srat Sang Prabu

9. mring sudara yang ingkang angasih
srat jurung kèprabon
lan kang éyang printah awrat sraté
akarya wakil pangwasèng Aji⁵⁷³
sawusira tampi
gya kundur Sang Prabu

10. Tuwan Minèstèr nganthi Sang Aji
tuwin Tuwan Mayor
nitih kréta rinèku Sang Rajèng
Nata téngah pupu tinumpangi
rinakèt pyuh tyasing
wlas dé taksih timur

11. prapta Siti(ng)gil lènggah Sang Aji
supènuh wadya grong
Tuwan Mastèr Mayor kéring Rajèng
Pangran Pakualam soring Aji
tuwin kapalèng Gris
Kapitan Cinèku⁵⁷⁴

12. pra santana samya mugèng kursi
nganan-ngéring Katong
tandya Nata maringkèn suraté
ing Apatya binuka tumuli
gya winaosa glis
wadya non sèdarum

13. tèmbung arsa yang ngluluskèn
Aji
gantya Rama Katong
kang sumurud sabarang kaliré
kang Yang Jéndral sampun angèstrèni
lan yang karya wakil
pangwasèng Sang Prabu

14. déné taksih timur Sri Bupati
mila yang karya grong
Dyan Dipati pangarsa wakilé
pangwasèng saliring pèrkawis
Dyan Pringga kadyining
Diningrat katélu

15. Dyan Mèrtanègara caturnèki
Ranadiningrat grong⁵⁷⁵
sarwi kapundhut tondha astané
amawi cap rèntèng catur dadi

wus katur Sang Aji
sinung Mastèr sampun

16. wus mufakat sèdaya kang nangkil
gya Minèstèr saos
/ tètabyènan Mayor Gris gung kabèh
Pangran Pakualam saputrèki
santana gung alit
saos salam Prabu

f.168r

17. wusnya tabé lan Minèstèr aglis
gya para Bupatos
ngujung Nata tabé mring Mèstèrè
duk sèmantèn Pangran Arya gipih
Minèstèr bibisik
duk tabé gèn muwus

18. kados sampun sumrèp ing nalaring
dènpintèr dika lon
ngèmong wayah dika nèng jro mangké
bilih wotèn dédéné karsèki
dèndrès tur matitih
Pangran tèmbung saguh

19. wus luwaran Kajèng Sri Bupati
kundur angèdhaton
Tuwan Mèstèr pulang mring Lojiné
ingkang nangkil gung lit bubar sami
du(ng)kap Bèsar sasi
miyos Garbèg Prabu⁵⁷⁶

20. datan éwah wus tataning lami
timur sisinaon
amèngku Ngrat Ngayugja saliré
wulan Su(n)tèn watèn surat prapti⁵⁷⁷
sing Yang Jéndral adi
mugèng Sitoluhur

21. ngangkat Pangran Pakualam silih
èmbananing Katong
panguwasa saliring prajané
liringané Pangéran Dipati
nging sanès patraping
malih bongsa luhur

22. dlasan yatra wèdaling nègari
tan wotèn kèdhaton
mugèng Pakualaman sèkliré
pan dinu(g)i^e yèn wotèn karsa Ji

^e BL MS. 'dinuki'.

dlasan béya nagri
blanjaning wadya gung

- f.168v 23. sawab déné Nata taksih kécil
sasaudara grong
kang kinarya wakil satauné
panguwasa ginanjar nyèwu gris
mung Radyan Dipati
/ kalih-bèlah èwu⁵⁷⁸
- f.169r 24. lapaking mantun pangwasa wakil
ling Nata képrabon
inggih sangking karsané Upèrmèn
/ duk sémantèn Nayaka nègari
prasamya (a)nangkil/
ginuyubkèn sampun

CANTO LVIII (Dhangdhanggula)

1. lir paksi kèrndha yèn Sènèn Kémis
pan kinarya catur pangkatira
tinèpangkèn mrih sumèlèh
karsannya bongsa luhur
sanègari wus samya milir
amung Pangéran Arya
tan mèrdanèng ayun
sawab èwèd kang pèrnata
tuwin botèn watèn kang parintah malih
ing wau liyan Nata
2. sowan silib nèng dalèming bibi
jèr pranyata Jèng Pangéran Arya
duk timur pinèt ibuné
Pangran Pakualam wus⁵⁷⁹
sinèdhèrèk anunggil puri
karsaning Rama Syarga
nanging sarèng sèpuh
sanès watak èsmu tèbah
ingkang rayi linuhuran pan tinindhèh
sinami ing akathah
3. kina lisan ing sabda tan titis
myang pèngangkah ngèsèman sasolah
ing munasika saliré
nging sampun watakipun
kawèwahan sira duk uni
rinta tèpang Apatya
kang séda kèdhatun⁵⁸⁰
wah rangkèp putra kagarwa

^f BL MS. 'nangkil', the line misses one sy.

nging Jèng Sultan wèwah duk bèdhah nègari
rinta Pangran tan risak

4. angètutkèn kang putra Sang Aji
rinta sémunya rumèksèng baya
sèngsaya raka tan sumèh
satè(n)trèming kèdhatun
rinta karya Mijining Aji⁵⁸¹
tan wotèn kang parintah
liyané Sang Prabu
sèngsaya ciniptèng raka
pan kagagas ing wau doraning kapti
duk taksih timurinya
5. ga/dhah pawèstri putuning ngamping f.169v
pinundhut raka lininton sagah
kinarya bèdhaya mangko
punika badhènipun
kinèrsakkèn sèliring rayi
angantos sapunika
wus puputra jalu
kang nama Pangran Suryèngprang⁵⁸²
wah sagahnya paring kuda paring kèris
pangandika duk jabang
6. sawab nu(ng)gil bibi angimpuni
dlasan mangké tan wotèn jèbulnya
yèn tinagih ri pasèmon
api tan nyiptèng kalbu
ngling liyanya tinanduk manis
kang rayi wus ngèsthi tyas
sumongga yèn lulus
asal sih wilujèng ing tyas
nging arinta rèsik sumongga ing kapti
mung nyipta jrih Hyang Purba
7. pèrmilanya duk gérah kang bibi
Dèn Ayu Srènggara⁵⁸³ sung sèsmita
kadya wus atas Hyang Manon
solah sabdèng pandulu
sangking sangèt gérah ngranuhi
tan liyan ingkang kacipta
sinabat ing dulu
amung putra pèpèndhètan
Pangran Arya tan kènèng pisaha
tèbih
anulya tinimbalan
8. yèn mardana gya rinangkul
aglis
cinèpèngan asta sèdangunya
mantun-mantun lamun saré

putra wayah sĕd(a)rum^a
datan kanggé lamun ngladosi
inguring-uring samya
hawanira agung
tan pilih putra sĕdaya
kĕjawinya mung putranira kĕkasih
Jĕng Pangran Pakualam

f.170r
9. kiniringan duka tan kawijil
anglĕgakĕn tyas aturing putra
/ yĕn ing sapĕngajĕng mangko
ingusadanan agung
tiyang Jawi tanapi Inggris
tan wotĕn kang mulyakna
Twan Mastĕr agupuh
ngantos ti(n)jo priksa pyambak^b
nging ngusada yĕn sangking Mĕstri⁵⁸⁴
tan arsi
Dĕn Ayu yĕn dhahara

10. pinĕksa ing putra nyĕmadosi
yĕn tinĕnggan ingkang ibu nĕndra
gya kundur Jĕng Pangran mangko
sinaosĕn kang kantun
putra ĕstri Dĕn Ayu katri
kang sĕpuh namanira
Dĕn Ayu puniku
Danukusuma kang tĕngah
Radĕn Ayu Rongga rinya kang wuragil
Dĕn Ayu Natayuda⁵⁸⁵

11. punika kang dados sihing bibi
putra mantu Dĕn Ayu Dipatya
Pakualam sring aturĕ^{585a}
usada kinĕn ngunjuk
tuwin dhahar turing putrĕstri
rinĕnggih datan arsa
pinĕksa sru bĕndu
tan sita nyabda atmaja
pĕrmilanya kang ngadhĕp was sami ajrih
kang putra sami waspa

12. ibu muring-muring grah ngranuhi
putra cĕlak lĕpat adhĕpira
dinukan tinundhung mangko
mila susah sĕdarum
kang pra putra mĕsguling galih
rinaos datan ĕca

^a BL MS. 'sĕdrum', one sy. missing in the line.
^b BL MS. 'ngantos tijo priksa piyambak', one sy.
too many in the line.

upados pĕkantuk
putra catur samya rĕmbag
pinasrahĕn mring kang rayi sawab dĕning
Pangran Arya Panular

13. sĕmonira pan dados karsaning
ibu yĕn wotĕn adhimas lejar
wus rĕmbag nulya rikaton
gupuh kang para bakyu
ririnangkul ngandika aris
adhimas ing/sun pasrah
gĕrahĕ Jĕng Ibu
ingkang amawa dĕduka
watiringsun dudu suwading yayi
mongsa bodhowa dhimas

14. wus linakyan sirĕp hawa bibi
karsa dhahar myang usada karsa
Pangran kang andhaharakĕ
sabĕn-sabĕn puniku
Pangran tĕngga ing siyang latri
sarĕng kang raka priksa
sajruning tyas ngungun
yĕn tindak panggih rĕnira
datan kilan mingsĕda sing ngarsa bibi
pinĕt tyas ri mring raka

15. yĕn kapidikan saklangkung manis
sĕmu asih lĕjaring kang karsa
rinya pyuh tyas langkung jrihĕ
gya wotĕn jampi anung
sangking Mĕstri angĕlangkungi
gĕrah-gĕrah punapa
mulya usadĕku
awarni toya nĕng gĕbyas⁵⁸⁶
ingkang ibu tan karsa ngarih tan kongkih
gya pinasrahĕn rinya

16. Pangran Arya matur ngarih-arih
gya kang ibu ngunjuk saangsalnya
kirang pinĕksan nut rĕhĕ
dhahar gantya gih manut
nulya wotĕn usada malih
langkung pĕrmatĕnira
warnĕnira dadu
lĕmbat lir glĕpang nĕng kartas⁵⁸⁷
ingunjukkĕn winor wĕdang nĕng suruning
kang ibu datan karsa

17. pinĕksa ing arih sayan runtik
muring-muring saklangkung kangiyon
Pangran wlas ing bu gya lĕngsĕr

f.170v

andhawahkĕn kang kantun
 ingkang ěbok tuwin kang rayi
 sintĕn angunjukĕna
 katrima sĕklangkung
 sinaoskĕn gih tan kontap
 gya nimbali kang rayi inggal wus prapti
 Pangran Arya Panular

f.171r 18. / pinasrahan jampi katur bibi
 sinaoskĕn ingarih ibunya
 jampi sangking Allah mangko⁵⁸⁸
 saosan ngong Jĕng Ibu
 gya ingunjuk kantun sĕpalih
 kang raka sarĕng mriksa
 lĕga ing tyasipun
 angandika arsa tindak
 sowan bibi lan arsa panggih kang rayi
 dangu datan pinarak

19. gya utusan pan aparing uning
 raka sarĕ dhawahkĕn timbalan
 jampi kantun sĕpaliyĕ
 kinĕn nyaoskĕn gupuh
 sarwi duka mring kang bok sami
 mring ri kang tĕngga samya
 ginalih tyas ěyung
 atĕngga tanpa karyaa
 wotĕn jampi tan juwĕt ngusadĕng bibi
 mung mikir mĕsgulira

20. lumrah wong tuwa grah lir bĕbayi
 kudu pintĕr wulĕd kang atĕngga
 pinutungan tanpa gawĕ
 rinya Dĕn Ayu gupuh
 Natayuda nyaoskĕn jampi
 kumĕmbĕng waspanira
 jrih raka dukĕku
 kang ibu pan datan karsa
 ngarih-arih ngantos waspanira mijil
 kang ibu datan karsa

21. nulya matur punika kang jampi
 sangking adhimas Riya Pĕnular
 sumongga ngunjuk ibungong
 tunggilipun kang wau
 pan adhimas sawĕg abukti
 gya kunjuk kang usada
 lĕg(a)^c tyas Dĕn Ayu
 sampun nama wirĕnira

^c BL MS. 'lĕg', one sy. missing in the line.

kados botĕn usada ngantosa ĕnting
 punika sĕmonira

22. Gusti Allah pan aparing uning
 karsa(a) ingkang / (sampun) (an)dadya^d
 barang kapinrih ĕngĕtĕ
 Pangran Pakualam wus
 abirawa luhur sĕmangkin
 mring rayi anglulusna
 sih tanpa kirĕku
 lar(a)sing^e ibu sĕmunya
 tinĕpangkĕn ing karsa Syarga nalaring
 tinunggilkĕn duk jabang

f.171v

23. ngantos sĕda inggih kang gĕpahi
 samafadnya andhikirkĕn Pangran
 pinasrahan mring rakanĕ
 dhasar ciptaning kalbu
 arsa malĕs dulang ing bibi
 duk grah nga(n)tos ngarsanya
 barang kang pĕk(an)tuk^f
 dhokoh ila yon mĕrbawa
 sawab dĕnĕng angsal karsanĕ rakĕki
 myang saos prantosira

24. datan watĕn kang kadya kang rayi
 jrih sih trĕsna patraping ngabasa
 yĕn wotĕn raka ngarsanĕ
 myang sing wuri anju(n)jung
 ngatingalkĕn sabarang karsi
 sabda ingkang kawĕdhar
 sih ngrayi dinulu
 mila putranta dyi Pangran
 sinĕbakkĕn mring raka sumanggĕng karsi
 ngingng sinaoskĕn Nata

25. sab kang rayi datan gadhah margi
 ingkang raka wus dados ĕmbanan
 ing natapraja karyanĕ
 atas Upĕrnĕmĕn wus
 rayi ngĕsthi sih raka yĕkti
 yĕn dadosa panutan
 sĕdhĕrĕk sĕdarum
 ngandĕla jrih ing sakarsa
 mring kang raka Pangran Pakualam dĕning
 wus subĕkĕt lan Nata

26. sĕmonira pra atmaja kalih
 arsa ingambil raka piyambak

^d BL MS. 'karsa ingkang dadya', four sy. missing in the line.

^e BL MS. 'lar sing', one sy. missing in the line.

^f BL MS. 'pĕktuk', one sy. missing in the line.

f.172r

lami tan sinaosaké
sarta nukmèng pasèmun
myang tinantun ingkang nglampahi
/ ginuyan kèkasihnnya
rama mirèng wuwus
sinukma(ng)gakkèn ing karsa
angsala sih mring rayi tèrusing galih
sab pra atmaja kathah

27. pi(n)tèn-pintèn watèn was mēngkoni
ciptaning tyas pan datan kaliya
sēnadyan kanggu liyané
inggi darbéya kayun
pan sumongga ing asta kalih
angsai sih amrayogya
ing patrap lir sunu
lami inggaling wékasan
mongsa baya liya katur Sri Bupati
ciptanira Jēng Pangran

28. punika wus antawisnya lami
datan montra ngētawiskèn sih(n)ya
mring rayi tēbih kilaté
dlasan atmajanipun
Pangran kalih tan wrin ing krami
ngluhurkèn tēmbung nistha
ing ngarsa myang pu(ng)kur
angsai pēngajaning rama
myang ing liyan pundi kang cinlakkèn sami
gupita soring sabda

29. rinta jumēnēng ciptaning galih
tan kuwawa tyas ingkang waluya
tina(n)dhing budi tan tulèn
kang putra gya ingundur
sarta tur srat asaas uning
rinta tan arsa séba
pasa^f ing pasèmun
ngèsthi sawēg karsa Allah
déné parēng subēkētīng raka rayi
sok sampun wit tan arja

30. kawēwahan bicaraning rayi
linorod patrap myang lampahira
ingēwahan lan adaté
sangking panuwunipun
rinta kalih ingkang karya wit
Pangran Mangkukusuma
Ngran Dikusumèku⁵⁸⁹

^f An alternative reading here could be 'pasang'.

angsai dhadhan witing karsa
rinya ngēbang dyi / purun mring raka siji f.172v
langkung sukaning nala

31. sampun watak ing tyas sok anandhing
lamun gadhah kēliliping tingal
pangēbang langkung mirahé
tan arsa sapēngayun
rēmēn manggi kuuw lir bayi
guywa bibisik nabda
tumurun kang sunu
umbaging pocapan kina
kang kinasih ri kalih tyasnya sawukir
Pangran Arya sumongga

32. gung sapraja ing mongsa puniki
pēryayi gung tan watèn rēmēna
mring Pangran Arya kēh lèlès
sasēdāning Sang Prabu
samya kraos mērang ing galih
duk bēdhah ing nēgara
wong gung ting bilulung
tan ngurēbi natapraja
kathah wirang sasolahnya tan mēryayi
tan kadi Pangran Arya

33. duk waunya tan angsai kēkalih
wong gung kathah nir tyas sih sēdaya
amēndhēt-mēndhēt galihé
dēning cēlak lan Prabu
kadi jangēt pinērtiganing
mangké datan pakarya
Pangran wus kapungkur
Nata timur kang pangwasa
pan cinēpēng ing raka kang tan parēng sih⁵⁹⁰
klulun wong kēh kawēngrat

CANTO LIX (Mēgatruh)

1. sēkar dha(n)dhanggēndhis wus ngarsa
mēgatruh
ingkar jalma sanēgari
wus rumaos tētēpipun
tē(n)trēmīng praja diluwih⁵⁹¹
Nata timur angēdhaton

2. salir barang natapraja tan mriksèku
wus déning éyangirèki
Jēng Ngran Pakualam mēngku
atēpang kēlawan Patih⁵⁹²
nging kalané timur Katong

- f.173r
3. atas karsa sudara kang bongsa luhur
